

AWI WULUNG GUNUNGLARANG

KUMPULAN CARITA PONDOK

ANO KARSANA

16. KOLÉCÉR

MATUH angin ngahiuk ti wétan-kidul mun isuk-isuk mah. Sakapeung ukur hiliwirna. Nangka, minanangka tangkal nu pangluhurna di pakarangan, sok pangheulana oyag. Héng néma kana tangkal balingbing, jeung daun roay nu ngabakutet tangkal buah jeung jambu batu. Pabeubeurang angin téh eureun, masing dihéotan ditantang ku barudak nu ngapungkeun langlayangan tara ieu datang. Tatangkalan, dangdaunan, dapuran awi taya nu robah. Carékna jegjreg téh jegjreg baé. Tabuh dua belas atawa setengan satu kakara, kawasna, pangparatan awang-awang téh disingkabkeun. Angin ngahiuk deui, ngan datangna ti belah kuon ayeuna mah. Di sawah tukangeun imah aya nini dodongkoan keur nyabutan jukut. Keur domba, jigana. Ngala jukut teu maké arit. Cukup dicabutan waé. Teu ngagunakeun arit da euweuh ariteunana. Jukutna keré. Malah, geus loba nu garing. Atuh da, halodo lila. Ongko, ongko jambret. Ongko, ongko jambret. Terus, dikiplik-kiplik taneuh nu narapel na akarna. Sok-sok diteundeun kana carangka. Ngaprak ka tengah sawah. Sawah karék dirambét mindo, terengteng ka halodoan. Bareulah. Sawah tadah hujan, ngandelkeun saaya-aya ti langit baé. Mun ngijih, ngémbér-ngémbér.

Alak-ilik, dodongkoan mapay-mapay pager turut-turut sisi kebon. Néangna awi. Asana, kungsi neundeun cocongoan jeung puhu awi sésa nyieun balandongan. Néangan awi dua buku nu saruan panjangna. Manggih. Kabeneran lantah, héng bukuanana panjang. Cukup jigana. Gék diuk nyanghareupan popongkol paranti talenan kudak-kadék. Awi téh diraradan buku-bukuna. Dicekel lebah puhuna, sanggeus merenah nyinekelna trok ditarok buku nu luhur. Héng dibalikkeun. Trok ditarok deui. Beubeulahana dicekel, dibébékeun. Jadi, dua beulahan. Nu sabeulah disirih deui sapatrapatna. Geus kitu mah kakara hinisna disirihan dipiceun. Sina rada ipis. Nu rék diala bagian haténa wungkul ngaraut téh mimiti ti lebah buku nu tengah maju ka tungtung. Beuki nungtung beuki ipis kandelan.

Nini-nini anteng kénéh nyabutan jukut jang domba. Sanggeus dodongkoan lila, héng ngarandeg terus cengkak ngalempengkeu cangkéng. Cangeul kawasna, lila teuing dodongkoan. Sirahna ditiung ku samping kebat diparékoskeun nyocontong.

Ceg kana tatah leutik. Nyieun liang pasagi lebah buku nu tengah téa. Ati-ati pisan. Sieu beulah. Geus kacontoan nyieun liang di lebah dinya téh sok mindeng gagal. Mun tatah atawa péso raut tigel, sok nyolédat ka gigir. Hartina pagawéan téh gagal.

Duh, bageur, sanés seja nyamikeun salira sareng kolécér anu nuju dipidamel téa. Da, kumaha ari katineung mah teu weléh nganteng. Ku kituna, mun ujug-ujug émut ka salira apan teu terang dimana-manana sareng gawé naon anu nuju dilaksanakeun. Carékkna émut, ah émut wé kasalira, atanapi ngakukeun sim kuring anu salira; danget ieu téh nuju diuk pipir saung hareupeun hawu paragi dududukan. Ngaraut kolécér. Tiasa janten, kagungan émutan sanés kana kalakuan sim kuring, muhun anu sok ngaengkangkeun ka salira téa; kanggo naon nyieun kolécér. Ar, ari saleresna mah dina sabudereun konséntrasi, museurkeun implengan ka salira ogé. Mun téa mah gunem catur batin sareng salira bari jeung teu aya kagiatan. Kuriak waé dianggap jalmi baluweng émutan. Geura ari bari disanding ku rarautan apan teu katinggal, yén nuju émut ka salira. Tadi ogé tos

disanggemkeun teu pisan-pisan seja nyamikeu sareng kolécér. Ieu mah, hiji kagiatan anu aya patalina sareng antengan tatali asih. Tuh apanan brasna mah nya ka salira deui, ka salira deui. Ku nyandingkeun hiji kagiatan bari émut ka salira, ih seueur pisan mangpaatna, niléy atawa harga tambahna lipet-lipet. Geura ieuu diantawisna baé, padamelan énggal réngsé; hasilna jadi langkung saé. Ari margina apan dibarung ku kaasih salira. Pangdunga batin salira, rupina. Nu sanésna, midamel dua kagiatan dina waktos anu sami, bari jeung teu katingali ku batur.

Asa geus cangkeul, lila asana teu cengkat-cengkat. Héng nangtung. Balieur ka kénca, kerekek cangkéng nu kénca, balieur ka katuhu, kerekek cangkéng nu katuhu. Leungun gantian ditonjokkeun ka luhur.

Nini-nini nu ngarit geus jauh mapay-mapay galengan ka tebéh kalér. Gawéna dodongkoan jumbrat-jambret, terus cengkat bari nunda jukut kana carangka nu eusina geus ngunung-ngunung. Nini-nini di lembur, teu jiga nini-nini dikota; sok kapanggih maraké baju olahraga subuh-subuh. Gerak jalan gerak badan. Kitu deui nu rada ngora, lolobana nu awakna bukekeng ngahajakeun senam langsing hayang ceking. Heuheuy, deuh. Ari dilembur dipadésaan, mun kabeneran aya waktu sautak-saeitik tina rénghapna gawé maneuh sapopoé, nya sok dieusian ku gawé deui. Saincak-saincak téh éstuning taya pisan waktu kapiceun. Upamana, mun rék niat néang cai ka sawah bari sakalian nanggung gemuk. Atuh, balikna carangka téh dieusian ku suluh saaya-aya ditalun kalapa atawa sarah ti sarakan. Kitu deui awéwéna.

Gap kana ruasan awi sagedé curuk hileudeun. Héng, diukur panjangna dua buku curuk. Terus diukur sarua panjangna. Ditengah diraut pasagi opat. Ukuranana sarua jeung gedéna liang nu geus aya dina beubeulahan jangeun kolécérna. Ieu barungbung téh biasa dijieun tina ruasan anu lantah tur garing. Supaya kuat, jeung engkéna alus nyekit ngageritna mun pagésrék jeung kai panyolokna. Barungbung téh bus diabuskeun kana liang nu aya dina beubeulahan kolécérna. Rada sereg. Terus, diraut deui saeutik. Mun ngarautna kandel, engkéna bisa logor teuing na liangna.

Ku sim kuring, muhun nu sok ngabasakeun ngaengkangkeun ka salira; tos kajudi tos karasa sikep ati-atina salira. Ku nginten-nginten dina serat, dina basa nu dianggo ku salira. Upamina baé, éta wé soal alamat bimi, apan dugi ka ayuna da teu masihan waé. Nu dipasihkeun téh mung alamat tempat didamel. Kawasna, cék pangira-ngira, mun sim kuring nu sok maksa ngaengkangkeun ka salira, aya maksud leres-leres tinangtu kana bakal dipilarian disusulna. Éta mah, mun wangwangan sim kuring. Duka leres henteuna mah. Apan, nu terang maksud saleresna, mung aya di salira kuanjeun. Kitu deui, sikep nahan diri aya ngancik na diri salira. Mun na serat, mun sim kuring, nu sok ngaengkangkeun ka salira téa; siga maksa hoyong terang waleran anu tandes kana panalék sim kuring, ih ongekoh-ongkoh wé. Malih, jongjon-jongjon baé. Sakapeung mah, éta waleran serat ti salira tara aya nyabit-nyabit kana nu ditaroskeun ku sim kuring. Janten, éstuning tara aya patalina pisan. Mungguh matak panasaran, sakapeung gumulung ngajantenkeun kakeuheul. Dina lebah dieu, hapunten. Maklum atuh. Tiasa janten émosi salira mah adem ayem, henteu démonstratif atanapi meledak-ledak cék basa barudak mah. Salira, sanés aliran musik rock, upami dipapandékeun kana tongkrongan penyanyi mah. Muhun, geuning ari penampilan penyanyi rock mah sakitu mijahna ujrak-ajret bari ngajéngang, istri ogé. Bari, teu weléh angked-angkedan. Ih, tetebiheun salira mah kana kitu. Salira mah tingtrim, tenang. Talaga

wening, canébrang hérang, anu sisina iuh ku kakayon kanyaah. Dina musik, dina karawitan; kawasna salira mah Cianjuran atanapi degung anu ditabeuhna antaré nakeran. Soantena, ngajantenkeun tanaga batin nu tiasa ngagerakkeun manglipet-lipet ukuran tanaga kuda, ka nu ngupingkeunana.

Nini-nini nu ngarit geus euweuh, tayohna geus loba beubeunangan ngaritna.

Langit beurang nu disurung-surung tiung samping kebat nini-nini caang mentrang-mentrang. Hawana, ngahéab. Langit beurang langit ka tiga, nguwak-ngawik méga carang ipis-ipis. Katoong, béh dituna langit biru ngelewong-ngelewung. Méga carang, haseup bodas uwak-awik kabaya brukat nu cenah seragam nayaga degung nu biasa dianggo ku salira. Beu, ari sihoréng sok ngadegung sok ngwih ngahaleuang. Wilujeng.

Raut-raut régang jambu batu téh dirautan, na puhuna dijuru tilukeun, jangeun paniir atawa cocolok nu rék diasupkeun kana barungbung téa. Ari maksudna diraut dijuru tilukeun sangkan dina pagésrékna ngalantarankeun aya sora ngagerit, engkéna. Éta cocolok ték héng diasupkeun kana awi ruasan sasiku. Ditungtung tukangna maké kikiping tina séng ipis. Biasana mah sok dijieun tina salumpit atawa tina anyaman awi atawa urut nyiru butut. Tina séng sotéh améh awét wé kapakéna. Kikiping téh minangka kamudina anu ngagolak-gilekkeun kolécér nurutkeun paniup angin. Ku ayana kikiping, kolécér teu weléh muter, nutur-nutur datangna ngin. Dina tungtung awi ruasan jangeun ngasupkeun tetengger téa diluhurna maké awi sagedé jeujeur leleus anu tungtungna maké beungeburat jeung kukucir tina lamak. Melengtung ka tukang, luhureun bubuntut atawa kikiping téa. Ieu awi nu melungkung kawas jeujeur téh disebutna bubat. Mun engké kolécér geus ditagenkeun, katebak angin gedé katukang ngadayagdag. Angin kendor ngagentak, kolécér ka geblagkeun ka hareup. Bubat ngabertrik ka hareup dibarung ku sora ngajegur.

Éta mapandékeun salira mani tos kana sagala rupi wé nya. Sawios atuh. Apan, tadi tos disanggemkeun salira mah émosina salawasna kauger ku tetekon ayem, kawas panembang Cianjuran atanapi lagu degung, jiga talaga nu canébrang hérang. Kumaha atuh, da mapandékeun ogé sanés badé niat awon. Ieu mah minangka pangiat atanapi aksén kana kasumpingan lembut salira dina antengan sanubari kaasih. Éta cenah mani disamarutkeun sareng padamelan ngarautan kolécér, ah henteu da denteu ieu pacampur. Ngaraut midamel kolécér mah apanan pagawéan raga badag, pagawéan anu sipatna pisik. Moal pacorok sareng implengan asih anu sipatna lemes ngadalingding ngahiliwir. Sing percanten. Sareng deuih, da nu poko aktip atanapi usik mah apan batin. Paguneman batin sareng salira. Tangtos moal katingalina, da usukna atuh batin batin anu nyamuni buni. Nembé katangén saupami anu sami usik lelembutanana. Nembé karaos ku jalmi anu lemes sanubarina anu léah haténa kawas salira. Tuh, bet kasalira deui baé, muhun, antawis urang téh nuju ngantengkeun télépati lelembutan, apan. Usik-amlikna asih urang tiasa katangénkeun ku masing-masing diri. Naja kaayaan nuju patebih sapertos ayeuna. Sim kuring, anu sok maksa ngabasakeun ngaengkangkeun ka salira; apan pisikna mah jentulna mah nuju diuk najojodog hareupeun hawu diasauing eurih nuju ngadamel kolécér. Salira, nya kitu deui, danget ieu, nembé mulih ti padamelan. Nuju istirahat ngimpleng lalangit asih. Tuh apan, katingali ku salira, dilalangit anu nuju diteuteup bari lalangkarakan téa aya cakkak dua silih udag. Moal boa éta dua cakkak dicipta-

cipta urang nuju ulin silih udag di palataran kebonraya handapkeun kakayon linduk. Moal boa, éta cakkak ogé keur silih teuleuman haté ceuk ciptaan salira. Nya, sami ciptaan sim kuring ogé. Muhun, sim kuring nu sering ngaengkangkeun ka salira téa. Cakkak téh sisirigan lumpat ka juru lalangit nyaketan érang-érang. Didinya, aya lancah leutik keur ngait-ngaitkeun rambatna, ngantengkeun rasana, ngantengkeun asihna, dina lalangit asih salira lalangit asih sim kuring.

Langit beurang mentrang-mentrang. Haseup bodas ayang-ayang diuwak-awik angin katiga. Ngahiuk angin, ngihiuk. Ké, angin sakeudeung deui ieu kolécér rék ditagenkeun.

Kolécérna sup diasupkeun kana cocolok nu dijieun tina régang jambu batu. Tungtungna, ditanceban paku lebut, malar teu lésot ka tebak mun engké angin malik. Kolécér téh telus dipalincang ati-ati bisi tarik teuing marieuskeunana. Tarik teuing mah beulah ngabarabat. Nu beulah biasana tetengahna. Mun kitu, nya dicacag ka keuheul bari terus dipangpéngkeun.

Kolécér dipalincang ati-ati, rintih perbawa watek salira. Duh, aya ku....

Kolécérkeun téh disangkareupkeun kana datangna angin. Ugag igeug, muter antaré. Beuki lila, beuki tarik. Moal boa, paniup batin salira, nya?

Tetenggerna awi saleunjeur, sagedé pigeulang kolot. Rada leuleus unyad-ényod. Dihaja kitu. Supaya alus katempona, tetengger téh diraradan heula buku-bukuna sakalian miceunan mérang awina. Bilih napel kana panangan sinareng réma salira. Ditungtung bagian congona diragaji malar rata. Teu didéngdéng ku bedog, sieun beulaj jeung sok cacag nangkaeun. Mun rata mah, gulak-giluk katiup anginna téh teu pered.

Naon cing? Anu pang diarep-arepna ku sim kuring, anu sok ngaengkangkeun ka salira téa tina waleran serat salira? Mung sakecap tina papanjang serat waleran téh, mung sakecap. Nya éta, kecap muhun. Muhun, salira, muhun. Tah, éta kecap nu diarep-arep téh. Muhun ku sim kuring anu sok ngaengkangkeun ka salira téa; muhun téh hiji kapastian anu ngalantarankeun, anu ngajantenkeun manjangna lalakon urang, tug dumugi ka danget ieu. Ari hartos kecap muhun, apan ngaenyakeun atanapi ngbenerkeun kana panalék anu didugikeun ka salira. Duh, étah ngarep-ngarep kecap muhun diunggal-unggal kecap waleran mani asa geus kesel. Da, salira teu masihan waé waleran muhun. Ku kituna mah kahartos. Mun nilik kana sipat salira téa, kana sikep rintih ati-ati. Teu ieuh gurung gusuh ngaragragkeun ucap muhun, sateuacan nu ngedalkeun éta panalék téh leres-leres atanapi ukur bébéngo wungkul. Tuh geuning, ari saterasna mah da tos katingal dariana nya teu burung aya waleran. Muhun. Malah, sakapeung mah sim kuring sok jiga maksa-maksa supados salira ngawaler kecap muhun. Ih, hapunten atuh. Da, geuning salira mah ongkoh-ongkoh baé, jongjon-jongjon baé teu gedag kapangaruhan. Rupina, harita salira, basa ku simkuring siga nu dipaksa-paksa malar ngawaler kecap muhun téa, nuju ngayakeun hiji ujian ka sim kuring. Rupina, upami kiat, sareng keukeuhanapi leres-leres tinangtu moal pundung atawa ngejat alatan asa diulinkeun. Ari sim kuring kumaha cing? Keukeuh wé deuih, ngukuntit sakumaha kahoyong salira téa. Sugan ari hantem diakalan ditarékahan maha haté sanubari salira janten léah manahna. Ngawaler panalék lelembutan sim kuring, kageterkeun karésosiasi kawat batinna, kagero lelembutanana. Muhun, salira, muhun.

Angin, ngahiuk ti belah kulon. Gen, kolécér ditagenkeun tetenggerna di pipir saung. Muter, nguwak-nguwik. Sakapeung dibarung ku sora ngagerung.

Ngagerung, digeblagkeun dirempodkeun angin leuleuy dibarung ku mecutna bubat ka hareup. Kitu jeung kitu wé.

Ih, tada teuing bingahna atuh. Kantenan upami dikupingkeun sareng disérangkeun ku duaan sareng salira. Apan, salira gé ngiring mantuan ku mareng asihna lelembutan, waktos sok ngadamel kolécérna. Resep geura. Sok sanaos, resepna, upamina, mung kapaksa eungkul. Lebah dieu, lebah resep kapaksa, sim kuring ogé maphum. Kitu deui sim kuring, ayeuna mah ngiring mikaresep kana kalangenan salira. Sok sanaos, alesanana mah supados saati supados runtut raut. Ayeuna, kateupanujuan sakudak-sakedik mah atuh jamak, panginten. Sagala rupa téh urang tinggal saéna baé, urang tinggal berkahna baé. Duh, ieu!

Panas beurang beuki mentrang-mentrang. Angin ngahiuk muterkeun kolécér. Kuak kuik diselang ku gegerungan. Angin nguwak-ngawik awang-awang katiga. Angin ngoyagkeun tatangkalan. Angin niup pongporang mumbul-mumbul ka langit paul.

Mangle No. 1169

17. PÉLÉT

Teu pira ari mimitina mah pédah kungsi leumpang bareng, diuk ngaréndéng, ngobrol paduduaan, terus ngnteur solat asar ka musola. Ditambah ngobrol bari ngahariring dina beus dihitaran ku kenék-kenék beus, bari ngadagoaan nu séjén arulin di basisir. Entong boro kuring atuh anu geus lila apal kana paripolah sapopoé di kampus mun kabeneran bareng kuliah, dalh kenék beus gé, kawasna, kacida kasengsrem kataji ku manéhna téh éta wé mani embungeun arulin ka basisir atawa ngdon ngalobrol jeung papada kenék, papada supir di warung. Ari ieu anggur maturan Rinni nembang ngahariring. Bisa tah si kenék téh ngahitarna mah. Malah sakapeung maké jeung dibarung ku tembang sagala. Ari Rinni, apan teu pilih-pilih teu ngabéda-béda ka saha baé téh angger soméah baé. Teu jiga nu séjén, maké daék ngahariring dihitaran ku kenék.

Angin basisir kasorénakeun asa teu matak seger kana awak. Sakapeung mah asa anggur matak teu ngareunah. Ieu mah ngangin soténan pédah baé. Maksud téh pédah baé, ngan waktu ieu wungkul indit piknik ngabubuhan jeung batur sajurusan ka basisir Tirtamaya, biheung iraha bisa ngumpul deui kawas kitu. Pédah baé, nu hiji deui, nya éta pédah bareng jeung marengan hiji wanoja anu kacida ku kuring dipikaresepna. Ulah salah tapsir kana nyurahan kecap resep téh. Tangtu béda nyurahanana mun kecap resep dilarapkeun kana kalimah, sarupa kieu, upamana: Kuring resep nempo kaéndahan alam. Atawa, kuring resep nyieun sajak atawa ngarang carpon. Kecap resep anu dilarapkeun kana kalimah: Kuring resep ka Rinni, mah tinangtu leuwih tina harti nu tadi téa. Leuwih jero ngalibetna dina diri. Kacida nembresna kana haté. Mana pantes, sok sanajan ukur sajam atawa dua jam babarengan di basisir Tirtamaya, tapi ngajadikeun leuwih manjangkeun carita. Ari cirina éta kajadian nembres manjang dina ati nya éta sagala pikiran kuring, perasaan kuring teu weléh ngamuara deui ka manéhna, ka Rinni. Rinni geus ngahudangkeun deui karep, jadi inspirasi tulisan-tulisan rékaan kuring, sajak, carpon, atawa novel péndék. Sanggeus ngahariring di basisir Tirtamaya jeung Rinni téa, murudul tulisan-tulisan kuring nu kungsi mendet téh lir kacolok deui kuluwung rasana. Lebah dieu kuring kacida nganuhunkeunana ka Rinni. Kuring teu kungsi maluruh, naha carita kuring dina carpon atawa dina sajak anu ngamuara sabudeureun Rinni bakal aya mangpaatna jangeun nu maca. Enya, pédah carita tresna jeung nu ngalalakonna apan ngan ukur salira, manéhna, anu maksudna mah nya Rinni deui-Rinni deui. Geura pék baé baca ieu sajak kuring:

Basisir Tirtamaya
11 Désémber 1988

Keur: Rinni Rahmatin

Ombak laut
noélan tungtung basisir
teuing ku léah
haté:

salira?

Ombak laut
sisirigan manjang
lalakon:

urang?

Ah!

Laut Tirtamaya

Idih, kiruhna

teu kasawang

teu kagero

jerona

haté salira

Kiceup Rinni Tirtamaya

cangra jeung ceudeumna

poé ieu:

nya salira

ayana

Palataran kampus kaciri ramé mun pergantian mata kuliah. Mahasiswa tingalabring néangan ruangan, pindah ruangan kuliah béda deui mata kuliah. Komo mun poé Rebo atawa Saptu mah apan kuliah umum.

Poé rebo mah kuliah umum téh ngan dua nya éta Bahasa Indonésia jeung Agama. Réngsé kuliah tara buru-buru balik, tapi sok ngadon diuk heula wé nyalsé. Mun réngsé kuliah nu ngaliwatan tegalan, pakebonan sayur, sok eureun téh di warung nu di kebon téa. Di dinya sagala aya. Jajanan rék loték, kupat tahu, baso, atawa sabangsaning nu digoréng. Tapi, mun kulian di ruangan-ruangan heubeul mah nya nangkring téh sok na tangga téras hareupeun ruangan 16. Kaitung stratégi diuk lebah dinya mah. Sok loba mahasiswi nu boga penampilan atraktif. Rupa-rupa surahanana atraktif téh. Pokonna mah matak narik kana haté nu ningalina.

“Sép, tempo euy, tah atraktif naker, nya?” ceuk Édi nuduhkeun ku panonna dibarung ku ngungkleukkeun sirahna.

“Enya ari atraktif téa mah. Dangdanan boléh, kawas peragawati. Ngan éta euy, lebah pameunteu, mik-ap, asa lamédong teuing. Aing mah sieun kagaris wé. Mani kawas kuéh ulang taun atuh!” ceuk Asép, bari paneuteupna nuturkeun bujur saabringan mahasiswi nu katonggohkeun.

“Mun teu lamédong kitu mah mémang atraktif,” Ayat mairan.

“Tah, tah euy aya deui. Tuh Si Calana komparang!” Édi manggihan barang anyar.

“Rék ka sawah jigana. Ku mapantes manéh atuh ari nyai!”

“Deuleu ituh, kawas televisi warna!”

“Na kumaha kitu?”

“Wajahnya, mik-apna, meriah deui waé!”

“Atraktif!”

“Tapi teu komunikatif. Idih, kucemnya, sombongnya . . . !”

“Pameunteu, marahmay, tapi ih . . . kitu, nya?”

“Tah nu ieu . . . kawasna komunikatif!”

“Lungguh, euy! Antieum!”

“Agrésif atuh, saeutik mah, néng!”

Défrésif naker. Borangan. Geuning tuh lempangna, anggur meded ka gigir. Kawas di jalan satapak waé atuh!”

“Héy!”

Héy deui!”

“Baku ari geus nangkring didinya téh!”

“Yu, ah!”

“Yu, rék kamana?”

“Kapanorama!”

“Urang ka Rinni geura!” Yanti, Sri, Yanti Mahry ngsbrul sasobatna. Fitri, pangleutikna niliktik ditungtun ku déwi anu besekel. Si Centil, Ani, pakaléngkaléng jeung Ijos. Tapi, kétang ari ngaranna mah Iyos, ngan sok disebut Ijos baé. Ised saeutik tina pangawakan Fitri nya éta Éti, Si Gélénycawéhwr. Atin siga lungguh, tapi mun aya music dangdut rancingeus naker bareng jeung Éti ting garitek. Si Hépi, Lungguh éta mah. Saurang deui Si Ogo Si Agrésif néng Héni Suhhe.

“Keun engké nyusul!”

Ani jeung kleup liwetna ngabring bari capék rahém. Cenah, rék baralik ka Panorama. Kawasna mah rék ngaliwet di imah Yanti Leuwihérang.

Poé beuki beurang. Di masjid kampus geus aya nu ngaji. Tandaning moal lila deui adan duhur. Biasana, mun geus aya sora nu ngaji, karyawan téh geus mimiti ngalabrul ka masjid rék solat duhur.

“Cép damang?” Si Emang, Mang Rasiman, nu kapapancéan jadi juru kunci jeung bébérés di ruangan 16-19 nyampeurkeun bari nyolongkrong ngajak sasalaman.

“Saé, Mang!” cekéng téh, “Sawalerna!”

Gék Mang Rasiman diuk gigireun. Asép, Édi, jeung Ayat arindit rék motokopi heula.

“Alhamdulillah, Cép!”

Mang Rasiman, apal pisan ka mahasiswa hiji-hijina nu mindeng diuk lebah dinya. Daérah éta apanan daérah kakawasaan Mang Rasiman. Sakeudeung deui, cenah rék pangsiun.

“Cép kumaha sareng Néng Rinni téh?” Mang Rusiman bari gnusiwelkeun ngaluarkeun dompét wadah bakona. Séréwék nyoéhkeun pahpir, héng dipaud-paud nku indung leungeunna. Ambéh rada cekrung kawasna. Terus nyiwit bako sok kana pahpir nu meunang nyengkrungkeun téa. Bakona diatur manjang beuki tungtung beuki leutik. Héng digéreléngkeun ku dua dampal leungeunna. Lebah tungtung hiji deui, nu bakona rada kandel, héng dipéncoskeun dicepit-cepit ku tungtung tungtung curuk jeung tungtung jempolna.

Teuing nyaho ti mana éta Mang Rasiman nepi ka apaleun kuring resep ka Rinni, néng Rinni Tritamaya téa. Meureun, mindeng nempo kuring sok nutur-nuturkeun Rinni.

Mang Rasiman ngulak-ngilik lintingan rokona. Pel kan biwirna nu kandel, tungtung rokona nu leutik téh. Jekés korék api, sut kana tungtung rokona, kenyo selebung haseupna tina liang irung nu kawas knelpot leutik. Katémbong rada narolol, tungtung bulu irungna, rada pérang. Kawasna baé bakat ku mindeng kahaseupan roko.

“Seungit bakona, Mang!” ceuk kuring.

“Bageur Néng Rinni mah!” keukeuh Mang Rasiman nyaritakeun Rinni Tirtamaya.

“Euh !”

“Supados langkung geugeut, langkung sonoeu. Hoyong pendak waé sareng Encép, néng Rinni-na, Emang gaduh taeun.

“Gaduh naon, Mang?”

Mang Rasiman ngenyot rokona rada jero, kaciri jemblong lebah tungtung nu dikenyotna.

“Asihan!”

“Paragi naon nu kitu téh, jeung kumaha makéna, Mang?” ceuk kuring rada panasara. Hayang nyaho. Mémang kungsi diajar, dibéré bacaan, cenah pélet, ti guru penca di lembur baheula. Tapi teu kungsi disirepkeun harita téh. Ah, teu perlu nu kitu wé harita mah. Geus poho-poho acan babacaanana ogé.

“Gampil, Cép!”

Wah! Cik, cik, kumaha?”

“Emang nyuhunkeun menyan saageung indung suku mah!”

“Dimana mésérna, Mang?”

“Artosna wé. Jenengan isstrina nu lengkep. Sok serat!”

Kuring daék wé deuih. Keun, hayang nyaho matih henteuna tahajian kinasihan Mang Rasiman téh. Béréwék kuring nyoéhkeun kertas sasirih. Trés nulis ngaran Rinni Tirtamaya. Sok dibikeun ka Si Emang.

Haté téh aya percaya aya henteu. Mémang cenah sok aya awéwé atawa lalaki anu kabungbulengan alatan dipélét téa. Tapi biasana mah anu maraké nu kitu téh dipasisian di pilemburan jauh. Lain di kota. Tapi, teu nyaho ketang, di kota gé aya wé meureun nu maké.

Isukna papanggih deui jeung Mang Rasiman. Manéhna mikeun bungkus leutik. Kuring panasaran. Terus muka éta bungkus. Eusina menyan bubuk beunang ngarieus, lembut kacida. Ari bungkusna, nya éta keretas nu eusina ngaran téa. Kawasna mah dirames-rames ngeusikeun ajianana.

“Kumaha ieu téh makéna, Mang?”

“Gampil. Purulukkrun baé na jalan nu sok kaliwatan ku jinisna téa, ku wanoja nu dipika hayangna téa!”

Si Emang sorana tatag pinuh ku kayakinan.

“sapalihna deui beuleum dikamar bari nyebat-nyebat jenengan wanoja téa!”

“Wah, tada teuing batur ibur meureun, Mang. Apan, kamar téh ngan sacangkéwok!”

“Nya, purukukkeun wé atuh na liliwatan téa!”

“Enya lah urang coba wé!” ceuk kuring téh deui.

Isukna indit téh rada tangian da boga niat rék ngawurkeun ajian téa. Di ruangan kuliah can aya batur da kakara satengah tujuh. Atuh, laluasa ngawurkeun bubuk menyan téh. Na lebah panto, lebah téras nu sok dipaké ngariung ku manéhna sabatur-batur. Jeung liliwatan séjénna.

Mang Rasiman kasampak keung nyikat jamban jeung kakus.

“Kumaha cép?” Mang Rasiman, kawasna nanyakeun enggeus encanna ajian kinasihan paméréna dipetakeun ka kuring. Tayohna hayang apaleun, hayang geura ngabuktikeun ka kuring yén pamélétna téh enya matih.

“Tos dipuruleukkeun, bieu!” ceuk kuring, “ngan kadé wé kasapukeun ku emang!”

“Moal, da sasapuna ogé tos bérés!” cenah, bari sewur-sewur nyéblokan téhel beunang nyikat, “kari ngantosan wé Cép! Geura engké, piraku teu montél, tah!”

“Mudah-mudahan wé atuh, Mang!”

Leos wé kuring mang ninggalkeun si Emang, muru babaturan anu geus mimiti jul-jol daratang. Beuki lila beuki loba. Awéwé mah dimana ogé sarua teu weléh ngageulis. Nu indit kana motor atawa dianteurkeun diboncéng, pasti wé kudu masang eunteungsatampah na juru jandéla. Gesruk nyisiran, luway-liwey, memener biwir. Kuring kuliah teu saprogram jeung Rinni Tirtamaya, ngan sarua tingkatna wungkul. Ngan biasana mun poé senén mah Rinni kuliahna waktuna bareng tabuh tujuh diruangan gigireun ruangan nu dipaké kuliah ku kuring. Dua jam pelajaran Rinni mah saratus lima puluh menit, ari kuring salapan puluh menit, jadi, poé éta teu katangén naha rini aya atawa henteu milu kuliah.

Milu kuliah poé étamah asa kurang saregep. Éta, gara-gara ajian pélét ti Mang Risman téa. Mani hayang geura panggih jeung Rinni wé. Ceuk sangkaan kuring waktu éta téh waktu bubarana kuliah Rinni. Kuring, buru-buru permisi, ménta idin, alesan mah hayang ka jamban. Geus kaluar luak-lieuk nempoan kelas Rinni. Meureun geus buburana. Tapi, euweuh dilaluar. Panasaran, terus noong tina lebah liang konci tiiseun, horéng geus pindah ruangan. Geus ganti nu makéna. Tingkat tilu. Kuring asup deui. Haté teu jejem. Pinuh ku kapanasara. Inget baé ka Rinni. Kana tawur ajian asihan téa. Tapi, tangtu éta tawur menyan téh saeutikna geus kaléngkahan ku Rinni dua kali. Basa asuk karuang kuliah jeung basa bubarana ka luar. Jeung, kaciri kénéh barodas na téhel, can kasapukeun ku Mang Rasiman. Moal, moal wanieun nyapukeun. Tangtu Mang Rasiman apaleun. Yén, nu barodas kawas bubuk kapur téh nya éta bubuk menyan nu geus dijampé ku manéhna téa. Piraku ngagagalkeun acara mah. Mun gagal hartina mang Rasiman sorangan nu bakal wirang. Sabab, ajian nu pajarkeun matih téh gening laas, lééh, teu teurak. Tangtu bakal éraeun, sabab bakal panggih méh unggal poé jeung kuring.

Ku gogoda téh deui, bet teu panggih baé jeung Rinni téh. Kuring hayang nempo réaksi Rinni sanggus ngaléngkahan tawur ajian téa. Mun enya mah teurak ceuk nu méré asihanana ogé, cenah bakal montél, bakal malik asih, hayang panggih baé.

Basa rék kaperpustakaan pusat panggih jeung Rinni pada baturna di warung kebon.

“Kamana waé?” ceuk kuring, bari hayang ngolongan enya henteuna, atawa mika sono hayang panggih jeung kuring.

“nembé wangsul ti Wanayasa. Kengging tilu dinten di lembur!” ceu Rinni taya tapak-tapak keuna ku ajian paméré ti Mang Rasiman téa. Enya rék teurak kumaha, apanan dina poéan kuring ngawurkeun ajian asih téa Rinnina ogé apanan teu kuliah.

Rinni ngaliud jeung pada baturna di warung kebon. Kuring indit rék ka perpustakaan pusan.

Kuring leumpang anca muru perpustakaan. Ingen ka Rinni, inget ka mang Rasiman.

Salam asih ka: Rini Tirtamaya

18. SKRIPSI

Caina ngagolontor rada kiruh ngocor ti juru balong. Taraté kembang kasumba marangkak, daunna rarbak mayakpak naleukeun na luhur cai. Aya rerenteng tina cocongoan awi dipasang lebah kokocoran jeung na tempat-tempat anu sakirana pangliuhan lauk. Kawasna, ngahaja malar nu rék ngarungkup ngecrik maling ti peuting sungkaneun ari aya rerenteng kitu mah. Balong téh ditémbok tambak-tambakna, turut-turut sisina. Jadi, najan cai gedé ngagulidag ogé tara ieu kajadian galengan rempag ngabalukarkeun balong bedah. Katémbong laukna baradag. Katangen tingberekbek nyungkuran jukut buruk sisi tambakan. Sakapeung ngagulipek jujungkiran pikabitaen tukang nguseup. Bet ngalenyap, bet nagebeg nyeueung lauk emas kitu kalakuanana téh. Geuwat nyokot batu leutik nu nogél dina galengan, héng diténggorkeun lalaunan ka lebah jungkirna lauk. Kucibek. Reuwaseun, terus minggat ka tengahkeun.

“Ké, ké,... aya panguseupan di lembur téh?” ceuk dosén kuring dina hiji waktu, basa aya perlu ka kantor jurusan.

“Aya, Pa! Kantenan!” jawab kuring téh.

Ieu bapa dosén téh, cenah ceuk lanceuk-lanceuk kelas karakterna, moal deuk nyebut kalakuan bisi dianggap kasar, rada béda ti nu séjén. Enya siga seriusna mah, ngan nya kitu lah, teu wasa téa nyabutkeunana. Kitu-kitu gé apan guru kuring sorangan kénéh.

“Gaduh, mung alit. Disebatna ogé kokobak. Isin kaanjanana!” ceuk kuring, “leuheung mun seueur laukna deuih!”

“Ih bet mani sieun wé kaanjanan téh!” saurna bari ngalagedaykeun salirana, mencrong rada sinis. Kuring murengked. Sok sieun ngajaheutkeun manahna. Weu, atuh mun jaheut manahna, hartina naraka leutik keur kuring. Kacipta, mata kuliah ti anjeunna moal lulus-lulus. Mangka, aya kana dua semésterna. Mangkaning opat éskaés samata kuliah téh.

“Sanés kitu, Pa!” ceuk kuring ngawani-wani ngajawab, “Mung rorompokna tebih di kampung!”

“Nya keun baé, apan tepi ku tutumpakan!” saurna.

“Insya Allah, Pa! kuring sorangan gé teu ngarti naha kuring ngawalon kitu.

“Tah kitu ari nu apal mulang tarima mah!”

Tas kitu téh atuh berengbeng kuring nyelang balik ka lembur, malar urang lembur mémérés kokobak téa. Nu di lembur rampang-reumpeung disebutkeun rék aya nu ngadon mancing ka lembur téh. Kaharti na kituna mah, apan di lembur mah sagala hésé teu kawas di kota. Komo bari jeung teu nyampak pakeunna. Kolot téh gegelendeng, cenah waawanianan, rék ngawiwirang kolot, tayohna mah. Meunang sapoé di lembur téh. Kalayan kolot maphumeun pisan kana maksud kuring.

Anu dipikasieun téh bet kasorang pisan ku sorangan. Kudu paaduhareupan jeung dosén nu goréng adat téa. Ceuk haté, mun teu kaayunkeun yéh bakal goréng pibalukareunana. Sok sanajan, kawasna, di tempat séjén ogé aya anu leuwih ti kitu. Tapi, angger baé nu kitu téh paripolah nu kacida goréngna. Ngaruksak korp, ngaruksak sesebutan, ngaruksak karisma dosén. Enya, manglebarkeun ku nu geus ngahaja, nu ti heula, nanjeurkeun komara jurusan komara nu ngajarna. Ari ayeuna ngadon diruksak ku polah kitu. Lain kawasna, lain jigana, apan kuring apal kana

talajak anjeunna gé ti lanceuk kelas anu geus ngalaman leuwih ti heula. Ngabéjaan, ngawawadian, yén kudu ati mun engké nyanghareupan dosén nu éta mah. Kuring sabatur-batur taya nu wani nyarita atawa lapor ka pupuhu jurusan. Sieun. Sieun, engkéna malindes deui ka kuring saréréa. Kuring sadar kana kaayaan kuring. Kacipta, moal lulus-lulus téntamén. Komo deui, ujian sidang. Tah, ku rupa-rupa alesan kitu, éta kabiasaan goréng téh lumangsung terus ti mangsa ka mangsa. Taya nu wani ngagunasika, taya nu wani ngalaporkeun, ka dosén sepuh atawa dosén senior. Duka deuih, naha dosén nu séjén teu aruningaeun atawa teu wasaeun nyaram atawa ngélingan. Kuring, Dédi, Asép, Ayat, Rinni, di kamar kontrakkan sok mindeng ngadiskusikeun, nyawalakeun kaayaan ieu téh. Saréréa boga kacindekan, mun diantep, bakal ngabalukarkeun ancurna jurusan sorangan téa. Lebar puguh. Dalah kumaha, da apan kaayaan kuring saréréa ayeuna aya di pihak anu babari disalahkeun. Jigana mah, kuduna meureun, beungkeutan alumni jurusan nu kudu méré pépéling. Apan, maranéhna ogé aya nu kungsi ngalaman dihésékeun. Piraku sugan ari geus paroékeun panempo jeung pangdégé onaman.

“Euy, teu kudu getol milu kuliah ti bapa éta mah. Pokona mah asal gedé duitna, bisa lulus kalawan nyugemakeun!” ceuk Jajuli dina hiji waktu.

“Ari manéh, Juli, nyarita téh!” témbal Hudori.

“Enya, na kumaha kitu?” ceuk Jajuli deui, Getol gé kateuteuari, kacapé-capé. Engké gé tangtu dipanggihan hiji-hiji geura. Héng dibawa ngobrol urularileu. Urang, nya kudu surti wé geus kitu mah.”

“Apan ku embung surti téa, geus kajadian, Asép nepi ka ayeuna mata kuliah pikasebeleun téa hiji-hijina nu ngababayut téh. Lantaran, manéhna mah teu méré duit pamulang tarima téa. Sok sanajan apan, ngajar mah kawajiban anjeunna. Teu kudu diimplik-implikan ku nu taya patalina jeung paélmuan.”

“Geus, gandéng, Juli!”

Di palataran taman nu aya balong téa, mahasiswa dariuk aya nu maca aya nu ngobrol. Nu papasangan nu ngabubuhan sabaturna sakelompokna.

Asa geus kesel diuk téh, aya kana sajamna mah. Ngadagoan Rinni, arék bareng ka jurusan. Rék konsultasi jeung pembimbing skripsi. Puguh kuring téh goréng nasib. Enya, apan nu jadi pembimbing téh nya dosén anu jadi catur téa. Saréréa pada embung dibimbing ku anjeunna mah. Lamun bisa mah hayang nawar. Atawa, lamun téa mah mata kuliahna beunang dipilih, mata kuliah ti dosén éta mah moal dék dicokot. Da, bongan matak seungguh sagala-galana.

Dina riungan diskusi leutik, dina sawala sabatur-batur gé malah sok ngadurényomkeun, soal loba anu teu lulus mata kuliah ti dosén éta. Da saeutikeun mah geus apal kana situasi diajar ngajar téh, apan kuring saparakanca lulusan ti éspégé deuih. Enya, mun téa mah kajadian tina sakelas loba pisan anu teu lulusna. Apan, aya sababaraha kamungkinan. Kahiji, meureun soal nu dibikeun téh hésé teuing. Kadua, muridna nu barutek. Katiluna, guruna anu teu mampuh nepikeun pelajaranana. Nya, munasabah mun téa nu teu lulusna téh ngan ukur opatan atawa limaaan. Geura ieu mah tina opat puluh urang téh leuwih satengah kudu dihér. Jeung, tangtu can puguh anu hér hartina gé mulus rahayu. Rereged kitu kaalaman pisan ku Si Irenne Marfuah!

“Abdi, Pa. Inne! Muhun Irenne Marfuah!” ceuk si Inne basa meunang panyaur ti bapa dosén nu ngageremet téa. Ari kudu mangadep téh wanci duhur,

mun suasana kantor geus tiiseun. Duka da waktuna biasana mah sok wayah kitu baé nyauran nyambat mahasiswa téh. Meureun, rinéhna baéwayah kitu.

“Hidep, geus lulus nya ayeuna mah?” saurna.

“Parantos, Pa!” ceuk Si Inne bari sidakepna rékép nakeran. Saregep bari nganti-nganti rék ka mana éta obrolan téh méngkol ngaléokna. Pok deui nyambung kalimahna, “Abdi lulus, rupina ieu mah teu tebih ti kaweningan manah Bapa! ceuk Si Inne ngalem meureun maksudna mah. Supaya dosén anu disanghareupan téh raoseun manahna.

“Mun geus lulus téh, kumaha?” anjeunna naros.

“Tinangtos nganuhunkeun, rupina, ka nu parantos nulungan!” ceuk Si Inne, geus kajudi ayeuna mah rék ka mana ngaléokna éta omongan téh. “Kedah mulang tarima!”

Saréréa geus apal, mun geus nepi kana kecap mulang tarima, kudu aya nu dihaturkeun. Si Inne gé apal, da saméméhna geus dibéjaan ku Hudori saparakanca.

“Hatur lumayan wé, Pa!” bari song amplop téh digolosorkeun luhur méja. Amplop dibuka. Si Inne kacida reuwasna. Awakna ngadarégdég.

“Ngan sakieu geuning. Moal mahi atuh. Ieu mah keur ka petugas komputer wungkul atuh!” saurna, pinuh wibawa.

“Insya Allah, Pa! Badé nambah deui. Jalaran teu acan wangsul!” Si Inne sakalurna ti kantor téh langsung lumpat terus ceurik sanggeus nepi ka Jujuli jeung Rinni nu satia ngadagoan. Cenah, apanan duit sakitu gé beunang nginjeun ti Hudori. Geus teu boga duit da can balik ka lembur téa. Teuing bener henteuna mah, yén mikeun ngasupkeun pengumuman ka petugas komputer téh maké biaya atawa henteuna. Teu hayang ieuh papanjangan. Ah, mending percaya baé, kawasna. Moal enya pantar anjeunna maké resep ngagedebul ngabohong onaman.

Ku geus kesel diuk. Rongkong kana jukut garing, keleweng kana lauk nu ngadeukeutan. Kucibek, soloyong ngajauhan. Rongkong deui kana batu leutik nu nogél dina galengan, belewer kana kembang taraté mangkak kasumba. Baturna nyangsang. Caina angger ngagulidag tina kokocoran awi bitung béh tonggohna, kiruh kénéh. Tatangkalan sabudeureunana ngariyom daroyong ka balong. Pucuk areuyna noélan tungtung cai. Kawas buuk Rinni noélan taktakna.

“Hoyyah! Ngalamun nya! Ti tatadi!” ceuk Rinni ngabetahkeun nepak taktak kuring.

“Henteu!” jawab téh pondok, keuheul tuda. Lila naker ngadagoan. Mani geus kesel. Da lamun téa mah Rinni teu lila kawas kitu moal nepi ka ngalamun jiga tadi. Pikiran moal ngacancang kana hariwang.

“Aya wé saparapat jam mah ngajengjen pengeureun. Jongjon baé!” ceuk Rinni Tirtamaya, bari gék diuk gigireun. Kusiwel ngodok kantong nyokot sisir. Gesut-gesut nyisiran kawas sahayuna pisan. Tapi, bérés.

“Ngémutan saha?”

Kuring jongjon mencrong ka tengah balong.

“Teu!” témbal téh pondok. Rada keuheul kénéh.

“Punten, atuh!” pondok ayeuna mah nyaritana, da meureun omongan kuring gé parondok, “Aya peryogi heula!”

“Peryogi?”

“Muhun!”

“Ari di dieu sanés peryogi kitu?”

“Peryogi!”

“Geuning ...?”

“Zuki? Zuqqi” maksud mah nyebut lalaki nu mikahayang Rinni. Ngahaja nyebut téh ditasjidkeun nepi ka nyekleukna. Cemburu, timburu, meureu mahsudna mah. Da enya apa Zuki mah imahna deukeut pisan jeung imah kontarkan Rinni. Teuing saha ngaran benerna mah, éta mah lalandian kuring wé. Keuheul atuh da.

“Tos pok deui, nya?” Rinni baeud.

“Nya!”

“Nya, tos baé!” beuki manyun.

Kuring hariwang mun geus manyun kitu mah sok sieun katutuluyan. Héng baé enyaan pundungna bari enya enya jeung Si Zuki téa. Haté ngajak genjatan senjata, daméy. Kuring ayeuna mah nyanghareup ka Rinni. Ari nyampak manéhna malik ka gigir. Cék haté, beu tiwas kaya kieu mah yeuh. Sok rada tanggel. Ah, sugan moal katutulyan ayena mah. Pel lalaunan leungeun katuhu ditumpangkeun kana taktak nu katuhu. Diképéskeun.

“Rin, hapunten!” cekéng téh.

“Engga!”

Huh, bet tambah-tambah deui atuh pasualan téh. Apan, ieu téh balukar tina mikiran dosén kuring téa. Rék konsultasi ka pembimbing skripsi. Bet amuratel atuh kapusing téh ka Rinni anu teu tuah teu dosa. Gues kieu apan nambah-nambah pikiraneun. Apan, ngajentul sisi balong téh seja ngadagoan Rinni. Ari geus jol anggur dimusuhan. Saha nu sudi atuh. Apan arék bareng ka dosén téa. Jeung apan-apan nu lianna wé.

“Rin?” cekéng téh leuleuy, sugan wé ari geus lila mah manyunna rada leyur, “Puguh tadi téh keur aya kapusing. Anggur pék atuh nérételan ka Rinni anu teu kua teu kieu. Upami téa mah Rinni rido manah ngahapunten, kahoyong mah nya hapunten wé kana kalepatan. Upami kaabotan, nya dalah dikumaha ...?”

“Yu!” Rinni nangtung. Kuring nuturkeun terus leumpang paréréndéng.

Cék haté, alhamdulillah cageur, geuning. Manyunna geus leyur, geus lééh. Paromanna geus ngadeukeutan nu aslina, marahmay. Ngan, can full –senyum cara sasari. Éra kénéh kawasna. Moal enya kudu ngagentak mah barobahna, tina full-manyun kana full-senyum. Apan, aya wé nu kasebut masa peralihanana. Kuring moal deuk pangangguran ngaheureuyan deui kawas tadi, sieun hésé nyageurkeunana.

Geus pirang-pirang untung teu kapapanjangan ogé. Kumaha mun tadi anggeus-angggeusan. Beu naraka atuh. Kacipta mun Rinni lésot tinacangkingan, tanwandé skripsi gé kana kabolér enya-nya. Kawasna, biheung anggeus gé. Piraku ari kudu boboléh mah ngabatalkeun nulis skripsi pindah kana program tuntas. Gara-gara Si Ratu Si Ogo Si Marahmay Si full-manyun, éh si full-senyum kéténg, mangkaburkeun. Duh, ku paralun teuing, atuh Rin. Muga-muga wé manjangkeun lalakon. Apan Rinni téh panambah sumanget, panambah spirit.

Di kantor nyampak kénéh sémah. Kuring jeung Rinni ngadagoan handapan tangkal kembang kertas kayas. Rinni nyelang ka kantor tata usaha. Rék nempo pengumuman cenah.

“Ari manéh bet teu apal kana adat. Dori, di lembur aya manuk?” Irene Marfuah nanya méh bareng jeung Jajuri. Ti harita berengbeng Hudori balik ka lembur rék néangan manuk. Duka manuk naon, rék manuk borokokong, atawa manuk bajogrog, pokona mah jang diplomasi wé ambéh urusan lancar. Da jeung

enyana atuh, sanggeus dihaturanan manuk mah hasil téntamén nu mulan-malén teu diparios alatan sibuk téh, cenah kaluar kalawan lungsur-langsar. Lambat-lambat, meureun, pibasaenana mun nu ngajuru mah. Teu pira ari bener diplomasina mah. Cécék bocék nu kararitu, atawa anu meres mahasiswa ngaduitkeun lulus téntamén, mémang hésé disusud bukti-bukti nu nyata bungkeuleukanana. Alatan, taya réngkolna, taya bukti kuétansina, apanan.

Rinni kahéman kuring, geus full-senyum ayeuna mah. Téntamén mata kuliah dasar umum, lulus meunang peunteun baé, cenah. Paingan atuh paromanna mrahmay. Gék diuk gigireun.

Di jero rohangan kantor geus taya tamu. Kuring jeung Rinni asup sabada ngucapkeun assalamualaikum, jeung meunang pangjawab ti jero.

Sanggeus dihiapkeun kuring ngadep, gék diuk pasinghareup-singhareup. Bapa dosén nyampaikeun dua pananganana kana kénca-katuhu panyarandéan korsina. Calikna rada nangreu, dangah. Kuring campenot, palaur.

“Ari maksud mah badé konsultasi perkawis skripsi. Sakumaha anu parantos ditantoskeun ku bapa téa!”

“Cik, mana?”

Golosor disanggakeun. Héng dibukaan saaya-aya, sahayuna waé jiga teu dines naker.

“Salah! Sistematikana, yeuh!” bari kewok-kewok nyorétan nu dianggapna salah.

Kuring, ah saregep wé ngabandungan pagawéan anu kacida diapik-apik nyieunna téh, ayeuna mah teu manggapulia di payuneun nu mariksa mah. Cék rarasaan mah asa gagabah tah mariksa téh. Apan, kudu rinéh, kudu asak tinimbangan. Mun salah caritakeun salahna, jeung kumaha alusna.

“Geus boga bukuna? Buku nu medar cara-cara nyieun karya tulis, atawa cara ngitung dina panalungtikan sarupa kieu?” socana mencrong seukeut.

“Teu acan!”

“Paingan atuh!”

Cék kabiasaan, anu maranti, ceuk béja anu turun-tumurun ti lanceuk-lanceuk kelas, mun geus ragrag kecap paingan atuh, urang, atawa kuring meureun na waktu ieu mah nu keur nyanghareupanana, kudu ngajawab ku kecap manawi aya kénéh di Bapa. Abdi badé mésér.

“Manawi sayogi kénéh di bapa. Diktat kénging bapa téa!”

“Aya asana mah. Keun isukan!” sorana leuleuy.

Sok sanajan, dina buku séjén gé aya. Jeung, hargaana gé leuwih murah mun meuli di toko. Atawa, mun urang sorangan motokopi. Tangtu bisa leuwih ngitrit kana biaya. Keun, apan ieu mah diplomasi téa, malar urusan lulus banglus mulus rahayu.

“Ké, ké . . . ari lembur téh ti mana?”

“Abdi. Ti Kawung Luwuk, Pa!”

“Asana . . . loba leuweung kénéh, nya?”

“Muhun!” ku kuring geus katangkep sinyal tangarana rék ka mana pimaksudeunana éta caritaan.

“Mun teu salah mah ti leuweung lebah dinya mah loba kénéh manuk hadé. Sabangsaning Toéd, Bultok, Bincarung, Ciung!”

“Insya Allah badé meryogikeun wangsul, Pa!”

“Éh, kadé ulah pajar dipénta ku Bapa!” saurna bari ngagakgak gumujeng,
“ulah ngarasa pajar dititah néangan manuk!”

“Ih, ari Bapa brt awon sangki. Henteu, Pa!”

“Iraha ka lembur téh?”

“Minggu, manawi!”

“Enya, enya ! isuk pagéto téang wé na koropak ieu yeuh. Suga
anggeus mariksana. Kudu aya tambah tanaga, tambah énérgi, kawasna mariksana
gé !”

Sanggeus amitan kuring undur terus kaluar ti rohangan. Rinni nuturkeun.
Taya maksud nanaon Rinni mah da tadi gé niatna ukur rék nganteur kuring.

“Rin, ari harti énérgi naon?” ceuk kuring sanggeus anggan ti kantor.

Rinni mésem surti.

Kuring ngarandeg sakedapan. Rét, neutep pameunteuna. Hayang sidik
ngelemengna kanyaahna, kahémanna, ka diri kuring. Rinni imut, full-senyum,
full-marahmay, ciri aslina.

“Rin, nuhun!”

Kuring leumpang paréréndéng muru jalan nu ka handap. Muru jalan
panjang sorangeun duaaneun. ***

Manglé No. 1192

19. BULAN KASUMBA

“Tos nya. Engké sanés waktos deui!”

“Sakedap deui. Saeutik deui, nya!”

“Iy cunihin!”

Sok hayang seuri, anéh deui mun ras inget kana kajadian haritatéh. Manéhna diuk lebah méja, nakorsi nu ngan hiji-hijina téa.

Gesut-gesut méja téh dielapan. Luhur méja bisa keur tempat buku, bisa keur tempat dahareun, atawa tempat paragi ngistrika. Ah, pokona mah méja serbaguna wé. Suku méja téh opatanana disapatuan ku kaléng nu dieusian cai. Atuh da bongan sireum sok ngasrek kana dahareun. Diakalan kitu mah teu bisaeun. Dikolong méja aya blék. Eusina kayaning: opak, ranginang, jeung kéré lauk bawa ti lembur. Blék téh mibanda pungsi jiga kulkas. Enya kulkas kampung. Blék téh luarna geus hideung jeung parényon balas tidadalagor dina mobil. Dientong-entongge, dibahana blék ku kolot téh, hih maksa wé kudu dibawa. Améh teu sagala meuli, basana téh. Cenah dikota mah sagala mahal sagala kudu meuli. Atuh peupeuriheun anu teu bisa nyieun atawa euweuh diurangna. Embungna mah nataku mawa nukararitu ti lembur téh. Asa raridukudu mamawa blék hideung pe.... cau ngora, kalapa. Da barina ogé langka pusuk-pasak. Asa leuwih praktis meuli ti warung. Da, deukeut panganjrekan téh loba warung dahareun.

Na enya, na kituna mah balik ti lembur téh sok resep pada moro ku babaturan. Moro oléh-oléh bawa ti lembur. Aya nu nanyakeun pais lauk, ulén. Geus puguh ari opak ranginang mah kudu aya baé. Minangka batur keueung. Enya, apan mun digayem téh sok ramé sorana tingturukruk.

Boboko, rantang, gelas, sok-sok dikakolong méjakeun. Da méjana rék dipaké ngetik. Ayeuna keur loba tugas, mun henteu disebut usumna ogé. Geura mata kuliah umum, geur puguh mata kuliah jurusan mah. Éta nu sok riweuh téh. Mun kabeneran kudu mareng waktuna, waktu mikeunna. Leuheung mun dosénna bageur, narajang mun nu galak mah, sasatna kudu poé éta téh teu beunang diisuk pagétokeun. Mungpang, atuh hartina bakal jauh kana meunang peuteun hadé. Nya ripuh-ripuh ogé maksakeun ngetik kawas peuting ieu. Sanaja, geus cangkeul ramo balas ditotog-totogkeun kana hurup mesin tik. Rada teuas mesin tik téh, geus lila henteu diservis.

Nyieun tugas, karya tulis, nu ieu mah niat téh rék enya-nya pisan. Hadé ngetikna, beresih, tur hadé eusina. Mun bisa mah. Lain hartina tugas-tugas nu séjén dimomorékeun. Ngan husus nu ieu mah ulah ngérakeun. Ngérakeun diri kuring sorangan, nu nyieun, nu mikeun pancénna ka dosén. jeung, ulah ngalantarankeun ngawiwirang nu nitah jeung nu méré peunteunna engké. Maksud téh, ieu mah ngan cék sangkaan haté kuring, apan dosén nu ieu mah, dosén kuring, sobat kuring. Mun téa mah aya kakurangan sautak-saeutik bisa ngahampura. Geura, kumaha mun téa mah eukeur eusina goréng katurug-turug ketikanana loba salah jeung raméték, weu, apan ngérakeun saréréa kitu mah. Komo mun loba salah ngetik, hég ditimpah ku tip-éx, apan kaciri lodrona téh.

Keu jongjon-jongjon ngetik aya nu gegeroan di luar. Ari dibuka horé Si Mayang, batur sajurusan nu nyéwana kahalangan saimah ti panyéwaan kuring.

“Ngetik naon, Ipit?” nyebutna téh Si Ipit, pédah panon kuring rada sipit.

“Pancén nu kudu dikumpulkeun isukan téa!”

Si Mayang ngulutrak mukakeun blék, kulkas téa, di kolong méja. Rauk-rauk ngagares ranginang. Si Éta mah mun diuk téh sok sangeunahna, rada andolékak, komo mun pada awéwé, najan aya babaturan lalaki ogé tara ieu upat-ipet. Lalangkarakan, sukuna ditojérkeun kana témbok. Erokna nyorosor kana puhu sukuna. Keplok-kepok nyabokan pingping sorangan. Dicoco reingit.

“Na aya reungit ngarti nya, apal ka nu ngeunah digégél?” bari ulak-ilik kana puhu pingpingna anu ngaliglag.

“Nya, enya atuh. Matak gé kudu paringpen!” cekéng téh.

“Pit, ka dieu téh rék nginjeum pita mesin tik. Puguh itu geus péang naker.”

“Euweuh. Da ngan ieu-ieuna, apana!” cék kuring “na ngetik naon?”

“Piper Ilmu Sosial Dasar, nu poé rebo dikumpulkeunana.”

“Ari éta pancén keur Pa Éta téa, nya?” Si Mayang indir bari seuri “Ke, ke,” héng ngarongkong deui ka kolong méja mukakeun kulkas blék, “Daék wé nya! Da, bageur, pan!”

“Ih! Ari manéh Mayang! Da ituna mah boa apaleun, boa henteu!”

Si Mayang ngléos bari ngambéng ranginang. Térékték deui wé kuring mah nganggeuskeun hanca. Nyieun pancén. Tapi, asa jadi teu jongjon ngetik téh jeung jadi loba salah deuih. Bet jadi inget terus omongan Si Mayang téh.

“Pit, daék wé, nya.”

“Ah, duka atuh. Teuing, ah! Bet jadi teu pararuguh.”

Golédad wé kana kasur péot, péot balas dikedengan, didiukan ku nu ngaranjang. Mencrong neutep lalangit bodas kolot. Mencrong lalangit teu puguh TIK-na, taya tujuan hususna. Mencrong téh, éstuning mencrong wé tamba henteu teung mencrong. Da bongan tadina ogé teu niat saré soré-soré. Apan keur ngetik ngaréngsékeun pancén nu kudu dibikeun dina poéan kuliah jurusan. Jadi teu pararuguh ngetik, teu pararuguh cabak téh, éta omongan Si mayang tadi, sok ngajangjaruhkeun ka dosén téa. Malah, lain mayang wungkul nu osok ngajangjaruhkeun téh batur-barur sakelompokna ogé kitu. Antukna, kuring jadi géér. Tapi, kéténg sabisa-bisa mah teu némbongkeun semu. Bisi babaturan beuki curigaeun. Da é mang henteu.

“Tos ieu kuliah naon?” manéhna enya Si Manéhna téa nu sok dijangjaruhkeun ka kuring, nanya.

“Éh, naon, nya?” bet jadi geumpeur “Mayang, tos ieu kuliah naon?” nanyakeun ka Si Mayang.

“Naha mani teu terang jadwal?” omongna deui.

Dikitukeun téh kalah kateu puguh peta.

Babaturan kuring raribus, cenah dosén nu didagoan téa teu bisa méré kuliah jalaran aya diskusi ilmiah. Enya lah, mandingge mindeng diskusi, seminar, jeung sajabana, ambéh rada rinéh saeutik mah teu diudag-udag teu nyieun tugas. Nyieun Pancén téh mani neregteg ti mimiti ujian tengah seméster mah. Babaturan ting alabring sasobatna sakelompokna séwang-séwangan. Aya nu balik rék medar soal pancén, aya ogé anu rék ngécéng mahasiswa ti séjén fakultas. Euweuh nu asup nominasi ti batur sajurusan mah. Ah, geus apal teuing wé, asa teu resepe.

Kuring, Mayang, Meumeut, Hegar, jeung Asih muru mudun ka kidulkeun, ti ruang kuliah PSB mampir-mampir gedong perkantoranbjog nka nkebon. Kebon blumkol, cabé kaélan, sisi-sisina jerekjek tangkal sampeu. sisi blumkol diselang-selang ku bawang daun. Mani marontok teu kawas awak Si Meumeut. Besekel.

Dosén kuring téa ngilu ngabring paselang jeung babaturanana. Pindah ruang kuliah séjén deui mahasiswa. Ayeuna mah sok sanajan nu siteuteup angger lalangkit, tapi pipikiran jeung wangwangan téh jalan. Nyipta-nyipta malikan deui laku lampah kumaha mimitina dalit jeung dosén kuring téa. Mimitna mah dosén kuring téh sok ngajak ka kantin ngadon jajan. Di kantin nu aya dikampus, atawa ka kampus nu aya diluareun kampus, di Ledeng. Basana, mangmaturankeun. Anéhna kuring téh daék wé deuih.

“Tos henteu ayeuna mah. Kamari téh, énggal kénéh,” kutu jawaban kuring basa dosén kuring sobat kuring nanya soal kabogoh kuring téa, “Bapa, Bapa, Ipit téh ayeuna mah nuju rarandaan. Randa béngsrat!” inget baé tah Si Mayang nu mimiti ngabéjakeun kuring anggeusan jeung Kang Emud téh.

“Naha atuh mani téréh-téréh teuing?”

“Ah, rupina mah parantos teu aya duriat wé!” jawaban téh nurutan paguneman dina sandiwara, atawa lagu nu dihaleuangkeun ku sindén.

Kuting sok boga rarasaan, ngaku sorangan, dosén nu éta mah asa béda mun nitah atawa cara nempona téh. Nu kieu mah ngan kuring wungkul nu mikanyahona. Batur mah teu ieu dibéjaan, engké sieun digeuhgeuykeun najan ku sobat sorangan kawas Si Mayang, Meumeut, Asih, jeung Si Hegar. Enya da kawasna mah teu sing teuing ngabéda-béda. Duh, ieu rasa bet ambon sorangan. Muga-muga wé sangkaan téh bener, yén dosén kuring, ka kuring mah pelongna pelong husus, kiceupna kiceup spésial jangeun kuring soranganeun.

Basa hiji waktu, artere Bumi Siliwangu aya Cerdas Cermat Basa Sunda pikeun murid SMP, manéhna, enya dosén kuring téa, wios atuh nyebat manéhna ogé da ieu mah sarua jeung anjeuna apan, kungsi nyebat cenah resep ka kuring. Teu pira cenah resepna téh nempo centik bujurna kawas goréng teri. Terus, sorana waktu nyarita rada ogo. Terus, kana kiceup kuring anu rada kerep. Tapi kéténg kerep kiceup kuring mah da lain keureuceum budak cacingeun. Keureuceum kiceup panyari, he, he, he.

“Ipit mah kabogoh Bapa, nya” manéhna ngaheureuyan kuring, “ti samet ayeuna Ipit mah balad Bapa Sok canték heula,” cenah bari nyantélkeun cingirna kana cingir kuring. Kuringna, daék wé deuih, anéh. Nyebut ka kuring nurutan sobat-sobat kuring, Ipit.

“Bapa mah rakana Ipit,” cék kuring téh, “Ipit raina, nya Pa?”

“Ah, Alim!” jawabna pondok.

“Nya entos baé alim mah!” cék kuring téh deui.

Hiji waktu séjénna, kungsi suring jeung mayang, sarta Meumeut diajak ka Maribaya. Cenah aya warung sangu, réstoran, murah tur olahanana ngeunah. Harita téh Meumeut mah teu tulus milu da deuk balik ka lembur rék nyokot béasiswa. Balik ti Maribaya rada soré. Trét kuring nulis na buku harian, kieu unina: tabuh sapuluh naék mobil ti lédeng nuju ka Maribaya. Indit tiluan kuring, Mayang jeung manéhna. Kuring kakara nyaba ka Lembang ka Maribaya salila kuring kuliah di Bandung. Mémang rung batok. Resep. Kaayaan teu pati ramé da lain poé peré. Tanggal asih –bulan geugeut- taun kagandrung.

Tempat kuliah mimindengna mah di ruangan 16 jeung 17. Di PSB(Pusat sumber Belajar) mah ngan poé salasa wungkul. Kuliah di PSB mah asa resep, ceuk Si Mayang téa mah penyegaran. Éta duméh ku mindeng-mindengna kuliah di ruang 16-17 baé jadi asa heureut tetempoan. Geura di PSB mah mun ngalangeu saméméh datang dosén di téras luhur sok resep loba tetempoan. Nempo, atawa

silih pelong jeung batur peuntaseun ruangan kuliah kuring. Babaturan geus nyanggung. Enya, beubeunangan silih pelong unggal poé salasa téa. Barudak program S1 hahadéan jeung barudak proram D2. Ngan, antara babatur sakelas tur saprogram mah asa can aya. Éta meureun, pédah geus pada apal teuing. Pada-pada nyaho kana adat sapopoé. Jeung kamampuhna ku sabab pagiling gisik unggal kuliah. Duka tah. Nya ari sakuduna mah da geus pada wanoh téa, kudu wé aya nu bogoh. Tapi, weléh euweuh.

“Bapa mah da raka Ipit, pan?”

“Ah, alim!”

“Nya, atos baalim mah!”

“Ah, alim janten rakana!”

“Alim nganggap rai?”

“Teu!”

Poé éta trét kuring nulis dina buku harian, unina kieu: Ieu haté sok sanajan enya resep ka manéhna téa, tapi da moal deuk gurung gusuh. Teu, teu dangaku saratus persen, yén kuring resep. Tapi, anéh mun teu panggih sok asa leungiteun. Sapodua poteu jonghok, sok sono hayang nempo atawa ngobrol. Sok komo deui, mun nangénankeun manéhna ngobrol jeung nu séjén asa sok teu resep nempona. Sebel téh. Malah sebelna ogé ditasjid. Duka, nya, hatétéh bet kieu jadina.

Kuring maké inget keur mangsa di SMA baheula, dipikaresep dipikabogoh ku guru kuring. Éta ku anéhna téh, enya kawas nu karandapan ayeuna. Daék wé haté téh. Resep malah. Sadérék jigana nanya. Naha kuring teu kagok, mun dikelas atawa mun di sakola. Ah, henteu singning. Biasa-biasa wrarasaan téh. Malah, asana, mun di kelas mah sok rada galak tah. Di SMA sakola siang. Lamun seug kabeneran kuring kabeurangan asup, héng jam kahiji téh manéhna ngajar, biasana mah sok langsung nitah nyatet dina bor. Cék haté, ih apan capé kénéh, ti poporosé apanan datang gé, ieu hayoh dititah nyatet. Nyatet téa matak pikasebeleun. Sakitu geus ngeplék téh leungeun bakat ku cangkeul, ih tara ieu nitah eureun atawa diganti ku batur nu séjén. Ongkoh-onkoh wé manéhna mah. Késang geus karasa na palipisan terus turun mayap pipi. Nya, diantep wé rék disusut disusut kumaha apan leungeun téh pinuh ku kapur. Tada teuing atuh engké lamédongna. Cék haté, teu kawas sri keur ulin maké sok dipangnyusutankeun, atawa mun kabeneran beungeut kasawéran hujan mani titén naker nyusutan téh. Kuring, ah nikmat wé disusutan kitu téh mani terus rasa kana haté. Méméh kuring jadi kabogoh manéhna, manéhna mun mariksa PR sok nanda tangan na hasil pagawéan barudak na buku tugas. Dina PR kuring sok ditambahan daun écéng leutik gigireun tanda tanganna téa. Basana, éta gambar leutik téh minggu hareupna rék ditéang deui, mun dipupus musuh cenah. Lucu, nya? Tapi, da kuring gé resep, ah.

Di kamar babaturan nu prahna di kénca katuhueun kamar kuring geus jarempling. Ukur wawuh-wawuh biasa baé da teu ieu sajurusan safakultas. Salah saurang pangeusi kamar nu gigireun téa, sok kaciri ngasupkeun lalaki, kabogohna kawasna. Babaturan-babaturan séjén gé geus pada tarerangeun kitu kalakuanana. Malah, ku nu boga imah geus dipépélingan geus diélingan, tapi kawasna manéhna mah boga sipat noyod. Keun sina karasaeun balukarna geura. Bet teu ngeunteung kana kajadian-kajadian balukar tina talajak kitu. Apan sok loba anu béréhan, balukarna beuteunna ngarebéhan. Geus kitu, pan sadérogé bisa neguh.

Dipanyéwaan teu pika lucueun ogé loba. Dina hiji soré keur ngariung jeung Mayang, Hégar, katut Asih. Na ari deregdeg téh Si Mayang lumpat

nuturkeun tukang baso nu anyar pisan ngaliwat ka pipir. Teu lila balik deui bari siga aya nu dikeupeul buni naker.

“Ngeupeu naon, Mayang?” ceuk Asih, “Mani disumputkeun kitu, nya?”

“Nyengclé we dina luhur kécap!” témbalna.

“Enya, naon?” Si Hegar panasaraneun pisan.

“Teu!” Mayang bari mukakeun keupeulanana.

Barakatak téh saréréa seuri nimat nakeran. Nepi ka reumbay ci panon. Malum jajalaneun téh séséléké ka pipir nu pinuh ku sasampayan. Mana pantes popoéan karampid ku tanggungan baso gé. Siga tadi, untung kaciri ku nu boga barangna. Narajang mun taya nu nangenankeun, meureun terus wé ngider milu dagang ngurilingan kampus.

“Eta ku wanian. Sok sanajan sapopoé sapeupeuting ngotok ngowo di nu suni, enas-enasna mah ber sakitu wanianana maké ancleung-ancleungan rék ngurilingan kampus sagala!” ceuk kuring téh.

“Enya, Si Kasebelan téh!” témbal Si Mayang.

Peuting beuki simpé asa jauh pitunduheun, tapi ari heuay mah, wuah deui wuah deui. Ari dipeureumkeun teu reup baé. Ras, kan pancén ketikeun nu can anggeus. Rék dipaju deui asa sungkan. Padahal kudu dibikeun isukan. Héng apan nu keur diketik téh anu diniatan dijieunna dihadé-hadé téa. Boh eusina, boh warugana. Kudu, anggeus kalawan hadé. Bisi nguciwakeun. Nguciwakeun kuring sorangan, jeung nguciwakeun nu narimana. Nya bisi kagokkeun meunteunna ari goréng mah. Apanan, nu narimana, enya nu méré pancénna téh anu ku kuring rék dianggap lanceuk téa. Ngan, teu narima cenah ari kuring diaanggap adina mah. Enya, tuh kuring tanggur ingt baé ka manéhna. Bet anéh deui haté téh, ongkoh rék dianggap lanceuk, tapi mun manéhna uplek ngobrol jeung nu séjén sok teu resep nempona. Timburu meureun, nya? Malah, mun karérét ngaheureuyan Si Mayang gé asa ulahuen haté téh. Asa teu mikeun haté téh. Manéhna mah, kiceupna kiceup keur kuring. Seurina imutna iruteun kuring. Teung atuh ah bet jadi kararieu.

Peuting geus réhé nakeran. Simpé. Ngagojod nyimbutan haté. ***

20. BANDA TATALANG NU ILANG DI PAJARATAN

Regeyeng cai saémbér ti sumur kompa téh dijingjing ka hareup lebah lawang ka jalan. Sok ditunda gigireunana. Cai sabun jeung lamak elap mah geus ti tadi ngajugrug. Stangna malik ka jero buruan, buntutna ka jalan, ka nu mudun. Engké mun geus dibanjuran malar caina nyurulung. Henteu meuting dina sela-sela kaléngna. Rék ngumbah motor véspa téh asa rada klékéd naker, rada haroréam.

Ceg kana sisiuk. Gewur-gewur diséblokkeun. Sanggus rata baseuhna héng disabunan rata dikobétan dicokélan leutak garing nu narapel disakujurna.

“Ayeuna mah sagala rupa kagiatan, perhatian téh tujukeun kana poéanana. Boga duit sautak-saeutik teundeun tabungkeun,” ceuk lanceukna dina hiji poé. “Apanan urang téh kudu barang bawa. Kudu babawaan.”

Enya poé nu dianti-anti puluhan taun ku kuring té bet nyérélék baé. Malah asa gancang pisan waktu téh, mani siga nu tuturubun muru kuring. Tuturubun téh ani asa rék notog rég notog baé kana dada. Enya bubuhan poé nu didadago puluhan taun téh didagoan ku euweuh persiapan téa. Sabenerna mah lain teu apal mun rék kawin téh kudun nyiapkeun sapuratina. Rarasaan bet asa teu ari waé rék barang teundeun atawa rék nabung di bank téh. Ah kitu wé meureun perbawana. Cacak mun sapoé neundeun sarébu gé euleuh meureun tada teuing eusi céngcéléngan téh. Mun teu sapoé sarébu ogé, atug sabulan sarébu gé tangtu mun dikalikeun sakitu puluh taun, weu muncetil tah simpenan téh. Ari ayeuna pan éstu ulutud, atawa mucicid mun kahujan mah meureun. Tapi, keun wé ah nu enggeus mah da apan geus kalakonanna ge enggeus moal ka sorang deui. Ayeuna kudu sasadiaan satékah polah ba waktuna kudu cumpon wéh.

“Kumaha sanggup, No?” Haté nanya ka diri.

“Nya atuh sanggem, waruga.”

“Enya, etamah kuma dinya mun sanggup hartina tulus. Mun teu sanggup meureun bolay.”

“Sangem. Sanggem pisan!”

Gesut-gesut lamak elap beunang nyabunan téh dokosok-kosokkeun kana tukeung sadel. Geus koropok naker geuning. Ditoktrok-toktrok ku tungtung ramo gé katangén ngepros. Tétéla jorok. Enya atuh iraha maké ngumbah motor apik nepi ka ngodokan ka jerona. Unggal ngmandian téh cukup luarna wungkul. Mun budak gering mah ngan diseka ku ci haneut. Tara digewur dimandian. Teu kanyahoan boga motor téh. Mimiti ngiridit tilu tauneun, lunas bari motorna gagah kénéh. Atuh saterusna ti satutas lunas kiriditan téh leceng nepi ka umur salapan taun jalan teu ganti-ganti kendaraan anyar. Tah ayeuna dina umur nu ka salapan, minangka puncakna babakti ka dunungan mun réncang mah. Babakti panungtungan. Disebut panungtungan sotéh mun ditingal tina jugrugan wangunna. Bakal euweuh tina paninggal kuring. Moal ngajugrug ditunda dipipir imah. Ari leungiteun téa mah pasti, apan ngajugrug adi pipir téh geus salapan taun. Unggal peuting gé kaciri tina jandéla kaca, ti ruangan tengah. Geus otomatis wé kalebahdinya téh hayang ngalieuk nempo motor. Kacipta, tada teuing panon leungiteunana kana barang nu geus dipikawanohna. Tadi gé disebutkeun leungiteun sotéh mun ninggal jugrug warugana, da lamun ninggal natratna, napakna dina lelembutan mah tangtu mun engké salinjinis jadi duit tur éta duit téh apan rék dipaké kaperluan anu pangpoko-pokona, puncakna kaperluan, kuringna kacida pisan narimakeunana. Narimakeun kan pangabaktina anu hésé pisan

mulang tarimana. Teu kawas mun aya kénéh jirim ragana, ngamandianana, jeung ngoméan bagian onderdil anu geus raruksakna.

Ceg kana sisiuk, gewur, gewur caina caina dibarung diusap nyaah ku dampal leungeun. Dina umur nu kasalapan karasa motor téh geus rada ririwit. Loba pisan gogodana unggal poé téh aya wé gogodana. Ari bitu ban mah pantes meureun da sok susuruduk ka sisi mun kabeneran jalan macét. Ieu mah nu patalina jeung mesin atawa onerdil lianna. Séher mah éta séher diganti mah diganti, nya kitu ari geus ti béngkél téh sok asa katipu waé. Ku ngélétrék téa, ku gocrak téa. Atuh geus puguheun ari pegat kabel rém mah atawa kabel kupling mah mani asa teu eureun-eureun. Apan sautak-saeutik téh teu weléh duit waé. Geus dua minggu ieu mah indit ka pagawéan téh teu kana motor, nya itung-itung sina rada istirahat rada lila duméh rék pileuleuyan téa. Mun ninggal nyoréang salapan taun ka tukang basa mimiti boga motor ieu téh inget kana nyokotna ti toko jeung sobat kuring, Pa Maman. Diajak sotéh apanan kuring mah can bisa numpakanana. Ari singhoréng téh Pa Maman ogé can pati timu ari kana véspa mah, da bogana téh motor honda. Di jalan terus ngadadak eureun. Terus dioprak-oprék ku nu teu timu téa, samar cabak. Piraku onaman ari geus mogok deui mah. Apan karék gé ti toko, ngahayoh diputar-puter tutup buka selang kuplingna. Apan enya teu timu téa. Ngahayoh diselah bari béngsinna ditutup. Katangén sotéh geus taunna aya di kuring mun diputer ka lebah dinya téh hartina liang béngsinna nutup. Atuh, gantian nungtun jeung Pa Maman ka béngkél pangdeukeutna.

“Boga sabaraha deui tabungan téh?” pok deui lanceuk kuring nanya.

“Tara nabung, da!”

“Urang téh kudu boga keur mas kawin, biaya mantuan hajat, pakéan bawaeun. Atuh, kitu deui pakéuan urang. Piraku indit ngaligincing. Basa mawa awak uulutudan.”

Ku mindeng aya nu nanya sarupa kitu lain beuki teger haté téh, anggur réréngjagan. Da puguh pangjawabna kosong téa. Antukna, kawas nu bengong kabina-bina. Molohok baé. Rajeung ngajawab, ngan ukur unggut-unggut kawas dederuk. Unggut kuring nu teu wibawaan.

Regeyeng ngajingjing deui cai saémbér lébér. Sok ditunda. Cag kana sisiuk. Gewur-gewur cai téh diséblok-séblokkeunkana sakujurna ti tungtung katungtung. Kitu deui di kolong-kolongna imeut diséblokan taya nu kaliwat. Nyéblokan téh éstu nyalsé naker dibarung ku gunem catur batin. Gunem catur jeung onderdil-onderdik nu guyon cicing di tempat ajanganana. Geus ngabatin na diri kuring, geus sumerep na lelembutan. Geus ngalemah jeung ngawaruga ali kuring téh apan salapan taun jalan lilana. Gunem catur anya nu wangunna pananya, upamana kunaon atuh séher téh bet mani ririwit naker. Kunaon ban téh asa ku mindeng bitu. Lampu mah éta lampu asa pegat jeung pegat mani remen. Karburatos, busi mun teu titén téh nya skok kitu mawa berewit diperjalanan. Sagala rupa kakeuheu, sagala rupa karenced ayeuna mah kari waasna baé. Ayeuna mah kara nyaahna. Malah, bakat ku jero nineungna maké jadi mandeg mayeng rék ngaluarkeun rék ngajual si dukun téh. Asa lebar ku berewitna, asa lebar ku karéwélanana.

Motor pulas boda geus belél, dipoyankeun. Caina ting kareclak. Gog nagog, bari disérangkeun ti kaanggangan. Nu kapoyanan beuki tuhur luhurna. Handapna nu kaiuhan baseuh kénéh. Cai nu ngareclakan beuki leuwik jiga nu sedih geus béakkeun cipanon.

Geus cunduk, ayeuna waktuna geus cunduk. Apan kajadian ieu téhnu didagoan, nu diperjuangkeun mangtaun-taun lilana. Lain anggur bengon. Geura tanghi, sina tanginas rasa, sina tanginas haté, sina teger.

Daun ceremé mirikpik ragragan nyarangsang kana luhureun motor nu keur dipoyankeun. Siga pajaratan nu ditawur kekembangan.

Kuring neutep waruga jeung lelembutan motor. Waruga kuring, lelembutan kuring. Biheung isuk biheung engké geus ganti dunungan. Ngan mugia wé sing sanajan engké geus dipibanda ku nu lian sing titén mulasarana. Malah, kudu hadé ngariksana tibatan kuring.

Poé beuki beurang, tambah morérét. Motor geus tuhur. Malah geus panas sakujurna téh. Daun ceremé nu nawur dikeprukan ku elap nu geus garing.

Poé beuki nyérelék baé ka beurang. Hartina nyérelék waktu nu dijangjikeun téh beuki deukeut baé. Rasa beuki nyeunyeuitan lebar pisah jeung banda nu geus lawas misobat. Ari ditahan moal enya. Apan ngan ti dinya-dinyana banda nu kaitung badag téh. Malah karasana bakal leuwih natrat leuwih manjang dina hirup kuring, dina sajarah lalampahan kuring. Jaga téh meureun kuring nyawang panineungan hirup kuring, rumah tangga kuring kungsi kungsi dideudeul, kungsi meunang pangrojong ku banda kuring. Nya éta nu ayeuna ngajrag hareupeun kuring téa. Jadi, bakal ngageretihan lalampahan hirup kuring. Tauh apan, birak-birakanana aya di kuring dina raga badagna. Kumaha mun meunang cilaka, tabrakan upamana, apan geus moal kapuluk dina wangun nu waringkas. Ku kituna, sok geura dangdanan, geura buru-buru cumponan nu dijangjieu kamari téa. Sasatna nya apan manéhna anu bakal nulungan ka kuring, salah saurangna. Kumaha engké ari kuring geus niat, geus nyantek waktu, taya nu nawar-nawar acan. Mwureun kacipta kokolopokanana. Kasawang pibalukareunana. Beuki deukeut kana waktu panggih jeung nu niat meuli, asa beuki teu ngeunah haté teu ngunah cicing. Tapi, kuring kudu buru-buru nedunan kahayang nu rék niat meuli téa.

Panonpoé manceran na embun-embunan. Daun ceremé garing ngabayak di buruan urut ngamandian jeung moyankeun motor. Kaciri rada baraseuh kénéh. Rap jakét rap hélem rap kacamata nu geus logor nyantélna kana ceuli téh dipaké. Geus merenah sakumaha kuduna. Kepruk-kepruk dampal leungeun téh diteunggeul-teunggeulkeun kana sadelna. Minangka pangjurung, malar meunang harga nu luyu jeung kahayang jeung paniatan. Atuh, lancar deui urusanana. Sing ngajurung wé kana pamaksudan kuring téa. atung, dimana engké dicobaan boh diselah dihirupanana, boh diajaran ditumpakanana sing cék gur sing tumaninah.

Biur baé indit ka jalan pajajaran, ka béngkél langgan. Nyampak salsé. Manéhna nitah ngadagoan di béngkélna, sabari ngabiur tumpak motor kuring rék ngajonghokeun jeung nu rék meulina téa. Teu lila geus jol deui. Cenah, ngan wani ngaduitan genep ratus rébu rupa. Nu rék meuli téh bubuhan jalma nu apal kana motor kana mesin jeung kana raga warugana. Cenah, kana saaratus lima puluh rébu mah keudu jangeun ngelasan nu korok jeung ngaganti bagian anu raruksak. Mun arék dikaluarkeun ku harga sakitu mah sok. Upama leuwih ti sakitu kajeung bedo, cenah. Kuring teu bisa majar kumaha. Mun bedo ti pajaratan, kuring teu timu deui kudu kamana jeung kudu kasaha nawarkeunana. Jeung deui, kacida perluna téa. Nya kuring nyaluyuan da puguh rusuh téa. Tadina mah ku taksiran kuring jeung babaturan kudu ari payu dalapan ratus rebu mah. Ari ayeuna batur ngan wanieun sakitu. Kuring teu bisa majar kumaha.

Sanggeus diteuteup anteb, biur deui banda kuring téh ngabelesat ka kulonkeun. Kuring teu kungsi nyabak heula. Nyabakl ngusak rék mileuleuyankeun kana geus babakti salapan taun lilana. Panutup nuturkeun nepi ka lesna ilang dina péngkolan di Pajajaran. Pileuleuyan, teu karasa biwir ngunyem. Maké jeung sedih sagala, asa ditinggalkeun ku jalma nu kacida dipikaasihna.

Aya kana dua jamna ngadagoan téh. Nu dititah ngajual téa leumpang ngagidig. Datang-datang hég cingogo. Kuring nyampeurkeun milu cingogo. Manéhna teu buru-buru nyarita. Teg baé haté nyangka goréng. Boa-boa geus kajadian goréng. Boa-boa duit téh aya nu ngarampog, duit kuring ladang ngajual motor kuring. Boa manéhna akon-akon aya nu ngarampog. Padahal mah duit ku manéhna disumputkeun. Enya deuih bet kurang jeujeuhan. Enya ogé langganan ngabéngkél apan da teu apal saha ngaranna jeung dimana imahna. Duh, boa-boa. Motor lapur. Duit teu kapuluk. Apan ngahaja ngajual motor téh boga niat nambah-nambah balanja. Kuring can nanyakeun aya kajadian naon nu geus karandapan ku manéhna basa ngajual motor kuring téa.

Kusiwel manéhna muka bungkusana kantong kérésék. Héng dibuka deui aya bungkusana koran. Dibuka deui. Duitna ngéntép rupa-rupa lambaranana. Aya lima ratusan, rébuan lima rébuan. Lambaran puluh rébuanana mah ngan saeutik. Katémbong lolobana mah lembaran lima ratusan. Malah lambar ratusan ogé aya. Ngahunyud. Héng diitung sabeungkeut-sabeungkeut. Tangtu lilana mah da rupa-rupa téa. Tapi itunganana mah panceg genepratus lima puluh rébu rupia. Nu mangngajualkeun dibéré sapuluh rébu téh embungeun. Hayangna téh dua puluh lima rébu rupia. Ku kuring digoléran lima welas rébu. Cék haté, éta mah daék teu daék.

Geus aya kana samingguna euweuhna motor téh. Konci busi diteundeun dina lomari. Teu milu dijual. Keur panineungan tapi, ari panempo mah kawas nu teu apal-apaleun yén motor téh geus euweuh dina tempatna dipipir. Ku hayang baé ngalieuk ka lebah dinya téh. Kacipta ngjugrugna kacipta diharuduman jas hujan. Kacipta aya baréd dina sepakbor hareup urut labuh. Hélem sérep guwang-gawing ngait tukangeun panto kaluar. Ngahaja teu dijual. Diiwalkeun.

Poé patékadan, dina bulan kayakinan pacngreud asih beuki gancang ngadeukeutan. Tipoporosé hayang buru-buru nganjogkeun jonghokna kuring jeung nu kacida dopikaasihna. ***

22. NU NATAHARAN NGADEGNA BALÉ SÉMAH DI SUKU GUNUNG GAJAH

Panon poé nyorotna geus rada linduk. Cahayana nyorot kana paratag sisi panyawéran beulah kulon. Cahayana rada kahalangan tangkal bungur. Tangkal mah diwalkeun basa ngabukbak tangkalan nu geus umuran malah geus karahot. Cenah, ngahaja henteu dituar alatan aya nu nyicingan. Rahayat henteu wani nuar, pajar téh sieun katulah. Nya nepi ka ayeuna éta tangkal bungur masih ngajega dikarimunan daunna anu gomplok. Mun pucuk-pucukna geus karembangan mani reunceum kawas kondé disarungsum kembang wung. Hartina éta téh deuih pertanda, yén rék usum hujan.

Sakurilingun tangkal bungur geus rempeg padumukan ayeuna mah. Nu ngeusian éta lembur téh lolobana, malah kawasna sakabéhna jalma anyar wungkul. Ngababakan.

Sésa ngalelemah ngaharunyud kénéh na tempat nu ngawates ka tanah milik urang kampung dinya nu teu ka kurung ku babakan anyar téa. Kayaning taneuh, barangkal, batu, jeung réa-réa deui.

Cahaya panonpoé soré masih kénéh nyorot kana paratag na panyawéran belah kulon. Bubuhan negrak jrung paratag rada jangkung, ti panonpoé mencrong nepi ka reupna pisan téh teu weléh nyorot ka lebah dinya. Paratag téh paratag awi pancar dibeulahan, sabeulah-sabeulah. Ngahaja dijieun lebah dinya paragi popoéan maju ka soré. Mukaha panas kacida.

Imah téh nyanghareup ngétan, nandéan sinar srangéngé. Hareupeunana jalan. Mun isuk-isuk téh sok ngeunaheun moyan. Mun kasorénakeun keur nedeng-nedengna panas, anggur linduh iuh di imah téh. Katurug-turug loba tatangkan di pakarangan téh deuih.

Boga imah geus ti béh ditu, samémémh kawin. Maksud téh sasadiaan mun jaga aya jodo teu sararak-sururuk di batur, atawa mondok lila di mitoha. Nya éta rencana téh atuh kaparengkeun.

Ana pruk kawin téh teu lila di imah mitoha. Teu betah nataku. Teu betaheun, lain pédah galak atawa teu bageur ka minantu, ih lain. Mun téa mah teu bageur meureun anakna moal dibikeun dikawin. Ieu mah asa karagok rék guwagawé atawa cicing téh. Arguwa-gawé di pakarangan sok diulahkeun, atawa mimindengna mah geuwat dipiheulaan. Ari ngotok ngowo baé di pangkéng, komo deuih. Apan, ari ngotok ngowo di pangkéng keur anu nyar kawin mah pagawéan pangbetahna. Lah, kawas teu ngarasa baé, ilaing mah. Éta ogé tara barng geureuh atawa sindir sampir, da meureun nganyahokeun, da meureun mémang keur wancina kudu mindeng aya nu di nu nyingkur.

Mokaha rada rempeg nu ngalanteu pindah téh. Salian ti dulur, tatangga gé loba nu milu deuih.

Kuring nyapukan baé, malah mah ngajurung pisan. Pamajikan ngéndong di imah anyarna saminggu. Terus néang atawa balik ka imah kolot. Maksudna imah anyar téh, imah nu kadua sanggeus imah kolotna, imah mitoha kuring. Ungkrah-angkring kitu téh kaitung rada lila, bubuhan pamajikan kakara pisan misah ti kolot. Eukeur mah bungsu apan, ah, encan ngalemah baé meureun.

Maksud hadé basa keur bubujangan, kukumpul sasadiaan, sakapeung mah sok géséh tina implengan. Ari geus pruk rumah tangga mah éta niat nu hadé téh. Enya soal imah téa. Pamajikan atoh teu atoh geus disadiakeun imah téh, da asa

tumarumpang baé cenah. Alesanana mah teu milu mikir, teu kungsi ngarasakeun nyieun, teu milu héséna, jeung sapapadana. Da kitu kanyataanana, sangkana kitu meureun. Sumawona didongéng-dongéng ari paguntreng duaan. Padahal ari kuring mah da taya ingetan bakal pikitueun. Ari niat nyadiakeun imah téh ambéh teu hésé téa, sedeng pruk kawin, nya imah jeung sapapadana gé pruk baé deuih sarua milik manéhna, teu aya pikiran anu lain-lain.

Ih kacida bagjana atuh. Nu hunna ogé mangpirang-pirang. Moal kaubaran ku harga imah lembut kitu, léahna haté manéhna. Léah, daék kawin jeung kuring, mun téa mah dibandingkeun, sanajan manéhna sok ambek mun kuring nyarita kitu téh, datara ngabanding-banding cenah, kuring ajueng alalaki séjén nu papada mikahayang manéhna. Nu jaregud pakayana, sumawona pangkatna, jeung karesep meureun. Tangtu, mun nempo nu kararituna mah, éléh kuring téh. Tapi, aya onjoyna kuring mah, tina harega nu diiming-imingna, tina pangkatna, jeung tina rupana, mana manéhna milih kuring gé. Manu mun pareng heureuy jeung manéhna ayeuna, atawa aya nu nyebutkeun yén pamajikan kuring geulis, bageur téh geuwat kuring némpas bari nyebut “saha heula atuh salakina.” Cekéng téh rada sombong.

Tah, dina raraga ngaheueuhan pamajikan, anu cenah asa tumarumpang di imah téa. Kuring jeung manéhna téh niat nambahan wangunan imah. Rék nyieun kamar, rohangan tamu. Alesanana ngaheulakeun rohangan tamu, nya éta sangkan kuring sakulawarga, dulur-dulur nu ngaranjang ambéh lalauasa di patengahan imah. Teu kagiridig ku sémah. Ayeuna mah mindeng kajadian, pamajikan kitu deui indung kuring sok nongton Teve téh bari gogolérana dianggal, ana datang datang tamu atuh ting biritik indit saanggalna sasimbutna. Anu pangpentingna, malah niat nu poko, nyieun rohangan tamu téh, nya éta rék nyieun hiji tanda minangka tetenger hirup hurip kuring kulawargana jeung manéhna. Manéhna milu aub ngawangun rumah tangga. Ngadegkeun katawekalan diniatan ku duaan, dirasakeun ku duan, dipikiran ku duaan. Rék miceun nyieuhkeun katumarumpangan rarasaan pamajikan.

Tah, ku kituna ti mimiti ngawangwang nyipta pirupaeunana jeung lebah mana rék diadegkeunana diséréнкеun ka pamajikan baé. Atuh nu kapapancénan, “si arsiték,” unggal poé ngusey ngagambar. Gambar hasil ropéana digantungkeun dina panto ka enggon, sangkan unggal waktu kaciri yén boga niat. Jeung muga-muga gancang ngajirim. Sakapeung éta gambar téh dipindahkeun ngagantungna lebah tunjangeun na tenggon, ambéh atra ku duaan kaimpleng samsaré. Sirikna, ngimpi gé ulah nu lain, kudu ngimpi nyieun rohangan tamu baé.

Aya kalana gambar nu geus anggeus téh dioméan deui sababaraha kali, sanajan ahirna mah kitu kénéh kitu kénéh. Sakapeung mah pamajikan téh geus “demam” teuing rohangan tamu tepi ka unggal usik téh ngan meusmeus rohangan tamu meusmeus rohangan tamu. Karing salakina, nya ari ku mindeng-mindeng teuing nga ngadéngé kecap rohangan tamu mah jadi polusi dédéngéan. Pamajikan kitu peta téh éstu sumanget naker hayang geura-geura ngajirimkeun ciptaanana. Ayeuna mah aya émbohna deuih kagiatan “si arsiték” téh, nya éta ngumpulkeun majalah, geus puguh nu aya diimah, nu aya di imah mitoha gé dikumpulkeun héng disoéhan nu aya rohangan arsitékturna. Gambar rupa-rupa wanguna imah katut tata rohanganana, kitu deui modal patamananana dibeundeul diklipingkeun. Boga rasa can nyukupan éta gambar téh, unggal ulin ka dulur atawa kababaturanana

mun kabeneran manggih gambar nu aya patalina jeung wangunan imah katut patamanan imah sok langsung dipénta baé.

“Si arsiték” téh kacida rongkahna ngumpulkeun bahan penujung ciptaanana. Sok sanajan ari rohangan nu rék dijieun téh, kitu deui nurutkeun gambarna téa, ukuran opat méter ka tilu méter leuwih sababaraha sénti baé. Teu bisa leuwih gedé ti dinya, da lahan ngan sakitu-kituna. Heureut kacida.

Kagiatan méméh saré, ayeuna mah salian neutep gambar rarancang nu ngagantung na ttéh nya éta bari mukaan beundeul kliping gambar arsitéktur. Mana nu pangcocogna, mana nu pangantikna nu luyu jeung rohangan tamu ciptaan pamajikan.

Jandéla kaca dapur mun dibuka téh blak kana paratag pamoéan. Lebakeunana sawah guludug. Nya dina paratag éta kuring jeung pamajikan mindeng cinutrun, nyongclo meurun pibasaenana téh, nyalsé. Nyalsé ngadon nyawang sawah, nyawang kebon, nyawang tangkal bungur, nyawang gunung, nyawang pilemburan, jrung tangtu baé bari ngobrolkeun bari ngimpleng rohangan tamu anu rék dijieun téa. Hareupna nurutan gambarna nu itu, pantona ti nu ieu, jandélana ti nu ieu, korsina ti nu ieu, gardéng nu ieu, pulas kusén warna nu ieu. Ah, pokona mah pihadéun wéh mun enggus mangrupa mah. Sugan mah “kamar tamu bunga rampai” wé ieu mah.

Keur ngawujudkeun rohangan tamu téa, geus aya sababaraha bahan matérial nu kumpul. Diantarana, kusén ciptaan pamajikan maké rakocék palucat-palicut, batu jangeun pondasi beunang nugaran Mang Andi ti sisi dapuran cau. Éta batu téh kungsi dipiceun ka lebah dinya, nu ayeuna dipulungan deui. Kitu deui keusik jeung semén geus sayagi.

Dina prungna merenahkeun bahan téh teu lila, sapoé kaduana gé geus bérés. Tohaga da maké selup rangka beton sagala. Ngan, narajang éta nu nyieun batu split bahan carpur keur rangka betonna téa ngageduk, ngabubukeun batu sagedé-gedé hulu nepi ka sagedé kaléci beulah. Ripuheun dulur nu mantuan téh, dampal leungeunna barucat. Batu split téh teu asup kana anggaran balanja. Da atuh meuli téh kagok, teu meunang meuli saeutik. Kudu satengah colt paling saeutik téh. Apan ari keur pondasi mah réa teuing sakitu mah, pira rohangan sagedé kitu.

Kuring ngajangjian ka nu némbok téh ké cékéng téh tujuh minggu deui urang paju deui. Maksud mah heureuy baé, bari ngadagoan tanaga waragadna cumpon. Atuh kuring jeung pamajikan bari ngumpul-ngumpul deui keur bahan matérialna. Sok reuwas ngageblug duitna ari disakalikeun balanja mah. Jeungna deui kétang, teu cumpon wé ari disakalikeun mah. Regeyeng ngajingjing tarajé. Golosor disorosodkeun kana paratag. Nangreu nété kana sawah garing. Laluasa turun dina paratag téh. Narajang pamajikan maha araringgiseun, sieun tikoséwad. Niat mah arék jalan-jalan. Mapay sawah nindak ka pakebonan. Bras waé ka babakan anyar téa. Leumpang lembur. Bari nyawang wangunan imah, pamajikan ngaluarkeun kantong kérésék tilu lambar. Bari cingogo, leungeun mah ngopé pang milihan batu nu manjing jeung ukuran batu split. Teu lila tilu kantong kérésék téh geus pinuh ku batu koral, bahan pispliteun jang campuran beton. Mun aya nu ngaliwat buru-buru nangtung bari tanjak-tunjuk ka imah di jauhna. Mun geus rada jauh leumpangna nu ngaliwat, kuring duaan téh cingogo deui.

Ayeuna geus liwat ti tujuh minggu, malah ampir genep bulan éta témbok pondasi téh can diadegan. Batu split beunang mulung, kantong kérésékna ngaléklék saroéh. Batuna maruragan sisi pondasi.

Gambar bagan rohangan tamu guwang-gawing dina témbok enggon tunjangeun. Diteuteup ku duaan.

Islah teuteup. Reup.

Manglé No. 1287

23. PIPISAHAN RAGA

Beuki peuting nyérelék simpé. Geus sababaraha ratus kiplik panon ngiceup, geus sababaraha puluh kali heuay nyora 'huah' teu dibarengan tunduh.

Peuting mingkin simpé. Katoong kaca jandéla ibunan. Ibun janari. Sajorelat imutna sapucuk kahéman bari ngucap wilujeng kulem jungjunan.

Nya salahna mah salah kuring sorangan. Bongan saha atuh balik ti pagawéan lain hég indit ka Jembar. Ari ieu ngadon balik ka Cihapit di suku Gunung Gajahlangeu. Cenah nyaah, cenah héman, cenah honcécwang hariwang mun pamajikan indit sorangan. Énya teu dibaturan ku kuring. Mana komo ayeuna apan loba kajadian panumpang nu dirangsadan perhiasanana. Tong boro peuting dalah waktu beurang mentrang-mentring di nu ramé ya baé kajadian. Mangka pamajikan téh apan awakna teu weweg teu seseg. Mun ngépéskeun pangjewang rampog moal deuk katanagaan da leungeunna teu paregel. Peupeuteuyanana gé rata wé. Lempay leungeunna téh. Deukeut-deukeut kana rangonyé. Enya atuh da tukang ngigel. Boga karesep kana tari. Awakna jangkung, lempay. Mun awakna seseg manan moal deuk hariwang. Bangsat limpeu mah kawasna moal wanieun ngayonan ka pamajikan.

Geuning bohong. Cenah nyaah. Cenah kadeudeuh ati. Cenah ratu. Mana buktina, geuning ngantep ka pamajikan. Kumaha mun kapiuhan dina beus kota. Meureun digéndéng, ditangkeup ku lalaki séjén. Atawa ku aki-aki. Duh, asa teu mikeun haté téh najan enya rék narulungan gé. Jaba nu ngajambrét geulangna. Geulang nu ngan sajerelet téh lapur meureun. Enya atuh deuih, ngageulungan téh mani ngan sajerelet teuing. Leutik kawas bola cap jarum. Keun engké mun boga milik meunang duit loba rék meuli geulang sagedé indung suku mah geura.

Alesan teu milu nganteurkeun pamajikan ka kolot di Jembar téh da bongan kahalangan gawé, kahalangan dines. Pamajikan mah kana beus kota ka Cicaheumkeun. Ari kuring naék angkot nu ka Statsion. Balik ti pagawéan henteu nuturkeun ka Jembar. Tah ieu nu salah téh. Nu ngalantarankeun kuring teu genah cicing teu tingtrim pikir.

Naha geus nepi ka kolot ayeuna atawa encan. Teu bisa mastikeun. Nu puguh kuring jadi teu tingtrim loba kasieun kahoncécwang. Beuki mindeng nganaha-naha kana diri, mingkin honcécwang. Rarasaan téh tambah ngacacang ka nu lain-lain.

Jam geus tabuh salapan leuwih saparapat, peuting. Tapi, teu puguh gawé. Apan alesan teu nuturkeun ogé nya éta rék ngaréngsékeun nulis naskah pibukueun anu kudu réngsé bulan ieu. Genep naskah buku anu rata-rata 50 lambar tik téh kudu réngsé dina waktu sabulan. Manéhna, ngidinan. Da apaleun apan naskah téh mun geus réngsé dibayar kontan. Ngan nya kitu, anggur mawa mamala. Kuring teu bisa mikir. Ngetik gé salah waé.

Tukangeun imah, bangkong raeng di sawah. Atoheun kaparipisan hujan.

Ngahuleng deui. Maksud mah museurkeun pikiran jeung rasa. Teu bisa. Anggur ngalamun. Anggur nyipta-nyipta pamajikan. Keur gawé naon na wanci kieu. Boa mitoha ngagelendeng kuring, pedah kuring ngantep pamajikan indit sorangan. Najan kuring nu diomongkeunana, apan pamajikan nu ngabandinganana. Éh, karunya. Boseneun boa.

Nyanghareupan méja, nukangan lawang ka enggon. Na méja ngabarak mesin tik, kertas, buku sumber, gelas nu geus kosong.

Biasana mun kuring keur nyanghareupan méja éta téh pamajikan tara jauh ti dinya. Basana téh ngabaturan. Gogoléran na korsi panjang dianggolan na tangan-tanganna nepi ka guherna pisan.

Mun kuring keur ngetik atawa nulis na méja éta, aya wé ngagoda téh. Kudu ngusap beuteungna nu meujuhna menyendol. Pajar meni geus hilap ngusap gé, komo ngadoakeun si jabang cenah. Atwa ménta dipangnineskeun nu ateu dina tonggong.

Kuring neruskeun deui ngetik,. Teu lila pok deui nyarita, cenah aya béntol ateu pisan dina bitis tapak reungit. Bari pék nuduhkeun lebahna. Atuh kuring téh kudu nempo kana tempat anu dituduhkeunana. Mun teu ngagugu, pajar téh geus teu nyaah. Pajar téh geus embung merhatikeun. Enya, aya ku guranyih naker boga béntol sagedé beunyeur leutik ogé, mani ditémbong-témbong. Atuh garo wé langsung, da kuring ogé moal deuk nyaré.

Sakapeung mun mindeng-mindeng teuing kudu nempo panuduhanana téh sok rada keuheul, da gawé teu kaur pék. Meusmeus béntol apuan, béntol tines. Atawa pangmencétkeun palipisan sakedap. Rada riut.

Enya sakapeung sok keuheul. Ari ayeuna apan euweuh. Manéhna teu maturan kuring ngetik. Asa leungiteun kacida. Kacipta. Ari dilieuk na korsi bet suwunf. Biasana bari peureum nangkeup angel. Aya wé polahna téh, sukuna mah ditunjengkeun kana lahunan kuring nu keur ngetik.

Bangkong di sawah tukangeun imah disarada ké. Peuting beuki simpé. Duka tabuh sabaraha. Da teu ngalieuk jam. Ah, da taya gunana rarasaan téh. Saré gé teu daék peureum. Heuay gé suwung. Keukeuh asa aya nu leungit tina diri, asa aya nu leungit tina rasa, tina suasana, tina galécokna batin. Leungiteun.

Rasa diri teu beunang diomongan. Apan baheula gé mangtaun-taun hirup sorangan. Apan baheula gé sok digawé sorangan dina méja nu éta, dina mesin tik nu éta. Naha ayeuna jadi pugag sagala rupa. Jadi paéheun sagala rupa. Jadi paéheun polah, paéheun pikir, paéheun kawani.

Naha maké ogoan rék saré mah golédag reup baé. Tara ieu disimbut tue burung tibra baheula ogé. Kamar masih kénéh nu baheula., langitna jemblong kaompolan bacar baheula gé da kitu. Di kamar, salian ti ranjang, aya lomari pakéan jeung eunteung nu napel na témbok beheula gé da kitu. Naha maké jadi pikir. Naha.

Tah, diri téh tetp tegen teu kalis ku dinaha-naha. Tétéla aya nu leungit tina waruga diri téh. Jadi héngkér batin téh teu dibaturan ku manéhna mah. Taya tanagaan. Mun dipapandékeun kana kendaraan, mesin mah hirup tapi teu kuat gerak. Paling-paling maju ukur ngeyeted nakeran.

Kuring lila nyorangan. Sagala ku sorangan. Pruk kawin jeung manéhna. Batin kuring, rasa kuring geus galo liket jeung batin manéhna. Ana warugana anggang, najan anggang sakedapan, ngalantarankeun waruga kuring geus teu daya teu upaya. Tétéla teu beunang dibébéjokeun. Teu kalis ku dibangbalérkeun. Tétéla, manéhna, pamajikan kuring téa téh geus jadi nyawa kuring. Jadi hawa seger nu ngahuripkeun tutuwuhan sanubari. Jadi tanaga nu ngajajagkeun raga alit. Jadi nu teu weléh ngageterkeun urat getih. Ah, meureun, biheung ayeuna mah kuring mun seug teu dibaturan hirup ku manéhna. Biheung ludeung nikreuh nyorangan nyorang warya dunya nu sakieu ublug-ablag, sakieu harénghéngna biheung labas nepi ka tungtung.

Kasur nu ngan saukur sauted téh asa lega teuing digoléran ku sorangan mah. Asa harapa kacida.

Rét kana poto manéhna, dua dipiguraan. Hadé pigurana ogé. Cirina kuring moal deuk ngalalaworakeun. Najad wujudna mah potrét. Apan potrét kadeudeuh.

Manéhna mah nyaram, kuring majangkeun potét ukuran sakebét-sakebét téh. Pajarkeun téh isin. Tapi, kuring mah reueus. Dua poto badag digantungkeun di kamar tengah, dua deui di enggon. Hiji, nu jadi jilid majalah diruang makan. Maksud kuring mah, manéhna téh hayang tue weléh hadir diunggar sikluk imah. Éta gé lain harti manéhna alpa ti rohangan imah. Pokona unggal kuring ngojéngkang, manéhna, lelembutan manéhna teu petot-petot némbongan.

Neuteup poto bari suda raga ti manéhna kalahka nambahan kakeueung. Asa sedih nyeuit-nyeuit. Teu puguh maké asa diteungteuinganankeun.

Tétéla nambah geulis nambah asri haté jeung ragana téh. Beuki anggang tina waruga beuki atra kahémanna, beuki atra nempo léndo haténa, mungkin karasa kanyaahna.

Duh bet karunya teuing anu niat mikahéman miara diri anggur kungsi sina sedih alatan kasentak u kuring. Enya, bet teu rumasa, matur mah seja mikanyaah diri, waruga alit batin kuring anggur dibéré katugenah haté.

Hayang ménta hampura ayeuna pisan. Rék nyuuh kana kana kanyaah ragana. Apan suwung. Haté sedih deui. Kasebelan téh bet sagala narémbongan.

Arék kedal, kedal ka saha. Rék nyarita apan euweuh sasaha. Indit baé kitu, nepungan pamajikan. Ih, geuning ampir tabuh satu. Biheung aya tutumpakan peuting kitu ti Cihapit mah.

Bet kadéngé baé deuih, dédéngéun ku héotna. Manéhna mun ngajak dahar, ngajak indit, ménta bantuan digawé, ménta dibatuan popolah, ngageroan téh sok maké kodku ngahéotan.

Peuting beuki nyérelék simpé. Geus sababaraha ratus kiplik panon ngiceup, geus sababaraha puluh kali heuay nyoara 'huah' teu dibarengan tunduh.

Peuting mungkin simpé. Katoong kaca jandéla ibunan. Ibum janari. Sajorelat imut na pucuk ibun kahéman bari ngucapkeun bari ngucap wilujeng kulem atuh jungjungan. Teu kedah melang honcéngan da apan panonpoé puguh surupna di mendi. Apan kayakinan geus wedal mancu mu inggeng na bali ati. Kayakinan urang na ati urang. ***

24. MAHEUTKEUN GETIH HURIP

Jut turun tina mobil kira-kira tabuh salapan. Mémang geus diajam ti anggalna lebah dinya téh kira-kira tabuh sakitu. Angkanaan ambéh teu panas teuing, jeung teu isuk teuing. Jadi, mun téa mah kudu nyorang jalan satapak, jukut nu noélan jalan geus tuus. Supaya teu panas teuing, apan ka tempat tujuan, jugjugan téh lain tempat deukeut-deukeut. Jeungna deuih indit henteu nyorangan, teu bisa leumpang lingas. Mawa nu héngkér leumpang. Suga ari mopo mah moal. Leumpang jauh bari poé panas tong boro keur nu teu biasa leuleumpangan, dalah keur nu geus tutur gé aya mopona. Komo deui ieu nu rék marengan nyorang jalan satapak téh nu tara mantra-mantra saba lembur kukurubutan. Bané baé daék sotéh, da nu ngajakna jalma nu geus dipercaya ku dirina. Kawasna geus teu hamham deui.

Ari niat ngajugjug tempat nu ayeuna téa, nya niat duaan. Ari babakuna mah kéténg nyaluyuan pangajak kuring. Daék indit, manéhna nyapukan duméh niat pihadéun. Patékadan duaan. Rasana mah waktu nu rék disorang, indit nu dituju ayeuna, bakal jadi salah sahiji tarékah kuring duaan geusan mulus banglusna paniatan nu geus diajam ti anggalna mula.

Sajutna turun henteu heula ngumbar lalampahan. Tapi, ngadon reureuh di warung na tungturunan. Warung téh minangka tempat pangeureunan boh nu rék miang ti pilemburan boh nu kakara datang ti kota.

Warung leutik hateup eurih. Bangku pangdiukanan tina awi haur saguluntung-saguluntung. Bakating teu suda-suda nu ngadiukan mani geus hérang kacida kulit hinisna téh. Hérang alahbatan meunang mérnis atawa nyirlak. Daganganana, lolobana mah kadaharan pasisian, kayaning: comro, opak, wajit, kurupuk, cau, kulub jagong. Gula beureum wé bonjoran dibungkus ku barangbang, daun kalapa garing. Ari inuman botolna mah éta gé aya, salian ti limun-limun nu hargana murah, nya bangsaning coca cola gé. Piajangeun jalma-jalma nu geus biasa nyanyabaan.

Nya di warung éta kuring gé panggih jeung jalma-jalma sapaniatan sapangjugjugan. Atuh indit téh jadi ragem aya kana genepanana.

Sanggeu reureuh tuhur késang tambah tanaga, kuring indit deui. Mimiti mah nyorang kebon nu napel ka lembur. Kebon sampeu, kebon jagong. Malah pahumaan gé mindeng kasorang.

Rét ka nu nangkél gigireun, kulit pipi nu bodas téh kapanasan semu-semu beureum. Teu loba carita angintil baé. Buukna nu semet taktak téh dibeungkeut ku salempay hideung siga-siga ngaléléké. Sawaréh teu kabeungkeut ruab-riab kana pipi kana tarang paselang jeung késang. Teu dipaliré. Lila-lila mah ukur disusut saliwatan ku tonggong ramo. Duh, ku nyaah teuing. Sakapeung leumpangna dijurungkeun ti heula mun meneran jalan sorangeun téh ukur bisa disorang semet soranganeun.

Katémbong, kahéman tungtung jukut maké milu ngusap-ngusap ngenclangibun kana bitisna. Boa-boa kakoétan jukut riut jeung jukut mosa. Siga-siga tingsuridang tapak beureum tinggarudat.

Jalan nu disorang iuh panas selang-selang kaiuhan kakayon. Panas téh teu pati karasa najan keur meujeuhna manceran.

Geus ti béh ditu ari amprok mah, ngan pada-pada baé. Pada-pada ngigelan lalakon. Ngalakonan lalakon kuring, kitu deui manéhna ngalakonan lalakon

dirina. Teu ieu silih ganggu. Béak teu nyangka atuda, kudu jadi jeung manéhna. Malah kuring mah geus satengah ngalapurkeun. Asa moal pikadugaeun ngaheueuhana, tadina mah. Tapi bet teu kitu geuning. Nya anging Nu Kawasa, nu nedunan paniatan kuring. Nu mindeng direkéskeun téh geulis atina, nu geulis rupina, nu percéka pikiranana, Alhamdulillah diparengkeun.

Ari kana sorot lampu nu caang da geuning teu suda digembrong rametuk atawa siraru. Tah dina raraga nyieuhkeun rametuk jeung siraru kuring ayeuna indit kadua manéhna téh. Lain, lain teu percaya kana pangaping Pangéran. Da apan ieu gé nu ngalantarankeun salamet téh anging Anjeunna. Nu ngaping ngajaring iwah Anjeunna. Ieu mah duméh geus asa ka kolot sorangan baé. Duméh atoh nataku, pédah angen-angen diri dikabulkeun ku Nu Kawasa. Nya rék ngawanohkeun haténa, rék némbongkeun budi parangina pibatureun hirup kuring téa ka nu teu kendat-kendat milu ngadungakeun sangkan walagri katut meunang batur hirup nu sapuk jeung lelembutan.

Nya sakalian deui rék ménta didungakeun sangkan pibatureun hirup téh teu galideur, teu ngoléséd tina pilihan haténa. Kitu deui ulah aya nu rék ngaganggu. Taya rametuk, taya keuyeup, taya cakar haté heulang nu rék ngaranggeum patékadanana nu geus manjing. Da kitu geuning mungguhing gogoda mah, dalah di nu geus ngarangkep gé aya kalana barengkah haté. Tah éta nu dipahing téh. Ulah nyorang ngalaman sarupa kitu. Sugaan ari geus pada-pada asak silih teuleuman haté, pada-pada niténan haté sorangan, pada-pada boga niat rék silih tulungan hirup, silih baturan nyorang waruga dunya, pada-pada silih élingan dina ngajalankeun ibadah, tur dipancuh ku patékadan nu mo galideur deui mah rumah tangga téh muga-muga reugreug pageuh. Atuh séhat sagala rupana. Séhat rizkina, pergaulanana, ibadahna, jeung sapuratina baé.

Éstu pada-pada ngaheneng bé sajeroning leumpang téh, teu dibarung ku gunem catur. Jigana manéhna gé batinna mah keur guntreng jeung dirina ngawangkongkeun jalma nu keur ditangkélanana.

Manuk mah halon-halon kadéngé kénéh sorana. Kawasna, disarada bari ngiuhan.

Beuki dieu nu montél gigireun téh beuki karasa raga badagna, raga lembutna geus rapih sauyunan jeung raga waruga alit kuring.

“Lirén?” cekéng téh, da karérét siga nu geus capé pisan manéhna téh.

Jawabna ukur teuteup. Kiceup panonna kawas nu tunduh. Jigana bakat ku capé, nepi ka kiceup gé rada leuir. Mungguh asri. Késang ngalémbéréh mapay palipisan. Kitu deui baseuh na pupundayanana.

“Ih, tebih, nya?”

“Caket ari dijugjug ku haté mah.” Cekéng téh ngupahan.

Eureun-eureun deui téh di warung leutik. Warung pangreureuhan.

Warung leutik diriung ku nu aleureun. Hareupeunana aya bangku awi saguluntung-saguluntung. Malah catang gé aya. Digolérkeun kitu baé. Dina catang sagédé cangkég gé aya nu diuk. Kuring njeung manéhna gé diuk di dinya, bari nyekel gelas. Gelas manéhna mah ditunda gigireunana dina catang. Caina ngebul kénéh. Kawasna mah teu kuateun ngaregot atawa nyuruput.

Warung téh pernahna di sisi kebon. Kebon pahumaan. Humana keur gedé paré. Turut sisina dipelakan kunyit jeung tangkal gandrung. Selang-selang jeung tangkal sampeu. Di tengah paselang jeung paré. Jagongna jarangkung. Ngarémploh héjo.

Nu areureun di warung téh campur-campur jalma bé. Nu tas nyaraba, nu tas ngala suluh, nu ngaradon ulin baé, jeung nu boga niat kawas kuring duaan.

Di pongpok warung, céngék rancung mani meuhpeuy keur buahan. Hiji dua geus aya nu asak.

Geus pépés késang, jeung manéhna kaciri aya tanagaan deui kakara neruskeun lampah.

Jalan nu kasorang modélna méh sarua, jalan satapak jeung pakebonan. Mindeng leumpang jalan norobos ka pakebonan. Katémbong waluh gedé ngareuy ngayang-ngayang ngarimunana hunyur. Kumis areuyna maruntang kana dapuran paré. Buah waluhna tinggulitik sagedé-gédé bal poli, aya ogé anu panjang. Bontég catang dipelakna na urut durukan. Ngahunyur.

Srog nepi ka lembur leutik, kawasna sa-RT-eun di pasisian. Aya kana 20 suhunan mah. Nu dijugjug téh imah panggung, hareupeunana aya kokobak. Tina bagbagan maké batu titincakan ka golodog mano geus lalemes. Tayohna geus remen katincakan suku baseuh.

Sanggeus ngucap salam, diuk wé di tepas na bangku palupuh. Batur geus nyampak. Kawasna ti isuk mula. Malah geus nungtut marulang. Kuring solat duhur heula di tajug luhureun kokobak téa.

“Bapa apal yén Asép duaan rék daratang. Sukur wé ari geus hasil mah,” Pa Haji sasauran.

Nya geus kitu mah pok waé nyarita maksud kuring datang téa. Sok sanajan, kawasna, niat kuring atawa kereteg haté kuring duaan geus kabaca saméméhna.

Najan beurang da di pagunungan hawana teu weléh seger.

Daun tangkal siga buuk nu gimbal ngémploh héjo dibakutet ku areuy. Tungtung areuyna rantuy guwang-gawing mun katebak angin siga-siga tungtung buuk nu noélan awang-awang beurang.

Manglé No. 1297

25. DAHRI KINGKIN

1

Catet atuh ambéh teu poho geura!” Cék pamajikan ka salakina, Dahri, nu keur uleng siga nu keur mikir. Enya, ngahuleng baé Dahri téh sapirang-pirang lila. Bérés ngasupkeun kaos kaki, sukuna nu geus meunang ngaosan téh teu ujug-ujug diasupkeun kana sapatu. Sapatuna gé nu sabeulah mah dipaké ganjel panto. Sina méléngé saeutik.

Pamajikanana kuprak-kepruk sakadugana wé. Ngeprukan kasur pangsaréanana. Dikeprukan soténan ulah ngebul teuing. Diantep mah bisi matak arateul ka budak. Kumaha mun ngabalukarkeun budug kéh. Kasur téh sakitu geus dibébérés, angger karijut kenyo. Bubuhan kasur geus kahot.

“Lain dék indit?” Pamajikanana geus pok deui ngélingan.

Dahri can némbalan kénéh baé. Katempona mah siga keur maca koran. Koran heubeul. Kawasna nyekel koran nyeta-nyeta nu keur maca téh ambéh teu kaciri teuing keur ngahuleng, atawa keur ngalamun. Sugan ari kacirina keur maca mah moal deuk digeunggeureuhkeun ku pamajikanana. Tapi, sok sanajan nyekelna panceg, sorot panon nojo kana baris-baris bacaan, angger kaciri da teuteupna teu maju-maju.

Koran nu keur dipolototan téh sok ditunda deui di kolong méja dina urutna tadi. Héng ngahuleng deui. Kusiwel catetan leutik na keretas sacewir ti pamajikanana téh dikaluarkeun deui. Héng dibaca imeut naker. Écés jéntré eusina jeung naon pimaksudeunana. Terus ditilep-tilep pasagi leuitk, sup dipésakan deui.

“Bapa indit, Ma!” Bari sup sukuna diasupkeun kana sapatu nu geus jogo ti tadi. Panto téh nutup da sapatu nu jadi ganjelna téa dilaan.

“Ongkosna?” Pamajikanana ngingetan.

“Sajalaneun. Saongkoseun wé keur kana beus kota, bulak-balik.”

“Enya, mudah-mudahan wé hasil. Tapi, mawa wé ulah dipas teuing, bisi aya nanaon di jalan. Bisi nu rék ditepungan keur suwung.”

“Piraku sugan,” témbalna bari jung nangtung, kaluar, héng nutupkeun panto. Kacirieun pamajikanana nyérangkeun ti patengahan.

Dahri leumpang tungkul. Sajeroning kitu pikiranana mah teu cicing. Mikir, rék ka saha heula nu dituju, nu mahi ku ongkos tilu ratuseun.

Di tempat pangeureunan beus kota jen wé nangtung.

Pangeureunan téh ditiungan ku séng kandel katempona mah, da nerapkeunana gé maké jeung dielasan sagala. Atuh kitu deui maké bangku pangdiukan tina beton jangeun nu narungguan sabot beus kota can datang. Ngan édas bet teu dianggeuskeun. Kitu bé pelesteranana gé rubat-rabét jeung ragudig, teu diaci-aci acan sumawonna maké jeung dipasangan téhel keramik kawas nu di alun-alun mah. Padahal ayana di jalan gedé, di jalan ramé. Mun teu salah mah dipasangna basa rék nampa sémah gegedén. Ngan nya kitu bet teu matak asri. Can réngsé geus ditinggalkeun ku nu ngagawéanana. Pajar téh bongon diruksak naé ku nu jarail.

Beus kota geus sababaraha hiji ngaliwat. Sanajan areureun jeung konéktorna tingjorowok ngarajak naék nawarkeun tempat nu rék dituju. Dahri mah nangtung wé, bangun nu teu purun. Batur nu pada-pada megat, geus narungtutan naraék satujuanana-satujuanana.

Basa aya beus eureun nu ka sakitu kalina térékél baé naék. Kabeneran beus téh teu pati pinuh ukur macak-macak wé mun cai dina kotakan mah, pan korsi nu dariuk téh tumaninah.

Beus ngarandeg di unggal tempat pangeureunan. Aya nu naék aya nu turun.

Dahri geus dalit naker ka Maman sobatna. Kitu deui ka kulawargana. Malah keur jaman bubujangan, nya di Maman sok mindeng ngadon dahar. Jadi, Maman éta nu rék dituju ku Dahri ayeuna. Pilihan séjén bisi Maman suwung nya éta ka Usép atawa Rahmat. Ari Usép jeung Rahmat teu dipentingkeun téh alatan jauh tempatna jeung moal cukup piongkoseunana. Nya mun kapaksa-kapaksa teuing mah rék dijugjug baé éta gé. Tapi, ayeuna mah rencanana rék nepungan Maman baé, saheulaanan mah.

Beus ngadius ka kulonkeun, ngaliwatan tempat-tempat nu ramé. Boh ramé ku loba tokona, boh ramé ku jalma nu tingalabringna. Nu ngajaringjing balanjaan, nu dipayung tingpelentung. Nu aleut-aleutan mapay toko baé aya, ukur tingraringeuh hareupeun pajangan barang.

Lebah pasar, beus téh rada alon majuna da nu daragang rada lébér ka sisi jalan. Ku Dahri karérét di toko emas mani ngagimbung jalma, rajeg nalaleukeum kana kaca pajangan perhiasan. Malencrong kana perhiasan nu dipikahayang. Ras ingetanana ka pamajikanana. Inget kana perhiasanana nu can katebus, dipaké tandon keur kaperluan hirupna sapopoé.

Enya atuh deuih bet ngantep basa pamajikanana nyaria rék nginjeung duit ka toko emas, bari nunda geulangna nu ngan sajérélét. Éta gé teu wasa Dahri téh basa pamajikanana boga niat kitu, tapi dalah dikumaha. Ceuk pamajikanana, keun baé cenah da moal leungit ieu. Mun can kaburu nebus mah bayar wé bungana unggal bulan.

Pamajikan Dahri téh kaitung sabar. Manéhna daék maturan hirup susah, hirup nyorang prihatin. Katémbongna sakitu léahna haté pamajikanana Dahri mindeng ceurik na batinna. Kahayangna mah geura-geura meunang rijki nu alus, hayang geura nyugemakeun pamajikanana, hayang bisa buru-buru ngahormat ka pamajikanana. Dahri ngarasakeun hirupna asa gejed. Manéhna henteu ieu ngarasula, ah tumarima wé, da boga kayakinan peuting gé teu hieum saendeng-endeng. Mongklég bakal puyar kasilih ku huripna fajar.

Beus sakapeung silih udag jeung nu pada-pada sajurusan. Rebutan panumpang. Béwara jeung ajakan ka supir, sangkan ulah babalapan nu aksarana tingjareblag dina kaca téh ukur jadi papaés nu sareukseuk. Da, teu ieu diturut atawa dipaliré. Sopan santun lalu lintas, patalimarga téh éstu teu dipimilik ku unggal supir téh. Tong boro ku supir angkot nu bajuna lalodro, buukna cawigwig kucel, dalah ku supir beus kota ogé pon nya kitu deui. Nya ari sakuduna, da beus kota mah nu nagara, atuh meureun supirna meunang gaji anu matuh unggal bulan bisa jadi conto keur supir-supir angkot. Nyontoan walagrina nyupiran, kitu deui nyurahan rambu-rambu lalu lintas nu rajeg sapanjang jalan.

Dahri angger uleng, lelembutanana norobos ka mana boa. Barang-barang nu aya luareun jandéla tingbérébét kasabetan tingal.

Écés deui wangunna, mun pareng beus jalanna kendor. Dahri ngarérétan ka jero beus, geuning metet pasesedek panumpang téh. Bet teu kanyahoan pinuhna ari teu kapaliré ku jongjon ngumbar wangwangan mah. Gigireunana aya awéwé nangtung muntang tipepereket kana gantar pangeumbingan beusi.

Tayohna nahan panyedek, nahan léokna, riyegna panumpang. Rét Dahri ngarérét ka éta awéwé. Seblak deui haténa inget ka pamajikanana. Moal boa umurna mah papantaran pamajikanana éta awéwé téh. Rét deui kana lebah beuteungna nu keur bureuyeung kakandungan kudu adu séréd. Gura-giru Dahri noél. Nu ditoél ngarérét. Sanggeus dimanggakeun dititah diuk, barina Dahri ngajungjung ngoléséd nangtung. Si awéwé téh atoheun naker. Ramo-ramo leungeun kénca katuhuna dianyam kanyaah disinekelkeun dina puhu pinging nyangga beuteung. Késangna lalaunan ngucur mapay tarangjeung palipisanana.

Beuki beurang, beus beuki pinuh. Hawa di jero beuki nyongkab. Nu teu boga cédo mah éta deuih nu udud. Sakitu sumpek téh melenyun wé ngeunah sosoranganana. Dahri ngarénghap rada lila kawasna nahan haseup roko nu nyerebung ngaliwat kana beungeutna.

Di luar, di peuntaeun jalan ngajalugrug beus antar kota. Haté Dahri ngaheruk, bet aya-aya baé. Geuning geus nepi ka terminal. Ehm, abong keur baluweng numpak beus téh teu ngalihkeun heula ka mana tujuanana, Dahri ngagerentes.

Jut baé turun. Dahri ngahuleng sajongjonan, mikir nya pilampaheun saterusna. Jalan lilieatan ka kalérkeun nu kakara pisan kaliwatan bieu antep diteuteup.

2

Puguh sok asa tanggel nyorang jalan malikan deui mah. Tong boro nu jauh, dalah nu deukeut gé sok asa seungguh karasana. Mana komo mun disorang ku haté nu baluweng kawas kawas nu keur karandapan ku Dahri harita. Mun teu salah kana beus mah meureun geus nepi ka nu dituju. Ongkos nu ngan kari sajalananeun deui naék beus kota gues leuseuh balas dikucel.

Dahri nikreuh mapay terotoar. Sakapeung leumpangna mipir-mipir sisi toko. Maksudna mah leumpang bari ngiuhan.

Angkot tingberebet. Cacak mun diburu naék angkot mah bakal leuwih gancang nepi ka nu dijugjug. Lain teu niat Dahri ogé, apan ongkos téh kari sakalieun deui naék beus kota. Ongkos nu rék dipaké, ongkos keur balik. Apan, da bongan salah naék téa.

Dahri leumpang ngaléng hoy. Bari leumpang, leungeunna hayoh mintel-mintel keretas di jero pésak calanana. Panasaran kertas téh dikodok, dikaluarkeun. Sedeng dibaca, manéhna ngagebeg da geuning éta mah catetan pesenan pamajikanana. Lain keretas karcis. Kabiasaan Dahri mun nampa karcis beus téh sok anggur dipintelkeun héng diselapkeun dina ranté érloji. Mun teu kitu sok disakuan. Nya ari maksudna mah bisi kondéktur nagih karcis, kari nempo keun baé.

Manéhna ngarandeg heula sakeudeung bari niténan catetan téa.

Anu tadina niat eureun sakeudeung téh, ahirna mah jadi lila nangtung hareupeun toko barang kaperluan rumah tangga. Manéhna ngagereyem ngakurkeun catetan. Itu pesenan téh geuning, manéhna ngagerendeng. Héng disampeurkeun. Térmos keuitk nu jangkungna kira-kira tilu puluh séntian. Cenah bisi budak ngising atawa ngompol ti peuting. Ngaberesihanana ku cihanéut ambéh teu tiriseun. Dahri ngadeukeutan, nempo bandrolna. Héng dicatet dina keretas pesenan téa. Terus ka luar deui, neruskeun leumpangna.

Dahri jongjon leumpang muru jalur beus kota nu ka kulonkeun.

Enya atuh lain teu hayang néangan usaha deui manéhna téh, da can katoong baé. Salian ti gawé ayeuna manéhna mah teu boga kaparigelan séjén. Jadi mahi teu mahi anu dijeujeuhkeun téh iwal tina beubeunangan gawé nu geus maneuh baé.

Kungsi éta gé aya jorojoy hayang nyieun kios roko hareupeun imahna. Munggaran mah rék ku lomari wé heula. Lomari kaca wadah pakéanana. Keur ngarempenganana rék ngajajarkeun kéler eusi peremén jeung kuéh jajanan barudak. Geus asak pisan rencanana téh. Malah lomari gé geus dikosongkeun. Pakéanana jeung lalamakanana dipindah-pindahkeun kana tolombong.

“Geuning geus dibudalkeun kitu?” Pamajikanana nanyana téh éstu lentong nu datar wé. Maksudna gé lain deuk nyaréék, nitah atawa ngélingan.

“Enya apan arék éta téa,” témbal Dahri bari ngaganjel lomari ditampeukeun kana jandéla.

“Keur balanjaan, Pa?” Nanyana téh miboga maksud ngingetan.

“Aéh, enya,” témbal Dahri halon. Lomari nu geus nampeu téh diiserkeun deui kana urutna, siga nu kakara sadar.

Pamajikanana anu sakapeung mah sok cawadeun téh harita mah siga-siga nu sedih nyeueung Dahri kitu peta téh. Léos baé ka dapur.

Sagancangna gé leumpang nu lungsé haté atuh moal ngagidig jiga nu keur panceg pikiran. Rasaanana tempat nu rék dijugjug téh asa jauh kacida. Padahal manéhna leumpang di jalan éta geus mindeng kali. Malah jauh leuwih ti kitu gé mindeng pisan. Harita mah karasana ku Dahri asa gejed kacida.

Dahri eureun, dongko ngangsrudkeun kaos kakina nu geus ngahunyud di tungtung ramo. Kaos kaki rada ngadat ari dibawa leumpang téh da geus ngoplok kendor karétna. Jadi, mindeng nyorosod. Leuheung ari ukur nyorosod héng ngahunyud di tungtung ramo. Éta narajang natamu, kaos kaki téh kudu rikat dilaan. Geus bolong lebah keuneungna jeung lebah dampalna.

Méméh anjog ka parapatan tungtung jalan lalampahanana, Dahri eureun kagoda ku pajangan barang toko péngkolan. Toko nu ieu mah ngahususkeun dagang kapereluan budak jeung orok.

Dahri alak-ilik tenget naker kana simbut simbut orok warna kayas, jeung kana kulambuna. Hargana dicatetkeun dina keretas sacewir pesenan pamajikanana téa.

“Aya geuning kulambu téh.” Dahri ngagerendeng, “Enya penting pisan ieu mah. Apan di imah téh loba reungit. Duh karunya teuing kudu dicocoan reungit mah. Mangkaning budak munggaran. Budak meunang hayang, sakuduna mah dipupusti.”

Dahri gumbira da kabéh catetan pesenan téa barangna geus aya geus nyampak. Atug haregana gé dicatet tugangeun barangna. Jumlah-jamléh pihargaeunana téh kabéhna leuwih ti Rp 50.000,00-eun.

Gidig Dahri neruskeun lampahna, ayeuna mah asa kasumangetan, leumpangna tanagaan deui. Mun nyampak nu rék dipéntaan tulung jeung aya duitna, rék nginjeum wé tujuh puluh lima nepi ka saratus mah. Tah engké balik deui ka toko nu geus dicatet ngaranna téa. Dahri imut sorangan. Na kongkolak panonna némbongan rupa pamajikanana nu marahmay mapagkeun nu anyar datang rébo ku babawaan.

Dahri ngarasa bungah bisa nyumponan pesenan pamajikanana. Hayang geura-geura ngahormat, hayang nyugemakeun nu tas ngajuru bakal térah ngawujud. Golosorna duit ti sobatna geus asa metet minuhan pésak calanana. Sanajan rada kurang keur balanjana ogé nya sakalian seja ngéclok ka sobatna téa.

Pamajikanana kudu buru-buru jagjag deui, getihan deui. Mun séhat mah meureun ka budakna ogé bakal milu séhat. Nya itung-itung ngagantian tanaga, ngagantian getih, naon-naon kahayangna hamo teu diturut. Peupeuriheun biaya hirup unggal poé kurang baé atuh ari tas ngajuru mah piraku onaman.

Sajeroning leumpang haté Dahri tetep can ngarasa reugreug. Pikiranana ngarancabang cus-cos ka ditu ka dieu. Babakuna mah nu narémbongan téh nu teu paruguhna. Inggis karémpan pamajikanana enyaan ngabukti. Nu ditepungan suwung. Duh, tada teuing kuciwana haté pamajikanana, boa tembres ka budak nu nungguan pangbagéa ti nu jadi bapa.

3

Beus kota nu ka kulonkeun sok areureun kapegat ku lampu beureum. Dahri gé megat beus téh nya deukeut lampu setopan lebah toko péngkolan nu ngajual kapereluan budak jeung orok téa.

Dahri ayeuna mah tiiseun pisan nempo plang nu nerap luhureun beus téh da sieun salah siga tadi. Mun euweuh beus nu liwat, Dahri anteng nempoan barang nu aya dina pajangan. Panempona imeut eunteup tina barang nu hiji ka nu lianna.

“Pantes mun pamajikan maké erok nu itu. Ka luhurna nu itu,” Dahri ngagerendeng, bari nunjuk ku paneuteupna, “Sieup kawasna mah, pulang ngajuru dibaju alus jeung weuteuh.”

Dahri niat mangmeulikeun baju sarupa kitu, engké balik ti babaturanana nu ayeuna rék ditepungan téa.

Sanggeus jéntré beus nu eureun téh jurusan nu ka kulonkeun. Dahri kalacat wé naék. Tipepereket muntang kana pangeumbingan nu dipasang ngagantung, diperenahkeun di luhureun lolongkrang tengah. Pinuh beus kota téh. Dahri ogé mani karuyag-riyeg kasedekkeun. Ah, da kitu ari beus kota mah. Anéh puguh mun beus kota kosong.

Harita langit luhureun kota lénglang. Méga bodasna carang ipis, siga-siga kaén brukat bodas nu kauwak-awik ku angin. Jero beus bayeungyang.

Beuki ka kulon beus kota téh beuki carang panumpangna. Terminal kari sababaraha hiji deui. Korsi panumpang geus parongpong. Saurang-saurang narungtutan turun.

Sanggeus ngaliwatan sababaraha halteu, dina halteu tujuan Dahri turun. Nepi ka dinya téh aya kana lima welas kilo méter ti halteu mimiti nu ti wétan. Gura-giru Dahri meuntas jalan. Bras ka buruan sakola, sakola dasar. Buruan sakola teu pati lega da kaséréd-séréd bangunan anyar

Di buruan sakola téh kaitung simpé, taya barudak di luar. Di jero pon nya kitu deui. Handapeun tangkal katampang di juru buruan aya barudak tujuh dalapan urang mah keur maén bal ku bal sakeupeul.

Barudak geus dibubarkeun, aya rapat guru, cenah ceuk penjaga sakola nu keur nanggeuy baki eusi gelas.

Sanggeus talatah Dahri ngadagoan di buruan kelas. Ingetanana mulang ka baheula ka jaman sakola di SR di lemburna.

Dahri inget jaman harita mah manéhna ka sakola téh tara mekel duit sumawonna jujun-jajan kawas budak ayeuna. Ka sakola téh sok mekel wé manéhna mah ti imah, aya jambu batu, buah ngora, jeung kadaharan lembut lianna. Sok resep ari istirahat diselang ku ngadon mandi atawa teuleum di walungan Cipalebuh babarengan jeung baturna. Nincak di SMP, sakola téh di lembur wé. Nyorang sapatu téh, Dahri, basa rék ujian ka kota kabupatén. Di lembur harita kapereluan sakola téh éstu kacida waluratna. Langka bula-beuli buku pelajaran da teu kaudag biayana téa. Ari nu disesebut ngapalkeun, lain diajar di imah sorangan, tapi di imah babaturanana nu rada lalua patempatanana. Indit téh sok silih sampeur aya kana limaana, diteruskeun ngéndong. Nu sok diéndong téh babaturanana nu di Cikonéng jeung do Blok Lamé jalan Satria. Can aya listrik jiga ayeuna. Ngariung lampu téplok, sakapeung bari ngadapang.

Basa rék pendaptaran ujian ku guru téh dibéwarakeun bisi aya nu rék ngaganti ngaran. Atuh ubyag ampir kabéh budak lalaki mah nambahan ngaran panjangna. Loba ngaran; ceuk pangrasa ayeuna, asa gagah teuing teu kaukur ku tempat asal. Da asa teu wawuh kana ngaran sarupa kitu mah bari jol ti pilemburan. Dahri gé pipilueun deuih. Tapi, éta ngaran gaya téh ku Dahri geus tara dipaké, bet asa éra.

Dahri anteng wé ngumbar panineungan ka lembur ka baligeusanna. Maké inget ka Nyi Icoh budak tukang déلمان, nu sok hayang dibantuan dipangnyekelankeun diajar tumpak sapédah. Dahri ngicipit tukangeunana. Sakapeung dilésotkeun. Kaciri cangkég Cich gugulipekan nahan kasimbangan. Mun ngagaléongna tarik geuwat ku Dahri dicekel. Biasana mah peuting diajar sapédah téh. Inget deuih ka Nyi Iar nu sok ngirim jagong. Ari mawana téh dihijikeun jeung wawadahan kumbaheun disimpangkeun ka pipir imah méméh ka tampian lebakeun lembur.

Langit nu tadi lénglang téh, lebah dinya mah rada angkeub. Abong lega kota téh maké sok hujan wawaréhan, hujan jujumplukan satempat-satempat. Miripisna beuki kerep breg wé gedé hujan téh.

Dahri pindah ka sisi kantor. Lebah dinya mah térasna rada lega, henteu cérét. Nangtung wé da taya bangku jangeun diuk. Tayohna teu disadiakeun bangku, da lain tempat pangreureuhan. Bisi gandéng ngagareuwahkeun nu keur ngantor.

“Pa! Bapa nu badé ka Pa Maman téh?” Ceuk bujang sakola.

“Muhun. Di mana? Badé ka dieu?” Dahri daria, “Abdi réréncanganana!” Pokna deui.

Tadi mah muhun aya sumping. Mung teu lami. Wargina teu damang di Sumedang saurna. Rapatna ogé mung ngiring sakedap.” Ceuk bujang sakola sopan naker.

“Pa Maman? Euh, Pa Maman nu janten Bapa Wakil di dieu.” Ceuk Dahri ngayakinkeun bujang sakola. Maksudna mah bisi aya dua ngaran Maman.

“Leres. Leres pisan, Pa Maman nu ti Situraja.”

Sanggeus yakin kitu mah Dahri amitan. Terus ninggalkeun buruan sakola.

Hujan kerep kénéh. Dahri teu maliré, basa dihulag ulah waka indit ku bujang sakola anggur maksa baé.

Dahri leumpang mapay cileuncang mampir-mampir sisi jalan, jongjon.

Dahri jongjon huhujan, hujan jongjon kerep. Mobil tingsiripit jongjon nyérépét nambahan kotor nu ngiuhan nu laleumpang. Cileuncang congjon ngocor ngabeuleugeudeur ledok. Kitu deui jalma-jalma nu ngariuhan, nu laleumpang, nu dina mobil, nu narooong di tepas imah, jongjon séwang-séwangan. ***

Manglé No. 1305

26. KAMELANG

Ti béh ditu kuirng manggih béja ti babaturanana, cenah manéhna téh arék gawé di salah sahiji perusahaan kosmétik, anu geus kawentar di bandung mah. Boa di sakuliah indonésia gé geus aya cabang-cabangna. Basa ngadéngé béja kitu téh ah kajeung baé da mémang taya patalina jeung kuring. Mana basa panggih téh ukur nanya bari heureuy baé, sahinasna. Cekéng téh geuning parantos didamel.tos gajiahah atuh.

Sok sanajan sabenerna ,ah kuring gé apal, ceuk baturanana téa, manéhna téh geus ngalamar. Tapi, da yakin kana ditarimana. Ku pingpinan PT Sarimaya geus diwawancara. Meureun rék ngajugjugan capétang nyarita, pangabisana, kaparigelanana, jeung nu penting mah rék nge-cék tagog dangong rupana. Da bubuhan pausahaan kosmétik éta téh ngawanohkeun bari ngajual produk kosmétik téa. Tangtu baé nu diperlukeun téh jalma nu soméah jeung boga rupa keur ngirut calon pembeli.

Pingpinan perusahaan téh kawas geus cop milih manéhna.

Ari manéhna téa apan sakitu luwesna. Malah ceuk béja ti babaturanana ogé manéhna téh geus sababaraha kali jadi pinunjul dina lomba kabaya, modél tata-wajah majalah, jeung rupa-rupa lomba nu aya patalina jrung kecantikan. Ngan, ari jadi pinunjul utama mah tacan, cenah. Jadi upama manéhna digawé di pausahaan kosmétik téh aya alusna. Nya, pikeun nambahan kaparigelan kénéh.

Tapi kawasna mah manéhna téh kacida pisan hariwngna, can jejem narima. Atawa, imbang antara narima jeung henteu téh sarua beuratna. Ku kituna, manéhna nyarita ka babaturanana, ménta tinimbangan bongbolongan. Jadi kuring mah nyaho téh apan ti babaturanana téa.

Ti saprak amprok jeung manggih béja manéhna dék gawé diperusahaan kosmétik, aya kana opat bulanna teu manggih béja deui kumah tuluyana. Naha tulus atawa henteu gawéna téh. Kuring amprok téh jeung babaturanana. Cenah, manéhna téh teu tulus digawéna. Alesan bolayna gawé teu kapaluruh.

Kuring atuh jongjon, teu ieuh nginget-ninget manéhna. Manéhna gé kitu kawasna. Ngan anu matak hélok téh éta mun aya kajadian nu aya patalina jeung manéhna sok aya baé nu nepikeun sigana téh kudu kanyahoan ku kuring.

Blak koran téh dibuka. Aya ku rupa-rupa warta kajadian kajahatan di mana-mana. Geus puguh ari nu mergasa maksa mirusa mah, basog paling ku nu geus matuh maranti mah, éta deuih sipat badog paling intelék gé teu tinggaleun. Sabangsaning sipat badog paling nu dilimpudan disalinggerkeun di satukangeun kajabatan atawa kalungguhan nu dicangkingna. Geura éta potongan gaji guru SD nu taya towongna. Nepi ka pantar gubernur sorangan geus sababaraha kali nginstruksikeun malar pagawéan téh kudu geuwat dieureunan. Éta instruksi téh nu panganyarna ditepikeun basa serah terima jabatan Kakanwil Depdikbud.

Puguh wé ari matak ngenes ma. Gaji nu teu sabaraha téh ngan hayoh dirampog ku pingpinan instansina. Sigana mah prah di instansi kasebut mah. Teu guru SD wungkul, malaj guru SMEA swasta nu kakara meunang rapél ogé kuring apal da kabeneran babaturan pisan nu keunana téh di kantor pembayaran dibayarkeun, ari peuting kurunung petugas ti bagén pembayaran téh datang deui, nyokot deui duit ti babaturan téa. Poho deui alesan nu disodorkeunana mah, ngan cenah réa anak-anik nu kudu dibayar.

Kitu deui nu karandapan ku adi kiuring, duru di salah sahiji SMA di daérah. Sababaraha taun kaliwat adi teu meunang rapél dalapan ratus rébu rupia. Éta mah ku kepala SMA-na dipotong tilu ratus rébu rupia. Narajang babaturanana mah dipotongna téh kana lima ratus rébu rupia. Bubuhan guru agama maké bisa kénéh sabar bari mamatahan ka baturana. Keun wé cenah rijki urang mah ngan sakieu kuduna meureun, ayeuna mah urang sukuran baé.

Kolépat beungeut manéhna némbongan. Némbongan tina potopoto mojang nu keur dikabaraya, dina lambaran koran.

Kumaha mun nu dipotong téh gaji manéhna pisan. Lantaran manéhna téh apanan calon guru. Tangtu mun asup gawé téh meunang rapél. Terus potongan unggal gajihan nu aya baé unggal bulanna téh geuning. Karunya teuing.

Saméméhna mah pimanaeun teuing maké kacipta beungeutna, malah kana ngaranna ogé tara ieuh inget-inget acan ari lian kabeneran jogrog panggih adu hareupan. Yén anu rupana kitu téh miboga ngaran kitu. Nya éta rupa manéhna jeung ngaran manéhna. Ngaranna, mun ditilik wangun kecap dibaca karasa ngagalindeng sorana. Wangun kecap, sara, katut rupa téh éstu sauyunan, luyu pisan.

Ras inget deui cenah manéhna teu tulus digawé di perusahaan kosmétik téa. atuh kuring ogé deuih encan nanyakeun naon sababna manéhna teu tulus digawé.

Lamun téa mah manéhna tulus digawé asa lebar temen. Inggis aya nu ngaganggu, ngaheureuyan. Ari nu disebut promosi téa apan kudu daréhdéh, soméah, marahmay, capétang, turta siga-siga gumeulis bari satengah maksa. Lebar temen manéhna mun kudu diheureuyan atawa diganggu, moal boa diulinkeun ku bapa-bapa ku jalma-jalma anu rék mareuli prodak perusahaanana téa. Moal boa ari bapa-bapa mah najan sabenerna teu barutuheun ieuh kana barang-barang kosmétikna, da bongan resep nempokeun paripolah nu mromosikeunanawungkul. Hayang lila hayang nemen dibaturan. Moal boa engké barangna mah teu ditolih-tolih acan geus diduitan mah. Moal boa manéhna meunang “duit kanyaah” leuwih gedé alabatan harga barang anu dibeulina. Kacipta taktakna déngdék da balas nyoréndang tas gedé. Ah, manéhna mah kawasna moal kitu. Lain kelasna nukitu mah

Ih, ngalamun téh bet asa papanjangan teuing. Kajeung teuing atuh da batur ieuh. Boa manéhna mah kacida resepeunana gawé kitu téh.

Koran téh ditilepkeun, sok baé ditunda luhureun map-map nu numpuk sisi méja beulah kénca.

Bada solat isa kuring diuk nyanghareupan méja. Méja kai hadiah ti babaturan saasrama. Basa kuring lulus sakola. Harita téh peraturannngudukeun kuring sangkan ka luar ti asrama. Sabab, tempat kuring bakal aya nu ngaganti. Haté ujug-ujug hanjelu jeung bingung. Ari pédahna lulus ku lulusna kudu kaluar ti asrama. Apan kamar téh geus pada ngadagoan ku nu rék ngeusian. Ari nyéwa kamar apan sakitu mahalna.

Barang meunang kontrakan, babaturan téh méré kenang-kenangan. Aya nu méré korsi sagala salian aya nu méré méja ieu téh. Nya méja nu disanghareupan ayeuna téa paméré ti Sobandi. Dina méja nu ieu sagala kagiatan lumangsung. Maca, nulis, ngawangkong ogé nyanghareupan méja ieu.

Nulis surat ka lembur ka pameungpeuk, Garut Kidul, nilis ngawalonan béja halodo nu ngabebetrek. Geus loba nu dalahar oyék sagala cenah. Kitu deui

baraya-baraya di lemur sarua. Di kota mah apanan teu karasa towongna pangan téh sanajan halodo panjang. Kacipta ngolétrakna walungan Cipalebuh. Kari batu taringgul. Urang lembur nyieun sumur di tengah walungan. Panyakit nyeri panon, budug téh nerekab.

Dilembur téh kungsi halodo lila. Nepi ka kajadian jelema ngadalaha haté tangkal gedang jeung bonggol cau. Loba jalma darugul lantaran ngadaha haté tangkal kawung nu biasa diparabkeun ka meri. Kungsi milu mulung siki karétkan kontrak nagara, pernahna wétaneun lembur. Siki karét téh diolah dijieun dagé. Hésé néangan siki karét téh da ngasruk di nu bala.ngan ukur meunang sababaraha siki baé.

Hareupeun méja bawa baheula ti asrama téa, basa keur migawé hiji pagawéan, ngadéngé manéhna nyarita. Manéhna wakca. Kawasna mah éta niat, éta kahayang téh geus dikemu kawilang lilana. Méméh wani pok ngedalkeun eusi haténa, kacipta manéhna ragot madungdengkeun, nyawalakeun maksudna jeung batinna. Tina éta hasil sawala, kacindekanana kakara ditepikeun ka kuring.

Kawasna haténa ragot jiga tatangga nu isuk-isuk ribut pédah apan kamper samarinda nu diteundeun di panyawéwan geus leungit aya nu maling. Naon akibatna tina éta kajadian ka kulawarga kuring? Kuring kudu leuwih carincing. Kuring ggé kudu mindeng nyaring nempo buruan bisi aya jalma ngulampreng. Atuh lampu luar nu ting pélétét gé kapaksa kapaksa diganti ku nu leuwih caang.

Kawas sakitu taun ka tukang kuring manggih béja manéhna arék digawé diperusahaan kosmétik. Harita sanggeus mindeng dipikiran, naon sababna loba jalma nu nepikeun perkara atawa kajadian nu aya patalina jeung manéhna bet kudu nepi ka kuring. Nya, rasa téh blak muka ka manéhna. Manéhna jadi mindeng nganjang na lelembutan. Nganjang raga alitna ka buruan batin kuring. Sakitu ari waruga badagna mah langka amprok. Ku mindeng-mindengna kaanangan rasa, antukna mah waruga téh asa dalit jeung ragana. Raga manéhna, boh raga lembutna boh waruga badagna. Raga badagna kuring kapiheulaan wanoh ka waruga alit batin kuring. Pantes na kituna ma, da bubuhan mindeng kaanangan téa. Mindeng kajadian nyebut ngaran batur awéw, keur ngobrol pahareup-hareup, bari nyebut ngaran manéhna. Puguh waé sok kaéran atuh.

Padahal mah, meureun, manéhna mah keur dimana boa, kumah boa, keur jeung saha boa.

Kahariwang harita basa ngadéngé béja ti babatuuran, mun dibandingkeun jeung ayeuna, kahariwang téh leuwih gedé karatna. Kahariwang béh ditu mah éstu kahariwang ti hiji kawawuhan ka babaturanana baé. Kahariwang nu tumuwuh nu diri kuring ayeuna mah, sasatna langsung ti béja nu ditepikeun ku diri manéhna pribadi ka kuring tanpa perantaraan nu lian.

“Asa kesel di bumi baé. Hayang ngabantuan deuih, moal enya nu kuar-kier néangan kipayah téh bet nyalira baé. Ari abdi ngeunah-ngeunah nyalsé dirorompok. Hawatos ninggalna.” Cék manéhna dina hii peuting. Kutu gé nyaritana bari teu nempokeun beungeut. Jongjong baé maca majalah.

“Naon? Baruk hoyong ngabantuan?” cekéng téh deuih api-api teu ngarti kana maksud omonganana..

“Muhun hoyong ngiring ngabantuan nyiar pibalanjaeun. Tangtos ari moal ageung mah. Tapi manawi ari nu ngalana duaan mah moal pas pisan teuing,” cék manéhna deui. Ayeuna mah bari neuteup ka kuring.

Kuring nu diteuteupna jempé. Rét kana lampu. Rét kan poto manéhna. Diteuteup rada lila. Kawas neutep poto manéhna baheula. Ulang, teleb naker.

Geulis, manis, narik ati, manja jeung sajabana. Tapi kedal ka manéhna mah henteu harita mah. Bisi beuki ogo, ah. Ceuk raga badag wé ka dulurna, waruga alit-batin.

Rupana teu robah na poto baheula jeung rupa nu ayeuna.

“Kumaha, kénging?” tayohna mah manéhna uleng deui nyaksian polah kuring. Atuh kuring ngarénjag asa katohyan keur ngahuleng.

“Ari didamel téh didamel naon, upamana”

“Ah, naon baé anu saé anu halal.” Manéhna daria pédah meunang jawaban ti kuring.

“Di PT Sarimaya, perusahaan kecantikan téa?” ceuk kuring nguling ngulangkeun deui ingetanana ka sakitu taun ka tukang.

“Ih, bet émut kénéh, geuning.”

Tadi gé geus disebutkeun yén kamelang ayeuna mah karatna leuwih gedé na diri kuring téh.

Mun téa mah jadi gawé dikantor anu tiisuk nepi ka beurang tampolana nepi ka soré, satempat jeung pagawé séjén. Rupa-rupa karakter. Sahenteuna baé ari pagilinggisik unggal waktu mah jeung batur sakantor anu tadina luar biasa téh bakal biasa deui.

Loba kajadian anu menjalin cinta jeung batur sakantor, lain pédah teu percaya kana sipat atawa karakter manéhna. Da manéhna mah taya sipat loyur kulat-kelét ngirut batur. Manéhna mah éstu polos, kugu pisan sipatna téh. Nya hal ieu pisan nu ngalantarankeun kuring kacida pisan hariwangna.

Kacipta éta batur sakantor seubeuh neutep ka manéhna unggal poé. Nu méjana pahareup-hareup neutep beungeutna. Neuteup bongoh maling-maling. Nu tukangeun melong moho ti tukang. Buukna nu panjang, taktakna, tangtu pundukna nu beresih jeung bulu lembutna téh mindeng némbongan. Tina sela-sela buukna téa. Moal boa runtuyan kajadian kitu téh bakal nimbulkeun rasa birahi. Terus jadi skandal. Piraku onaman kuring kudu ngingintil manéhna, apan kuring ogé boga gawé.

Mindeng kajadian nu boga salaki main cinta jeung batur sapagawéanana. Tur lumangsungna téh terus-terusan.

Haté keukeuh teu méréan lamun manéhna hayang gawé diperusahaan atawa kantor. Da lamun aya modal mah nya mending usaha nu dipigawé di imah baé.

“Iraha pendaptaran ka kanwil Depdikbud téh?” cekeng téh. Bet enya deuih kakara inget manéhna téh boga ijasah sakola guru. Rarasaan mah asa leuwih cocok jadi guru batan kudu digawé ngantor atawa diperusahaan kosmétik mah.

“Duka nya!”

“Tah isukan mah urang ka Departemén Tenaga Kerja urang nyuhunkeun kartu kuning. Nterus ka kantor pulisi nyuhunkeun surat kelakuan baik, terus ngalégalisir ijasah, terus néangan informasi ka kantor kabupatén. Cenah leuwih loba nu lulus tésting di kabupatén tibatan di kota madya mah.

Enya geuning loba tahap jeung saratna nu kudu dipilampah téh biheung réngsé tilu opat poé.

Lila-lila mah kapikir ku sorangan, enya enggeus manéhna ngerewih baé hayang gawé, yén najan masing-masing buruh tina gawé téh saeutik ari nu ngalana duaan mah meureun rada gedé ari geus di hijikeun mah.

Ngan nya kitu nu can ngidinan téh éta ku kamelang haté téa.

Balik gawé manéhna ngadagoan angkot atawa beus kota, narajang mun usum hujan mah kana héséna tutumpakan téh. Gurutuk aya mobil ngadeukeutan. Nu nytirana wawuh, urut kabogohna nu mimiti, “cinta pertama”. Najan alim-aliman nolak, nya tibatan anu ngajak teu wawuh mah, kawasna léah ogé kana pangajakna najan tadina mah satengah maksa. Dianteurkeun nepi ka imah, kuring keur suwung. Beu bahaya. Ari cinta pertama téa sok lila napakna. Apan deukeut imah ogé kungsi kajadian. Awéwé geus boga anak parawan, kawin jeung lalaki nu geus kurenan. Nyaritana mah geus pepegatan, lantaran teu reugeujeug rumah tanggana. Nya pruk kawin, kawasna sono nakeran da baheula ogé pegatna teu karana pasal goréng. Jadi, waktu pegat téh ari duriat mah masih ngagedur di masing-masing dirina. Aya béja urut kabogohna geus léngoh deui nya disusud ditéang ditanyakeun. Kawinna teu kungsi lila ukur bubulanan baé. Kawasna méakkeun kapanasaran. Lalaki balik deui ka tempat tugasna, jeung tempat anak pamajikanna nganjrek.

Ras deui ka manéhna. Kungsi kuring nanya, naha arék jiga kitu mun kapaksa kudu nyorangan. Moal cenah. Arék ngagedékeun budak wé. Arék nyorangan nepi ka tungtung.

Nya kitu ari guntreng téh méméh saré. Kuring ngaheureuyan manéhna, manéhna ogé malik naur embung éléh. Peuting beuki simpé. Potrét rupa-rupa ukura, rupa-rupa polah ngagantung sakurilingeun. Potrét jaman béh ditu. Teu weléh karérét nu gigirireun na tunjangeun ngalumbuk simbut.

“Peuting beuki simpé.”

“Muhun. Ari kitu badé naon?”

“Énjing urang éta téa. Urang ngalereskeun surat-surat pendaptaran.”

“Nya muhun atuh, midamel nu kitu mah kedah énjing.”

“Ayeuna?”

Manéhna imut.

Sulusup ka jero simbut. ***

27. ÉROSI

Cipalebuh téh ari keur caah mah teuing maké bisa dipeuntasan. Apan sakitu jerona jeung sakitu tarikna. Da gedé pisan risikona. Ku kituna tara aya nu wani nyoba-nyoba.

Mun walungan caah sapaparat sisi loba jalma nu nyekel gantar maké kakaitan, ngaitan sarah, kai jeung awi anu paralid jang pisuluheun.

Di nu liuh turut-turut sisi dina bagian anu déét mah loba nu nyair hurang. Isukna mun geus orot caina resep ngecrik muru ka tonggoh. Manéhna ogé sok milu mawa korang ngundangan bapana ngecrik. Ngarungkupan nu laliuh tukangeun batu galedé anu dasar caina keusik. Sakali nagrungkup mani pinuh panon heurap téh, rimbil. Hurang rupa-rupa ukuran. Tingkorocok ngajaleprét jero korang. Ngecrik téh nepi ka bendungan Karacak.

Walungan téh urat getihna lembur. Huripna lembur éstu kacida gumantungna kana éta walungan. Boh keur kagiatan MCK, boh keur kagiatan tatanén. Naon sababna manéhna jol-jol inget ka lemburna, inget ka walungan paragi mandi papalidan dina gebog mangsa keur leutik jeung paragi ngecrik. Nya ieu walungan nu méh unggal poé kaliwatan indit jeung mulang gawé.

Tapi ari pangpangna inget, mulangkeun ingetan ka alam béh ditu téh, nya akibat timbul dina pananya pamajikanana.

“Kang, boh bilih seueur réréncangan sakantor ka darieu kedah sadia wé leueuteun mah. Iraha nya badé ka darieuna?”

Nu dimaksud ku pamajikanana kecap leueuteun téh tangtu baé lain ngan saukur inumeun, tapi opieun sarupaning kuah-kuéh.

Manéhna inget kumaha rasa saihwana batur sagawé di lembur kompak kacida ngadatangan kancana nu meunang musibat. Puguheun ari nu meunang mamanis mah. Éstu teu bubuatan. Éstu ariklas kararep haténa sorangan. Najan jauh gé dijarugjug baé. Ngabring leumpang da puguh harita mah tacan aya tutumpakan kawas ayeuna. Eukeur mah deuih ka daérah pasisian atawa pagunungan mah tarahal jalanna. Taya alesan seungguh. Ih resep wé gogonjakan sajajalan. Apan ka Linggamanik, ka Nenggeng, ka Bojong jeung ka tempat-tempat séjénna téh kaitung sakitu jauhna. Malah mindeng indit téh sabondoroyot. Teu sakali, unggal taun malah, kantor pagawéan ngayakeun rékréasi kulawarga.

“Kang, geuning can jol baé réréncangan ti kantor téh,” pamajikanana nanyakeun deui.

“Rariweuh ayeuna téh, keur meujeuhna loba gawé,” ngajawabna éstuning spontan baé. Da enya atuh. Babaturan gawé di kota mah henteu kawas jaman keur di pilemburan.

Karasa pisan ku manéhna. Baheula di gawé di pilemburan nu lega patempatanana, di lingkungan anu mana boa pendidikan masarakatna kacida handapna, di tempat gawé di kantor anu rata-rata golonganana ogé golongan dua, bet leuwih karasa asa dironom ku kaléah haté, éstu teu pupulasan. Ku tékadna jeung kahayang ningkatkeun diri, manéhna daék diajar. Tétéla aya hasilna ari dikeureuyeuh mah. Pendidikan formalna beuki ningkat, sanajan henteu gancang ngabelesat. Da bubuhan tadi ogé geus dicaritakeun, dikeureuyeuh nyelang-nyelang tina gawé matuh, gawé poko, maké biaya meunang nyiwitan tina buruh nu teu gedé. Kitu deui meunang pangrojong, piwelas ti pingpinan kantorna.

Najan ngeureuyeuh boh golongan boh gawéna beuki ningkat. Kitu deui tempat gawéna beuki ngadeukeutan nu ramé beuki ngangsi ka kota. Mun nempo nu kituna mah enya siga nu ningkat, tapi da manéhna mah teu obah-obah. Angger baé siga baheula-baheula, boh kabogana boh kasederhanaanana.

Ku dikeureuyeuh téa, ayeuna manéhna geus aya di golongan gawé nu rada luhur. Batur sakantorna gé garinding boh tangtungan boh pakayana. Ka kantorna maraké mobil pribadi sanajan teu kabéh kasebut weuteuh. Cukup wé jangeun suat-siet gawé tambahan di luar kantor matuhna. Anu kasebut saluhureun, anu senior mah kabéh gé boga gawé sarupa kitu. Tempatna di daérah luareun kota propinsi. Katempona téh leuwih saruhud, da bubuhan aya kalana buruhan lipet-lipet gedéna batan ti gawé pokona téa. Manéhna mah can aya kasempetan sarupa kitu téh. Éstu ngadukduk di tempat gawé pokona baé.

Halodo téh asa tarik pisan. Asana mah geus aya kana tilu bulanna taya hujan. Mangkaning imahna téh aya di patempatan anu pinuh ku kebul.

Dina téras hareup mani kandel cacak disapukeun teu sirikna unggal usik gé angger baé pinuh. Kitu deui dina daun pepelakan anu dipotan dijarkeun di panyawéran gé meni beyetuk. Mun kabeneran kagaris ku nu ngaliwat mani rabeng. Sakapeung arateul kana awak.

Tangkal balingbing di juru imahna kembangna ngaguyun sacomot-sacomot dibulen sireum hideung. Antay-antayan dina témbok nganteng kawas bola hideung. Manéhna mah mindeng ngeletek baé di pakarangan, kurad-koréd nyabutan jukut jeung ngomé pepelakan dina pot. Potna ogé kaléng urut cét jeung émbér plastikmu mariis. Ngaremploh héjo daunna bubuhan hadé piara.

Angin halodo ngahiliwir ngendagkeun dangdaunan. Daun ngendagkeun lambaranana ngahihidan nyieuhkeun bayengyang. Atuh nu keuna kana kulit manusa mah tiisna baé. Tétéla angin anu teu kungsi pancakaki jeung manéhna ogé héman kénéh manggeberankeun. Karasa nikmatna.

Manéhna inget deui ka jalma-jalma anu sibuk. Nu katempona téh tisuus tidungdung nyiar duit. Hirup ngan saukur gawé jeung gawé. Ana bray téh poé tingalajrug ngaronjangan beurang. Geus kurang maliré kana galindengna sora haté. Rasa sosialna geus ledu. Haté geus teu linduk jangeun ngiuhan jeung silih iuhan. Pergaulan geus teu seger najan dibandingkeun jeung angin halodo nu neumbag daun supliir dina pot émbér plastik, anu neumbag kana awak manéhna basa keur ngomé pepelakan di buruan.

Jalma anu luhur tingkat pendidikanana jeung garinding pakayana encan tangtu rasa haténa gé kitu, ngemploh héjo matak nyegerkeun téténgoan, ngaasrikeun buruan haté.

Matak, basa pamajikanana nanyakeun, iraha batur sakantorna ngaranjang néang pédah kulawarga manéhna meunang kabungah boga buah kameumeut nu lawas diarep-arep émbolna téh, ahirna mah teu matak jadi kareuwas. Da, meureun kitu galibna keur nu saribuk ngaronjangan dunya mah. Da, teu perlu silih anjangan rasa. Kuriak baé nyongcay waktu. Ari waktu apan ukuranana téh duit.

Manéhna inget keur jaman ngurek di lembur. Antanan ngayang sapapat galengan, bet héman kénéh ngarumenungkeun sirung pucuk undeureun jelema. Teu kalis ku katincakan.

Sagala geus diukur ku waktu. Gawé jeung kagiatan nu dipambrih téh daya guna tepat gunana, éféktif katut produktifna baé. Énya na nu kituna mah lir robot. Gugon jongjon gawé jeung hasilna bisa mucekil. Teu perlu aya silih

wilujengkeun, silih anjangan rasa da apan ngaranna gé robot téa. Duka mun pédah keur aya dina éra industrialisasi mah.

Gigireun tangkal balingbing téa tangkal jambu aér nedeng kembang. Bodas ngeprul bulu-bulu kembangna. Ngabarak dina kenténg dina talang dina buruan pangupukan barudak ulin. Kembang ngeprul katodél nyiruan jeung katebak angin leutik, ngeprul ngaliarkeun pangabetah paningal. Nyukakeun rasa singsaha baé nu seukeut rasa dirina. Hal ieu nu ngalantarankeun anjogna rasa sukur iwal ka Nu Kawasa baé. Bet Anjeunna nu teu kendat mihéman mah. Bet Anjeunna nu teu weléh nyodoran ku rupa-rupa kanikmatan mah. Iwal jalma nu boga rasa sukur anu masih bisa ngarasakeun nikmatna hiliwir angin katiga, héjo ngemplohna pupucukan, méga putih najan sacewir, ngalamukna gunung najan kahuru, rabengna silalatu jeung kebul nu diriabkeun angin. Najan sakumaha doréksana teu weléh aya berkah nikmat, katut pangabetah anu ngancik jeroeun rasa.

“Nyadiakeun dahareun téh anu pantes, jangeun tatamu. Enya, ambéh teu kaserempek baé, teu hararésé ari geus nyampak mah,” mitohana keur gutreng jeung pamajikanana.

Sanajan teu dititah ogé pamajikanana geus hideng, da apan geus apal kana kailaharan. Piraku ari ka nu nganjang teu nyuguhan cai-cai acan mah. Komo deui ieu meunang kabagjaan.

Pamajikanana ngahuleng, na pikirna aya rasa dosa ka kolotna, teu bisa nyukakeun ku ngadatangkeun batur sapagawéan salakina. Padahal éta téh kacida diarep-arepna. Lain pédah ngarep-ngarep kana babawaanana. Da teu barang bawa gé teu jadi soal keur manéhna mah. Ieu maha bawaning ku hayang némbongkeun ka kolotna yén enya-nya di tempat salakina digawé mah kakulawargaan téh éstuning diajénan naker. Nu dipiharepna téh ucap jeung nyogrogna beungeut tanda milu bagja, peun, henteu leuwih.

Tapi geus aya kana dua bulanna, nu dipiharep daratang téh can émbol-émbol, tong boroning daratang, apanan méré salam kabungah gé henteu.

Tah éta pisan nu matak kacida hanjelu pamajikanana téh. Kitu deui manéhna, teu bisa wakca nerangkeun ka kolotna pangna babaturanana teu daratang baé téh. Manéhna teu bisa nerangkeun yén pajamanan ayeuna mah geus robah. Teu sakabéh jalma ngarti tur bisa ngajénan rasa, cara baheula.

Kéler-kéler kuwéh sampakeuneun téh kalah beuki orot. Lir walungan déét nu ngolétrak saat kakatigaan usum. Ieu gé teu bina keur manéhna mah, sasat bawaning surud ku pangbagéa. Saat kalis ku diréwodan ku nu teu sabar ngadagoan.

Langit langgong ngelewang biru. Langit mapayungan katingtriman manéhna. Langit béngras. Haté béngras. Kembang jambu ngeprul bodas kapas teu kendat-kendat nebarkeun kahéman. Kaéndah neba di pakarangan rasa manéhna sakulawarga.

28. STRATÉGI

Suhunanana kenténg barong. Warnana geus henteu beureum deui. Lantaran éta wanguna téh geus aya umuran. Teu katingal belang anyar heubeulan deuih, da taya tapak ngayuman. Beleger wé kenténg téh sasuhunan, bubuhan kenténg hadé. Taya nu miis, sumawonna bareulah. Ditincakan ogé kuat. Hateup wangunan anu sabeulahna mah tina sirap. Sirap pangayumanana beureum kénéh, nandakeun anyar dioméan. Teu diganti sakabéhna. Duka anggaran balanjana ngan sakitueun, duka diaturna mémang kitu. Najan duitna gedé, ari niatna ukur ngayuman mah nya diayuman baé, najan dina laporan ahir disebutkeun diganti sasuhunan. Sok mindeng kabéjakeun nu milampah curang dina migawé pagawéan nu sipatna gedé atawa proyék. Muga-muga baé éta suhunan mah teu ngarandapan gawé kitu.

Wangunan téh dua tahap. Nu handap dipaké kantor bagéan administrasi, ari nu luhur dipaké kantor pingpinan.

Kepala kantor katut tilu wakilna ogé nyicingan tempat anu sarua. Ngan dipisahkeun ku dingding triplék nepi ka langit.

Unggal ruangan, kacana digardéngan ipis warna gading sahéab. Di opat ruangan kasebut téh disadiakeun korsi tamu. Jangeun kaperluan nu nyémah. Di ruangan Kepala Kantor mah leuwih asri tata ruangna téh, boh lukisan nu ngagantung, boh pepelakan nu dina pot. Di luhur tukangeun korsi méja Kepala Kantor dipasang gambar présidén jeung wakilna. Kitu deui Lambang nagara, galudra. Bandéra beureum bodas dipasang ngaréndéng jeung bandéra lambang kantor. Sagala kagiatan nu aya di dinya kasaksian ku barang-barang nu luhur ajénna téa. Ku dipasangna hal éta supaya gawé téh aya dina benerna, aya dina leunjeuran kajujuran, rancagé jeung sajabana. Nu nyicingan éta tempat diharepeun malar pageuh kana sumpah jabatanana. Henteu nyieun lampah anu teu diwenangkeun ku sumpahna, dina hal ieu nagara. Komo deui ku agama anu jadi agemanana.

Jadi, ayana di dinya téh keur ngélingan, keur panyengker. Yén, laku lampah téh aya nu nalingakeun. Ari nu nalingakeun, seuhseuhanana apan bisa ku waruganing lelembutan, ku rasa imanna. Ari gambar mah apan da ukur barang ngaranna gé.

Jandéla dibuka saukur engab, malar sirkulasi hawa téh teu gedé teuing. Sanajan ruangan Kepala Kantor, tapi teu di-AC-an.

Gardéng nu katiup hulab-helob nurutkeun gedé leutikna angin. Ngahiliwir kana gardéng, ngahiliwir neumbag kana bandéra, kana daun tangkal anu asri dina pot, neumbag kerteas luhur méja nu disanghareupan ku Pa Kepala. Lila naker Pa Kepala téh uleng nyanghareupan keretas. Sakapeung tarangna kerung, nandakeun yén nu disanghareupanana, nu dipikiranana téh pasualan nu hésé kacida. Mun geus kerung kitu tulas-tulisna téh teu aturan deui. Tungtung pulpénna mindeng nyieun gurat, atawa nyieun buleudan. Ngaguratan jeung ngabuleudan tulisan ngaran. Bisa jadi éta tulisan ngaran nu diguratan atawa nu dibuleudan téh nu sapuk jeung lelembutanana atawa anu kudu disieuhkeun. Sakapeung paromanna marahmay bari jeung sura-seuri. Mun geus kitu, leungeun nu keur nyekel pulpén téh jadi robah gerakanana ogé, jadi anca. Alon malah. Ngawirahma. Tungtung pulpénna unggut-unggutan kana lambaran keretas. Gerakan nyieun titik-titik. Kitu deui, nyieun guratna ogé mani ngageleser tungtung kalam téh.

Lageday Pa Kepala téh nyarandékeun awakna, panempona mah nanceb kana lalap. Bros lalangit, bros suhunan. Bros norobos ka awang-awang. Implengan, angen-angen, kahayang jeung sarupaning akal nu teu weléh muter jeung diputer-puter, kumaha carana sangkan tetep nyekel kalungguhan. Apan, jabatan nu ayeuna téh jabatan tahap pamungkas. Tahap anu kadua. Mun teu kapilih deui, Pa Kepala tangtu kudu ngoléséd, kudu turun tina korsi kalungguhanana. Tah, aya hadéna, engké nu ngaganti téh batur saihwan.

Pa Kepala mah ngabédakeun harti kecap saihwan jeung sakawawuhan atawa sasobat téh. Saihwan, nya atuh kudu ti ihwan, ti grupna. Lain ti nu dipisobat. Ari nu dipisobat, anu dipikawanoh, tangtu baé gedé gunana. Ieu mah keur pangrojong néangan sora. Malar meunang sora pamilihan anu réa. Gul jadi calon unggulan. Calon kepala kantor. Turta ahirna kapilih. Ari geus kapilih, apan nu jadi kawasa. Kumaha sorangan. Nu nangtukeun rék saha nu jadi wakil I, II, III. Tangtu baé anu saihwan téa. Éta cenah poho ka panginditan, teu jadi soal. Éta seni atawa kiat permainan. Leuwih kandel, leuwih condong ka ihwan manan katineung ka batur sabali geusan. Kualitas diri? Ah, sadérék mah.

Tipe Pa Kepala, mun henteu nyekel jabatan atawa boga kalungguhan téh sok gering ngalanglayung. Mana boa tiktikbrek. Ku kituna, teu weléh muter akalna. Mun lésot ti nu ieu, kudu ka mana lumpat, kudu ka mana ngeumbing. Tah di dieu gunana ngatur stratégi téh. Tepat atawa kudu panceg nempatkeun ihwan téa. Unggal ihwan kudu aya di unggal bagian. Saha nu kudu digésér diiserkeun. Bari nu diiserkeun teu ngarasaen. Barina ogé mun ngarasaen, ah kajeun téh teuing. Ari sadérék! Apan éta senina kitu kiatna. Ah!

Angin angger kénéh gugon kana hancana. Tingsulusup kana lawang angin-angin, erang-erang, kana handapeun panto, kana jandéla anu engab. Tingarendag kana barang-barang lembut nu katoél ku tungtung hémanna. Ruangan téh seger hawana. Kaén gardéng reregan alon gerakanana sakapeung kaluar, sakapeung anca ka jero. Atawa, ngagalekan kusén. Kawas awéwé ogo nu susumputan beungeut dina peupeuteuyan bari muntang kana taktak lalaki kahéman haténa.

Di luar panas. Panon poé beuki ngangsrod kana embun-embunan langit. Méga bodas uwak-awik kawas-kawas kaén brukat bodas pikabayaeun nu uwak-awik. Anu mumbul, anu tinggeuleuyeung sacewir-sacewir. Manuk-manuk leuwih resepeun récét dina régang anu ariuh batan kudu hihiberan di nu panas. Atawa ngakut pisayangeun. Dipangangonan gé kitu biasana mah, ingon-ingon angonan téh darepa ngaub handapeun tangkal, atawa ngadon ngeueum di pangguyangan. Barudak angonna areundeuk-eundeukan dina dahan, tingpelendoy. Atawa, ruat-raut kutrak-ketrék nyieun kandang manuk tina manjah. Aya ogé anu néang dokdoka sayang manuk. Bisi kaburu kapoosan kapiheulaan ngahiberkeun poé Jumaah.

“Assalamualaikum!” cék nu mukakeun panto. Solongkrong munjungan ka Pa Kepala nu keur ngeukeuweuk keretas kopéan.

“Waalaiikumsalam!” Nu keur diuk cengkat nampanan dampal. Bari ngalésotkeun dampal leungeun sémah, sémah di sina diuk dina korsi tamu hareupeun méja kerja. Kitu deui Pa Kepala diukna pindah nyanghareupan sémah. Pahareup-hareup. Teu lila cengkat deui gap kana keretas nu lila dicurat-corét luhureun méja kerja. Gék diuk deui.

“Tah kieu yeuh!” ceuk Pa Kepala bari némbongkeun konsép téa. Keretas nu geus pinuh ku garis jeung buleudan.

Sémah nu diajak nyarita mencrong kana keretas nuturkeun tuduh curuk suat-siet dina keretas nu méh kucel. Kituna téh Pa Kepala bari nyarita kalayan daria pisan. Haharéwosan kalan-kalan méh teu kadéngé. Cacak di ruangan téh ngan duaan, Pa Kepala jeung sémah téa. Teu kaciri sura-seuri. Hal ieu nandakeun yén caritaan, babadamaian téh kacida rusiahna.

Sémah unggut-unggutan. Tanda satuju.

“Tah ku kituna di dinya entong maju ayeuna. Nu ayeuna jadi wakil téh Si Gulit. Ari sabab manéhna, malar Si Basten teu asup. Di dinya ogé apal, apan manéhna téh batur di dieu. Ari manéhna teu diilukeun éta mah rasiah. Teu kudu nyaho. Ku kitu téh Si Basten moal curigaeun, moal asa diteungteuinganan. Kaharti!”

“Yah, yah” ceuk sémah geus béakeun kecap.

“Tah, ku kitu. Mun jaga di dieu eureun, Si Basten mah mun nyalonkeun diri moal bisa asup. Apan, didinya nu naék. Tah, tah ieu, ieu! Ka dieu!” curukna suat siet, bulucat balicet nutur-nutur gurat, nurutan-nurutan buleudan dina kopéan. Curuk nu tutunjuk téh ditutur-tutur ku panon opat siki. Dua nu Pa Kepala, dua deui bogana sémah. Sorotna sakapeung béngras, sakapeung beureum, sakapeung leutik sipit, sakapeung bolotot nonghol. Luyu jeung situasi. Luyu jeung haté katut émosi nu bogana.

Panon poé ngoléséd tina embun-embunan langit. Angin gugon kana tugasna kana hancana. Nu di awang-awang nyunyurung haseup kaditu-kadieu. Nui di handap ngendag-ngendag pucuk daun. Pucuk daun ngipas-ngipas iuh tangkal. Nu ngiuhan, awakna seger. Sulusup kana jandéla nu engab. Gardéng ogo ngagalekang kusén. Hiliwir ka jero ruangan, Pa Kepala jeung sémah ngarasa segereun awakna. Pa Kepala jeung sémah seuri surti. Sémah amitan dituturkeun ku Pa Kepala.

BEP panto nutup. ***

Manglé No. 1330

29. ASIH DINA DUA HATÉ

Jut turun tina angkot terus leumpang deui muru ka belah kalér. Mapay-mapay gang nu kénca katuhuna gégék ku imah darepek. Salain ti depek téh laleutik wangunanana deuih. Nya meureun ngimbang baé kana kaayaan nu nyaricinganana téh buruh leutik, boh nu dagang boh nu kuli. Jeung mun isuk-isuk liwat ka lebah dinya téh tingjalugrug tanggungan rupa-rupa jajanan. Tukang baso, tukang rujak, tukang céndol, tukang és, tukang gula-gula jeung nu séjén-séjén deui. Kawasna mah lahan nu diarimahanana téh lain tanah milik. Pédah éta wé, dacenah, lahan éta téh lahan solokan. Nu kénca katuhueunana disalaeur. Atuh luhureunana ngajalugrug wangunan. Sakapeun mindeng teu témbong salokan téh da kasumputkeun ku wangunan téa. Nya, atrana mah mun usum hujan. Cai babanjiran mudal ka jalan, ka tempat anu dicaricingan. Da kitu meureun di kota gedé mah. Bubuhan loba ngumpul rupa-rupa watek jeung kabiasaan jalma nu daratang ka kota. Kaberesiha jeung kaséhata téh geus mindeng teu kapaliré. Rupa-rupa alesanana mah.

Rada jauh leumpangna téh nutur-nutur nu hareupeun, atawa, sakapeung maturan nu gigireun, mun manggih jalan nu lega. Rada lalusa jangeun leumpang paréréndéng. Ari leumpang paréréndéng tangtu baé leuwih lalusa batan kudu leumpang heula pandeuri. Ngobrol, atawa guntreng téh puguh némbalanana atawa écés sora mun nanya da kaciri kunyem bawir jeung rindat panonna.

Silih pikawanoh, antara manéhna geus kaitung lila. Manéhna, urang sebut baé Si A, jeung nu dianteurna téa urang sebut Si B, supaya teu pahii nyaritakeun, malah aya saurang deui jalma nu mindeng kalibet dina catur maranéhna téh, nya Si C. Tapi, Si C mah moal rék dibabawa lumaku. Si C mah dilibetkeun dina wangkongan waé. Ari Si C penting teu penting ayana téh, Si B leuwih ti heula wanoh jeung Si C. Atuh Si A wanohna mah ngan ka Si B baé. Ari Si C ka Si A kawasna mah geus apaleun ti béh ditu kénéh. Meureun, mun Si B jeung Si C ngalobrol sigana Si A sok kasebut-sebut. Ku ayana So C téh, Si A ka Si B dina tingkah paripolahna tadi leuwih tartib. Silih tanjeurkeun kahormatan diri.

Kungsi manéhna amprok jeung Si C, sanggeus diwanohkeun ku Si B, nu sok dianteurkeun ku manéhna téa. Cenah, éta téh tunanganana, papacanganana. Geus diresmikeun sagala rupa. Ku apalna kana diri Si B jeung nyaho saha Si C, manéhna ogé apal pisan ka dirina. Jeung dilebah mana posisina. Boh posisi diri manéhna di Si B, boh lelembutan Si B dina waruga alit batinna. Ku kitu téh jadi silih ragangan haté, silih élingan, jeung silih jaga diri. Ari Si C bubuhan geus boga gawé, pajauh ti tempat Si B kuliah. Atuh, teu bisa saincak-incak nganteurkeun, mun téa mah sakalieun aya kaperluan anu rada anggang ti kampus, atawa ti tempat nganjrek. Nu katempuhan atuh nya manéhna, nu deukeut. Bisi nu maca curuga mah urang sebut wé Si A jeung Si B mah nyobat dalit.

Basa anjog ka nu dituju téh gamelan keur meujeuhna ramé mirig sababaraha urang keur ngibing jaipongan dina lagu ibung Mojangsari.

Barang datang gé nu dianteurna téa pada ngabaragéakeun. Kitu deui ku guruna, nu boga éta pakumpulan seni tari. Jiga-jigana téh murid pangdipikaasihna. Hal ieu kanyahoan ku manéhna éta guruna mun muji calakanana jeung luwesna nu dianterkeun téa, hareupeun murid-murid nu séjén, sok kacida bébéakanana. Ari nu dipujina, aridikitukeun teuing mah jiga éraeun. Ukur kedal “Ah , Apih mah,” bari mulu pakalangan, réngkénék baé ngingel milu maur ka nu séjén.

Mun geus réngkénék ngulinkeun awak saréréa nu aya téh kasedot panénjo ukur ka nu dianteurna téa. Malah tatangga-tatangana ogé ronghok panon tina jandéla kaca. Matak resep matak mohu anu nempo, mun geus makalangan téh. Galéongna awak dina ngulinkeun gerak Cikalongan, koléangna gerakan mumbul, mamandanganana, bantarubuhna, kitu deui rindat proman nu dibarengan kelét panon nincak jeung léok awak mani matak deungdeuleueun.

Manéhna ogé nu mindeng nganganteur jeung nyaksian latihan, komo mun geus dema manggung bet teu bosen-bosen lalajo. Teu bosen-bosen ngaregepkeun.

Nya meureun ku mindeng-mindengna bareng jeung marengan nu sik diaanteurna téh ahirna nu nyarita téh geus lain waruga badag manéhna deui. Tapi, gunem catur, paripolah, jeung sagala rupa aktivitas téh raga leutikna, lelembutanana. Enya nu kaciri barengna mah nya éta jungkirngna waruga badag. Tapi, seuhseuhanana mah najan ngancikna teu kaciri ku panénjo, haté jeung haté téh galécok paguneman dina gumbira jeung dina nalangsa. Dua haté geus wanoh enya, raket pisan malah. Malah, sok sanajan waruga badagna éta dua sobat téh pada-pada ngajaga anggang. Ngajaga, saha manéhna, jeung saha nu sok dianteurkeuna téa.

Boh haté manéhna, boh haté nu mindeng dianteurna salawasna silih talingakeun, silih tulungan, silih élédan, silih pikahéman.

Nu keur ngibing téh mani kacida ngalimedna mun dipapandékeun ka nu keur dahar mah. Sanggeus ganti ngibingkeun Purabaya nu ngibing téh geus lain sobatna deui katempona téh. Sobatna geus nyurup jadi tokoh. Purabaya. Kewes, gandang, gagah, teuneung ludeung.

Nu nyaksian ibingan Purabaya, tong boro batur malah guruna sorangan ogé kacida pisan kasengsremna.

Ari sababnam sobatna téa, hiji-hijina murid nu geus bisa nandingan guruna dina ibing Purabaya mah.

Sobatna mindeng dipaké conto ku guru tarina ka murid-murid séjén. Komo ka nu anyar mah. Teu saeutik nu ngaguru téh nu masih sarakola di akademi seni tari.

Latihan tari téh sapopoéna mah maké ririgan kasét baé. Mun sasadiaan rék manggung, minangka gladi resikna, kakara dipirig ku gamelan langsung jeung panayagan kumplit. Ngibing maké pirigan langsung mah leuwih resep, leuwih sumanget nu tari téh, batan maké piringan kasét. Pédah éta meureun karasana leuwih hirup, jaba dibarung ku senggak panayagan deuih.

Sobatna, nu dianteur téa, atawa Si B téa, pangawakanana jangkung lenjang. Deukeut-deukeut kana ragonyé teu ieuh siga tukang nari. Dina sapopoéna, mun teu keur ngibing mah teu némbongkeun pangawakan tukang tari anu séksi. Siga kalolobaan tukang tari anu carumpagug bujurna. Ih, ieu mah biasa wé. Tapi, lamun seug geus makalangan, bantik leungeun, cumentik réma, jeung centik bujur kawas goréng teri téh mani némbongan sauyunan jeung rindat tepak kendang. Kulitna bodas, buuk panjang semu coklat.

Indung bapa Si B téh geus percayaeun naker ka manéhna. Malah mihapékeun neda pangjagakeun sagala rupa. Ku dipercaya kitu atuh manéhna kacida enya-enyana nyekel éta tanggung jawab. Geus puguheun ari tina soal pelajaran di sakola mah da sajurusan atuh. Buku boga manéhna, sasatna mah nya bogana Si B, sobatna ogé.

Kitu nyobat-nyobatna, nu lain mah baroga anggapan yén maranéhna téh hiji pasangan. Kabogoh jeung bébéne. Dikitukeun tangtung waé éta waruga manéhna, éta raga sobat teu ngaraku. Da mémang enya boh manéhna, boh sobatna téa teu kungsi kedal anu faktual.

Waruga manéhna teu deuk nyalahkeun lelembutanana, mun téa mah mikaresep ka haté sobatna téa. Kitu deui, raga sobatna moal nganaha-naha kana batinna pédah mikahéman lelembutan manéhna, Si A téa. Éta mah éstu karepna dua haté baé. Nu geus wawuh, nu geus wanoh, nu mindeng silih talingakeun, nu ahirna melentiskeun sirung silih pika héman. Moal boa, silih pikaasih. Nu silih pikaasih da tempatna jauh, tempatna nyamuni, malah apanan waruga maing-masing ogé teu ieuh ngacirikeun, atuh, éta dua haté téh jarongjon wé silih pikahéman, onghok-onghok silih cébor rasa asih. Ngarémploh héjo.

Di luar tempat latihan hujan miripis. Sora gamelan nu mirig geus jempé. Aya sakali-sakalieun sora pakérok bibilahan saron, jeung kénong keur dipérénan.

Tungtung hujan barucat luhureun aspal titincakkeun. Nyaruredik leutik. Beuki kerep. Ting peletak. Melentung katumbiri dina iuh-iuh payung. Nyurug, sawérna reumis kana sosompang haté. Nyéh imut. Ngagarendang kawening dina damis. Dipirig gamelan ati.

Geus lima taun manéhna nyicingan éta imah. Boga anak hiji jeung pamajikan hiji. Iman tur bagja. Sanajan panghasilan teu medah-meduh. Sagala rupa teu weléh ditarima kurasa sukur.

Anteng sakulawarga keur nongton acara di televisi kalayang napak tepak kendang, nu tari jaipong dina lagu jeung ibing “sénggot”. Manéhna, asa-asa wawuh. Enya baé geuning nu keur ngibing téh sobatna, anu sok dianteur téa. Sanggeus kawin jeung Si C, harita can tamat kuliahna, terus pindah ka kota séjén nuturkeun salakina. Jigana kaparigelan tarina teu dipareuman. Malahan beuki maju, boga grup kasenian sagala rupa.

Manéhna luak-lieuk.

Gamelan ngingkung dina papanggungan batinna.

Éndah

Rét ka pamajikanana. Teup neteup leleb ka pupujaan atina. Asri.

Peuting simpé dipakaranga.

Langit asih tungkeb sagala kahéman di manéhna, di pamajikanana, dipujaan atina ***

Mangle No. 1333

30. KONTÉSTAN

1

Kontés ratu kecantikan kawas nu sok diayakeun dina taun 70-an geus euweuh ayena mah. Enya, apan dina taun éta mah mani mindeng pisan jeung loba rupana pemilihan ratu-ratuan téh. Kayaning ratu kabaya, ratu Kota Kembang, ratu Jawa Barat, ratu Indonésia. Malah teu saeutik jaman harita pejabat anu karawin ka ratu kecantikan téh. Jigana meni asa dipangmilihkeun wé, sanajan umur geus purek ka kubur ogé. Kitu meureun da perbawa ku ceuyah harta.

Rupa-rupa pisan dipentésna ogé. Salian ti élmu pangaweruh téh, jigana, malah nu pangdipikaresepna nya éta dina lebah pinton anggon jeung pinton salira. Kumah teu deuk dipikaresep atuh. Apan, dina seuseuhanana pinton baju renang téh nya pinton salira saboréngkalna. Daék teu daék mun juri meunteun baju nu napelna téh, apan barang anu ditapelanana ogé kailikan kabaca sapuratina. Nu matak pintonan nu kieu mah moal suda ku nu lalajo sanajan karcis atawa ondanganana harega mahal. Da enya kitu.

Alesan diayakeunana mah, cenah keur promosi pariwisata, seni budaya jeung sajabana bisa ditéangan istilahna mah kumaha tujuanana téa. Ka béhdieunakeun sanajan ngaranna geus lian ti nu ti heula, kontés-kontésan teh mindeng kénéh diayakeun. Upamana baé Mojang & Jajaka Parahiangan, Putri Matahari, Putri Citra. Kitu deui pilihan wanita berkerudung, pakéan Idul Fitri, jrrd. Tujuanana aya nu promosi produk, promosi pausahaan atawa toko, kumaha pantesna pakéan Idul Fitri, kumaha pantes kewesna mun ditiung, jeung sajabana.

“Ieu aya pasanggiri busana Idul Fitri,” ceuk manéhna bari ngahénén maréndé nyusuan budak. Koranna mani rikes da dicekel sagerewekna da puguh kagok téa. Ceuk taksiran mah dibuka halamanana lebah dinya geus ti tadi méméh ngagéléhé. Piraku ari blak pisan muka pas ka kaca nu ngamuat warta pasanggiri téa. Jeung enyana deui asa teu kaciri mukaan maca koran saméméhna mah basa kuring can deukeut ka lebah dinya. Kawasna geus diajam ti méméhna, mun engké kuring liwat ka lebah dinya rék langsung maca koran bari ngabéjakeun warta téa.

“Enya. Nya luyu wé atuh apan ayeuna téh bulan puasa. Piraku onaman ari pasanggiri baju renang,” ceuk kuring téh.

“Ih!” ceuk manéhna bari sok koran téh ditunda siraheun budak. Budak ngulisik.

Jawaban manéhna téh asa teu luyu jeung guneman kuring, asa teu nyambung. Cék taksiran, kahayang manéhna mah lain kitu unina jawaban kuring téh. Da, kabuktian geuning manéhna oge bet némbal kuring téh jawaban saukur “ih”. Kahayangna jawaban kuring kieu meureun, enya saha nu ngayakeunana, iraha waktuna, di mana tempatna, naon pasaratanana. Ari kuring ngajawab kitu tadi, da puguh enya teu kabaca atawa can kabaca maksud haténa téa. Kumaha patalina antara pengumuman pasanggiri nu dibaca ku manéhna jeung haténa, terus ditémakeun ka kuring. Dina hal ieu meureun kuring kacida kurang réaktifna. Kuduna mah geus kacida rancingeusna, réaktifna. Siga tukang sulat maca rigig, rindat, galéong awak lawan téh geus nyampak kudu ka mana malicet, nongtak nepak. Geus nyaho enya kudu nyodorkeun jurus nu mana. Inti-intina atawa saripatina warta haténa téh sabenerna mah bébéja atawa ngabéjaan yén aya pasanggiri busana Idul Fitri. Rék miluan. Da, asih kakurung ku persaratan nu

diumumkeun. Sok sanajan geus laki rabi tur boga budak, umur mah kaéréh kénéh. Enya deui da apan teu disaratkeun, can kawin, can boga budak.

“Naha rék ngiring kitu,” ceuk kuring. Maksud mah nanya. Tapi intonasi téh datar waé.

“Kénging?” manéhna nanya giak tur daria.

“Nya pék baé ari bakal pikaresepeun mah. Mun si leutik ridoeun deui.” Si Leutik téh maksudna ka budak.

Apan ngaranna gé pasanggiri busana Idul Fitri, tangtu baé diayakeunana sababaraha poé deui ka lebaran. Pikiran kuring mah napel wé ka si leutik téa. Can kacipta kumaha dina gerna kagiatan. Kumaha polah kuring ngasuh ngabébénjokeun orok sataun anu montél kénéh nyusu. Mun di imah mah budak téh ogo pisan, apét kacida ka bapana. Apan ngaranna gé di imah bisa dibébénjokeun bari diaais. Ari ieu diayakeunana di komplék pertokoan anu kacida gedé tur agréngna keur ukuran Bandung mah. Asana, kuring jeung manéhna can kungsi ulin can kungsi nyaba ka lebah dinya. Ari babakuna, alesan mah ku jauh téa. Asa bélot ari dijugjug ti lembur jolok panganjrekan kuring mah. Tempat pasanggiri téa, toko nu dijadikeun tempat prungna lomba, geus apal ari jugrugna mah, ngan jero-jerona nu can apal téh. Naha di tahap kadua, katilu, atawa panghandapna, jeung kumaha situasi pertokoan téh. Kawasna mah kudu survéy heula. Kudu ngahajakeun wé datang ka tempatna. Sanggeus dibadamian, manéhna ogé kacida nyatujuanana. Tapi, ahirna mah teu kungsi kalaksanakeun da euweuh waktu, béak néangan baju pakéun. Jeungna deui apan teunangan keur puasa téa.

Ngahaj kana beus kota ti imah téh. Manéhna mah turuin di tempat nu deukeut ka alun-alun. Ari kuring kadua si leutik terus ka wétankeun rék turun di Jembar. Budak téh ngahénén wé dina lahunana. Panonna keketeyepan mun nu leumpang mah, ngadeukeutan pisaréun. Hawa kacida panasna. Eukeur mah teu hujan sababaraha poé, atuh katurug-turg di jero beus pinuh pisan, katambah-tambah ku nu tingpelenyun udud. Kumplit atuh. Ari manéhna turun, niat ka sekertariat rék ménta fomulir pendaftaran.

Karasaen kawasna hawa panas ku si leutik, anu kakara reup sakerejep téh nyaring. Ceurik deuih rada tarik. Diupah-apéh bari dikeplok-keplok bujurna, anu biasana tara katutuluyan, harita mah taya tapakna. Beuki tarik malah ceurikna téh jempé kudu dibekem onaman aya bapa-bapa nu deukeut milu ngupahan crucruk-crékcrék ngigelkeun dampal jeung ramona. Tapi si leutik teu suda-suda ceurikna. Puguh wé kuring mimiti panik. Diuk di lebah lawang tukang. Panumpang nu di hareup panonna tamplok mencrong ka kuring anu keur ngaguluang-galéong budak. Loba nu nganaha-naha teu mawa dot jangeun ngingnumna. Keuheul mah éta ogé mani nyedek. Enya piraku budak kadeudeuh malar kudu dibekem onaman. Tungtungna kuring turun tilu setopan beus saméméh tujuan. Puguh wé jauh mah. Da kumaha atuh. Cék taksiran, kacipta éta panumpang sabeus kitu ting irihil nyengseurikeun. Paduli teuing ah, pokona mah si leuti sugan wé jempé ari dibawa turun mah. Budak téh dipanggul naplok dina taktak. Panas gé geus deukeut ka manceran. Teu mawa payung. Budak téh jempé. Maké galécok nyoara orok. Resep meureun loba tempoeun. Mun panggih tangkal nu rada linduk, atawa na émpér toko eureun. Reureuh. Bari nuduh-nuduh eusi toko atawa nataan kendaraan nu liwat. Manéhna kacipta keur tatanya ka panitia tina sagala rupa kagiatan. Kacipta deui, gura-giru balik terus rasa budak rungsing. Da enya deui ari soal leumpangna mah nyérépét manéhna téh. Tong boro

leumpang nyorangan, malah keur duaan ogé kahayang mah nyérépét waé. Dasar si paser. Ari soal kontés téa, saprak kawin nya harita manéhna kakara rék milu deui. Saméméhna can kungsi lalajo manéhna éksen dina panggung pinton busana. Apal sotéh nya sanggeus kawin téa boga sababaraha piagem penghargaan jeung piala kejuaraan. Geus kitu mah kuring yakin kana kamampuhna. Mana basa manéhna bébéja atawa ngabéjaan yén rék milu kontés atawa pasanggiri pinton anggon Idul Fitri téh dienyakeun dihempékeun. Keun urang adukeun jeung anu masih kénéh berstatus mojang.

Tikoro téh karasan asa leuwih tuhur malah asa garing kacida, enya apan eukeur mah puasa katurug-turug leumpang jauh, di nu panas, manggul budak, jeung kudu ngocoblak nuduh-nuduh pangbébenjo. Lila cinutrun dina trotoar hareupeun toko manuk. Resepeun diécageun téh mani pageuh-pageuh wé muntang kana kurung.

Bada lohor tepi ka imah mitoha, nini jeung akina budak. Kawas nu reuwaseun pédah datang teu bareng jeung manéhna. Basa datang rada ngagelendeng mitoha awéwé téh ka manéhna, naha maké milu kikituan deui apan ayeuna mah da geus rimbitan. Teu katutuluyan, sanggeus kuring ngajéntrékeun yén miluna meunang pangrojong pisan ti kuring.

Budak anteng wé teu siga-siga pulang ngabarubahkeun eusi beus kota. Anteng ulin jeung bonéka aanjangan meunang meuli tadi di trotoar basa ngabébenjokeun ngamuklana téa. Komo deui apan ayeuna mah diririung ku saréréa.

Dina poéan gerna pasanggiri kuring jeung manéhna indit ngajugjug imah adi di Cibeureum. Geus jangji saméméhna. Rék milu nganteur. Rada isuk kénéh indit téh ambéh rada laluasa. Rada anggang tempatna ti imah panganjrekan kuring. Sakalian manéhna kék ka salon ngadon digelung dianteur ku adina téa. Dangdanna rék di imah baé, manéhna gé da tapis dangdan sorangan.

Sanggeus bérés dangdan, budak téh disusuan heula kahayang mah sina seubeuhan pisan. Apan, can puguh wayah kumaha dimimitianana jeung nepi ka wayah kumaha anggeusna. Mun ngadat nya moal saha nu katempuhan. Mangkaning di toko nu agréng. Beu, piraku onaman ari kudu diaais kawas di imah mah. Nyusuan budak téh dituluykeun dina mobil. Salaki adi nu nyetiran.

2

Rencana acara dimimitian tabuh 11.00 téh ngarét kabina-bina, kakara ger tabuh satu. Puguh rugi wé keur kuring mah hartina, rugi dua jam. Enya si leutik téa sieun kaburu nagih nyusu.

Manéhna meunang nomer tampil dua welas. Nomer nu sarua jeung sababarah taun ka tukang waktu milu pasanggiri kabaya éndah. Basa giliran manéhna tampil, kabeneran si leutik téh daék dipapangku ku bibina, adi kuring. Atuh kuring rada laluasa nyeledek jeung nu lalajo séjénna. Hayang sidik, da atuh kuring sorangan ogé nu bogana, kakara pisan lalajo manéhna gugulipekan dina panggung pasanggiri mah. Sanggeus dipanggil manéhna nangtung héng rengkuh méré hormat. Imut sigana. Terus leumpang ka kénca. Galéong bari ngibirkeun karémbong muru ka beulah katuhu. Terus imut deui. Tapi, duka teuing kéténg boa seuri leutik nu dipengkék téa, boa. Ayeuna mah lempeng muru ka hareup leumpangna téh. Angger wé ngeteyep. Leumpangna rintih. Unggal ngajengkat jeung nincakeun selopna kana dadasar panggung, unggal kepat bari ngeupeul

sisikarémpong, unggal ngalinggek mareng jeung galéongna awak méngkol, unggal ngiceup bari ngerenyu imut kusut ka juri jeung ka nu lalajo, unggal ngarénghap bari umogo, sakabéh réngkak paripolahna téh aya dina panalingaan raga-badag jeung waruga-leutik kuring. Kuring sasatna teu ngiceup-ngiceup bari jeung teu ngambekan maca parancah tujuh bacaan. Enya, sangkan tenang, rintih, ngirut “mempesona” jadi nu panggayana. Babakuna sieun ngagaléong enyaan, puguh keur puasa sanajan nyusuan. Atawa sieun sampingna morosot da tungtungna kagarisan congo selop. Katincakan. Kumaha mun ngabaragadal. Cilaka kawiwirang.

Nu lalajo téh kawilang loba. Katempona mah nu kabeneran balanja jeung nu keur ngabuburit. Ngagimbung ngariung panggung. Kumaha teu deuk moho apan nu manggung téh mojang-mojang harérang. Man bulan puasa deuih. Tetempoan bari lapar mah maké sok asa sagala hadé sagala gaya.

Sanggeus manéhna gugulipekan, kuring rada ngoléséd ka tukang. Maksud mah rék nempo si leutik. Bisi rungsing. Katempo keur dipapangku keur nepakan mobil nu dipamérkeun. Anteng kacirina mah. Ngan kawasna, bibina teu weléh ngocoblak sangkan budak kabébjokeun teu ingeteun ka indungna. Mun keur di imah mah budak téh kerep pisan nyusuna bubuhan keur rada mogok dahar. Henteu segut.

Peserta pasanggiri téh lobana opat puluh tilu urang. Tabuh opat, loba kénéh nu can manggung, can tampil. Kacipta si leutik lapareunna, mangkanaing apan daharna ukur ASI. Kabeneran aya waktu istirahat. Manéhna nyampeurkeun. Terus wé diajakan heula kana mobil di tempat parkir di ruangan handap. Budak nyusu mani moho ponyo naker embung léso nepi ka reupna pisan dina lahan indungna. Salaki adi sina nepungan panitia. Tapi, teu lila geus kurunung deui, rék diumumkeun, cenah. Sakabéh pamilon kudu aya. Adi jeung salakina indit deui, sina nyaksian pengumuman. Mun kapanggih kudu ka panggung sina nepungan panitia téa.

Babak penyisihan lolos. Hartina isukan manéhna kudu tampil deui di final. Hartina kuring kudu ngasuh deui si leutik di pertokoan bari lalajo indungna ngagulipek dina panggung.

Bedug magrib keur di jalan tangeh kénéh ka imah.

Isukna, isuk kénéh téh manéhna gura-giru indit ka salon kecantikan. Maksudna mah arék nata rambut. Cenah, mayarna leuwih murah batan deukeut imah adi téa. Kuring di imah wé ngasuh heula bari jalan-jalan ka komplék perumahan anyar di kuloneun imah kuring. Budak téh resepeun pisan ari dibawa leuleumpangan ka pilemburan ka pakebonan ari poé peré téh. Atuh kuring jeung manéhna cuh-cih nuduhkeun tatangkalan, kekembangan, méga, langit, manuk, papatong, lancang, jeung sato-sato séjénna anu kapanggih sapanjang jalan. Enya, siga wé budak anu ngaregepkeun omongan bapa jeung indungna. Budak téh geus seubeuheun didongéngan mah saré ngaléklék dina taktak. Mungeus kitu asa karasa cangkewengna. Basa manéhna datang ti salon, budak geus bérés dimandian. Buuk manéhna, nu tas ti salon téa, rapih asri. Sirahna, eh mastakana, kudu lemes ayeuna mah apan rék jadi ratu busana Idul Fitri atuh, geus dines tah si mastaka mah. Kahandapna encan asri da masih kénéh maké baju biasa. Maksud téh pakéan kitu mah lain layan tata rambut anu kitu. Apan, tata rambut éta mah layanna samping kabaya.

Geus sagala bérés sasadiaan jangeun manggung di final, kencling baé indit muru imah adi anu rék nganteur téa. Jauh puguh ka Cibeureum téh da jolok deuih. Datang-datang manéhna pakpikpek dangdan dibaturan ku adi. Teu lila da bubuhan geus tutur dangdan rék manggung. Manggung tari didagoan ku gamelan anu geus ngungkung.

Si leutik teu jiga dina poé kahiji, dibawa ka tempat ka pakalangan. Ayena mah di imah wé diasuh ku ninina. Suga anteng. Lain seja niat ngajauhkeun. Ieu mah karunya ari dibawa téh teu bisa pisan saré dina lahun atawa éyongan. Kumaha bisa ngerejep atuh, apan sora kasét téh disetél patarik-tarik ti unggal bagian. Enya, mun di jalan mah ti unggal jongko. Tur laguna taya pisan anu halon anu lemes kana haté. Sigana dina hal ieu meureun salah kuring jeung indungna tara mangnyetélkeun kasét anu modélna kitu. Lagu Barat, tarik, gandéng. Di imah mimindengna, atawa meureun salalawasna ngan cianjuran, degung, gamelan tari Sunda, atawa jaipongan. Di mana indungna ngaréngkénék tari klasik atawa jaipongan, budak téh milu gual-géol ngulinkeun ramona. Ngibing cenah. Ari indit-inditan rada lila sok tara pati tingtrim batin téh, éta da budak tara pisan asup nanaon kajaba ASI.

Ngadagoan anu dangdan, kuring mah gégéléhéan bari maca dina korsi panjang. Adi selang-selang tina mantuan dangdan suksak-siksik, gurang-goréng jangeun engké buka puasa. Cenah, supaya gampang ngahaneutkeun atawa masak. Anak adi mah taya anu dibawa, diajak mah diajak ngan embungeun. Arulin wé di imah jeung babaturanana. Teu nangan jigana ulin bulan puasa mah. Indit téh satengah dua welas. Acara dimimitian tabuh satu rencanana mah. Duka tah ngan kawasna mah elat kacida kawas kamari. Datang-datang téh manéhna mah langsung ngajugjug ka tukangeun panggung ka tempat kumpulna pamilon pasangiri. Kuring jeung adi, salaki adi kuring, ngadon kukurilingan, mapay-mapay étalaseu toko ti lantéy dasar kapapay nepi ka tingkat luhurna. Tunga-tengo ukur hayang nyaho bari tamba kesel tamba kawaranan wé kasebut nyaba ka kota gedé. Éta hahargaan meni pupujeun ku marahalna. Enya wé acara téh kakara dimimitian tabuh dua leuwih. Najan geus elat, ari pidato jeung sarupaning sambutan mah teu wudu ngadirihdilna. Matak kesel anu nganteur matak kesel anu lalajo. Komo kawasna ari anu arék makalangan manggung mah salian ti élékésékéng téh teu elat ngeunteung bisi tatrias jeung tata busana teu bérés.

Manéhna meunang giliran anu katilu. Angger wé siga kamari boh gugulipekanana boh pakéanana, ngan meureun haténa atawa kayakinan robah beuki ngandelan kawanina. Manéhna, ti méméhna geus yakin meunang. Alesanna mah cenah béda keretegna béda kaimpikeunana. Kuring jongjong lalajo pabaur jeung nu séjén teu némbongkeun keur boga aduan. Haté, pikir, puseur teuteupan dipantengkeun dipuseurkeun ka manéhna. Jeung, dunga. Tiupna wé lalaunan. Wuah! Meunang!

Basa diumumkan, nu geus boga budak téh bisa ngéléhkeun mojang-mojang finalis. Hadiahna rupa-rupa, salian ti piala jeung piagem.

Balik megat taksi. Mokaha rada hésé. Parinuh. Salian ti nu pasangiri téh apan loba anu balik ngabuburit bari kaburitan kabedugan di perjalanan. Salaki adi, samulangna ngajar teu datang deui ka toko, tapi terus balik rék nyadiakeun jang buka puasa. Mangkaning tilu budak di imah téh apan paruasa. Karunya mun teu kasadiaan dahareun. Milu kasiksa pédah indungna milu nganteur nu pasangiri busana.

Dina taksi téh galécok. Galécok kemenangan atuh, najan buka ku goréng tahu jeung roti meunang meili di pakarangan toko tempat pasanggiri téa. Teu rék galécok kumaha, apan manéhna mah milu pasanggiri téh sasatna teu dimodalan. Samping nginjeum ti lanceuk, tiung ti tatangga, kabaya jeung selop mah bogana sorangan. Oh, dimodalan kétang. Ka salon tilu rébu lima ratuseun. Cenah, batur mah maké pakéan gé béda jeung nu kamarina. Meuli ngadadak, indung bapana. Harga dua ratus lima puluh rébu nepi ka opat ratusan rébu. Beu!

Balik téh teu tujul ka imah sorangan, tapi ka imah adi. Engké geus buka, buka ku sangu jeung candil. Galécok kemenangan téh dituluykeun di méja makan sabada solat magrib.

Manéhna, nu geus nyangking ratu gulipek, enya mun baheula mah apan ratu-ratuan ngaranna. Kawasna poho ka budak anu geus sababaraha jam ditinggalkeun di imah jeung ninina. Angkanaan téh da jeung ninina biasana mah sok bageur, jeung anteng ulin. Budak téh, diitung-itung geus aya dalapan jamna ditinggalkeun. Enya indit ti imah téh ti mimiti méméh lohor. Keur nyusuna mah apan geus dilatih sababaraha poé ka tukang sina ngadot cai entéh amis. Tapi, pikiran téh ayeuna mah beuki sabil. Boa-boa budak téh teu anteng. Hayangeun nyusu. Kawasna ceurik teu répéh-répéh teu beunang diupah-apéh. Duka wéh, kana bisa sasadiaan keur buka tah ninia gé.

Geus réngsé buka jeung bébérés mah kuring jeung manéhna dianteurkeun balik ku saréréa. Bubuhan mobil leutik ari pangeusina loba teu wudu patétéép. Teu bisa usik téh lain bohong.

Basa datang ka imah nyampak budak téh keur diaais di buruan bari dipapayung. Mani curinghak giak naker, ngagabrug siga nu sono kacida. Ceurik kari inghakna wé da geus capé. Barang datang ngocéak deui. Mun kolot mah asa kabedahkeun deui kasedih kanalangsa. Budak nangkeup manéhna embung lésot. Sieun ditinggalkeun deui meureun. Nyusu mani ngalekik ponyo naker dina lahanan, ku adi-adina, anak adi kuring, diarusapan sukuna. Ramo sukuna katémbong utek-utekan. Geniheun jigana. Wanci isa ninina kakara buka, da kakara ngabatalan wungkul ku nginum, cenah. Teu kaburu pisan pusuk-pasak da budak rungsing waé. Geus seubeuheun nyusu kakara budak téh lésot. Sanggeus dituduh-tuduh jeung dibibita ku hadiah bawawaan téa, budak téh daék turun ngarampaan bungkus. Bungkus hadiah dibukaan hiji-hiji, budak cuhchih ngarebutan hadiah nu keur dibuka ku adi-adina. Indungna, enya manéhna nu tas milu pasanggiri busana kasedih haténa ku sabab asa ninggalkeun budak, geus puyar da kaubaran ku polah budak anu geus bunn deui. Sanajan, cangkang panon kaciri kénéh kedeplikna. Carindul.

Budak ulin jeung dulur-dulurna.

Manéhna cucul-cucul. Ninina malikan deui dongéng lampah budak jeung lampahna, ditanggap kari seurina kari gumbirana.

Sok-sok piala kajuaraan téh jeung rupa-rupa tanda penghargaan ditunda luhureun luhureun akuarium.

31. SAPÉDAH BUDAK

Di Jalan Sukarno-Hatta, péngkolan Jalan Kopo, jangji tepung téh. Alesan milih éta tempat pédah kajugjug ku saréréa. Yayat ti Sayati, Dingding ti Cicéndo, atuh kuring ti Leuwigajah. Jeung deuih, apan tujuan téh ka Tasik. Saréréa ragem rék megat beus téh nya di tempat éta téa. Waktu nu geus dibarempugkeun tabuh 11.00 ancer-ancer téh. Leuwih sautak-saeutik mah nya munasabah wé da usum macét dimamana apan.

Ti Cimindi tumpak angkot nu ka Kebon Kalapa. Datang téh pangheulana. Nyalingker wé di kios roko. Wayah kitu téh keur nedeng-nedengna panas.

Ti tadi geus sababaraha beus nu ngadon eureun ngahantem ngajak ka Tasik. Teu ieu dipaliré. Da geus jangji téa arék indit babarengan.

Taya keur ngiuhan di sisi jalan téh. Sakitu geus lilana éta jalan dijieunna, euweuh linduk-linduk iuh. Keur ngabebetрак téh kebul wé paburiset mun pareng kendaraan nyisi kana jalan taneuh.

Geus sababaraha jongjongan ngadéngdéng-déngdéngkeun sirah malar kaiuhan sosompang kios nu ukur satampah, angger wé kasebrot panas.

Kurunyung Dingding nyoréngkeun kantong gedé.

Yayat mah tadina disangka indit jeung indung budakna. Éta pédah basa meuntas katara kawas nungtun pamajikna di lebah lampu setopan. Ari sihoréng éta jalma téh milu ludeung, milu meuntas jalan.

Basa aya beus anu kasakitu kalian ngetém lebah péngkolan téa kakara kuring jeung babaturan téa téh naék.

Kabeneran diuk téh meunang bangku nu ngajajar.

Mobil nyemprung kawétankeun sagentakan. Tayohna tarik ukur muru tempat anu biasana loba nu megat wungkul. Geus kitu mah huntad-hunted wé. Kenék jeung konéktur gogorowokan nawarkeun tempat jugjugeun. Teu sirikna unggal jalma nu liwat jeung nu eureun gé ditawarkan milu. Gawé kitu téh puguh wé matak keuheul panumpang geus hanteu lamun haying muru waktu mah. Moal deuk kacumponan panceg waktu. Tapi, kumaha atuh teu bisa ngajuring rusuh. Da, alesananan can beubeunangan penumpang. Apan sok di jalan téh sok kasebutkeun loba pungli. Oknum petugas nu caralangap ménta bagian. Duka tah bener henteuna mah. Mémang aya ari cegatan mah. Beus jeung tutumpakan séjén ngantay hiji-hiji. Atuh kenék tingbelecer di kuta jalan. Katempona mah layout naker antara petugas nu megat jeung kenék nu lalumpatan muru. Ukur sung-song ngasongkeun leungeun ngajak sasalaman. Teu lila ukur sakolépat. Kawasna ukur dédétikan baé. Ceuk haté, teu ieu nanaon nyongcay waktu sakitu mah. Da, maksudna gé silaturahmi. Silih bagéakeun haté. Silih dungakeun kasalametan. Tangtu sakabéh panumpang ogé ngarojong ari kana lampah kitu mah. Matak ngangres haté. Ku lucu mun antara dua budak mah silih pikahéman, silih bagéakeun, salam baktos jeung pangdunga tujul ka kulawarga masing-masing.

Tujuan téh ka Tasik. Ari indit-inditan kana mobil atawa kana beus téh sok inget ka sobat, Si Mang Dédi. Ari manéhna muru patempatan leuwih ti 25 km mah kudu wé mekel Green Sand atawa Sprite, jeung sabangsana inuman anu singsireumeun kana létah. Nya, apan inuman anu kararitu ubar mabokna téh. Lamun mekel anu kitu waringkas wé warugana té. Moal gagaléongan mabok.

Ngan, duka basa manéhna indit ka nagri Walanda naha dina kapal udara téh disayagikeun inuman parancah lieur. Asa can ditanyakeun.

Ka Tasik meunang tugas ti kantor. Teu lila ukur dua poé. Nya lumayan wé buruh tugas luar téh keur pantaran kuring mah gedé mangpaatna keur ngabayuan kulawarga.

Puguh wé mangpirang-pirang nuhun ka anu nugaskeun kuring. Nya apanan anjeuna pisan nu ngalantarankeun kuring meunang rijki téa. Kuring mah teu merhitungkeun gedé leutikna. Ku kitu téh kuring nyukuran rijki nu katarima ku kuring. Insya Allah rijki anu ngiricikdina uratna té rijki halal. Lain beunag macikeuh batur.

Gigireun, Yayat lelengutan, Dingding mah nempo wé ka luar jandéla. Sagala rupa nu kasodétan ku panempo. Kawasna matak waas. Pataréma antara kawaas jeung lalakon hirupna. Implengan, harepan, jeung rupa-rupa kajadian séjén.

Beus ayeuna mah teu rundag-randeg alatan ngajak tumpak. Rajeun eureun mun aya nu ménta turun. Atawa nu megat baé.

Ngahaja muru soré wé ka Tasik téh. Ambéh engké masih bisa jalan-jalan heula. Ari tugas mah, isuk pagétona apan.

Geus kacipta pagétona téa, réngsé tugas téh kira-kira tabuh dua. Balik ka panginepan téh sok ngahaja leumpang ka pasar atawa took. Maksudna, rék meuli oléh-oléh keur budak jeung indungna. Sakapeung sok dipesenan, sakapeung deui sok hidéng wé. Kahayang sorangan.

Ari pesenan, énténg bangga dipigawéna. Ari énténgna, pesenan barang téh gampang ditéanganana. Ari soal harga mah, apan rélatif atawa ngimbang jeung kaayaan waruga barang. Ari banggana éta barang téh ceuk pangrasa lalaki mah da teu sapira jeung apan deukeut tempat panganjrekan ogé nyampak.

Geura éta hiji waktu mah dipesenan kékéséd anu aya mérek “Welcome” téa. Atuh ngahaja ti Tasik jeung Pa Irin ka Singaparna. Ngasruk unggal toko natanyakeun késéd tapas kalapa anu aya mérek “Welcome” téa. Késéd téh cenah ceuk nu mesem kudu anu kedepik. Kurang leuwih leuwih opat ramo. Teu beubeunangan. Nya meuli wé nu ipis. Mérekna mah luyu jeung pesenan téa. Dibungkus dihadé-hadé nyolégréng mun disorén téh kawas bedil lodong atawa bedil martil. Ditalian ku rapia.

Basa balik karérét tina beus kota di Kosambi “Si Welcome” nu kandel téh ayana.

Ari pangalaman Pa Didi mah séjén deui. Manéhna dipesenan dulang ku nu di imahna téh. Éta geura. Da cenah tempat anu rék didatangan téh tempat nu kitu. Boboko, nyiru, dulang jeung sabangsana baé. Milih wé cenah nu panghadéna boh dedeganana mun jalma mah boh luisna. Ceuk pangrasana tangtu nu mesen baris kacida atoheunana. Barang datang téh éta pesenan anu pangheulana disanggakeun kalayan gedé hate jeung reueus pédah geus bisa nedunan nu di imah téa.

Kerewek-kerewek bungkusna disoéhkeun. Barang sidik, anggur gegelendengan pajarkeun téh euweuh kanyaho didulang-dulang acan, cenah lain, lain dulang tina tangkal kalapa. Tapi, hayang dulang kai.

Éta dulang anu dipapangku diapik-apik téh mawana, ngan gulutuk baé dijengkangkeun. Éh, karunya teuing si dulang, nya dedeg waruga hade jeung luis téh ngagulutuk sisi pago.

Tepi ka Tasik téh méh reup-reupan. Diperenahkeun di dua kamar hotel téh. Kuring jeung Yayat. Ari Dingding kamar nu gigireun. Sarua duaaneun jeung babaturan nu baris datang isukna.

Isukna ka tempat gawé aya nu nyampeur. Atuh pagéona kitu kénéh. Undakna ti nu kamari, nya éta meunang buruh dua poéun. Alhamdulillah gedé éta duit téh keur ukuran kring mah. Nya bisa keur nutupan kabutuh hirup. Luyu jeung rencana, méméh ka terminal téh nym pang heula ka toko, ka pasar meuli oléh-oléh téa. Keur budak meuli bonéka Émon (Doraémon), ciki, jeung baju. Kacipta atoheunana. Budak téh keur meujeuhna bacéo, kakara diajar nyarita. Keur indungna sanajan tara réa kahayang jeung réa paménta. Tapi, kuring geus apal kana karesepna boh dahareun boh pakéan. Dahareun naon, jeung pakéan nu kumaha, kuring geus apal.

Ku tarana réa kahayang nu ngalantarankeun kuring karunya téh. Meureun manéhna apaleun mun disérénan duit gaji unggal awal bulan. Kacida jauh kuratkarétna tong boro keur paké, keur nu sipatna poko gé masih loba kénéh teu kacumponana.

Kawasna karunyaen ka kuringna deuih. Loba paménta bari taya rijkina. Maksud téh, rijki nu aya warugana. Teu pisan-pisan ari rijki anu sipatna lemes mah ngocor terus ti Yang Widi téh. Geura, séhat, salamet, bagja, jeung rupa-rupa rijki liana baé. Alhamdulillah.

Tah keur nu di imah ngahaja néangan rok gombrang potongan payung, anu aya tali sok disoléndangkeun kana taktak. Atuh kaos teu disambléhan warna héjo daun hiji, jeung sandal batik paragi di imah sarampasan.

Aya nu tacan kalaksanakeun téh, sapédah. Budak mun dibawa jalan-jaln ku ninina sok nempoeun batur tarumpak sepédah ku nu ngasuhna. Ari balik téh sok ngaéh hayang sapédah. Kuring jeung indungna ukur semet ngupahan ngabébénjokeun. Éta gé sakedapan mah pohoeun kawasna. Tapi sok mindeng kagundamkeun.

Basa di kamar manggih béja ti Yayat jeung Dingding, cenah bakal aya deui tugas nu rada jauh. Alah ka luar Jawa sagala. Nya, muga-muga baé atuh hususna kuring kabawa kana éta kagiatan. Muga-muga pingpinan kuring di kantor nugaskeun kuring. Méré gawé ka kuring.

Apan, tina gawé téa sok aya upahna. Ku kitu, éta rijki téh bisa ngahuripkeun kuring saanak pamajikan. Malah, kolot jeung dulur ogé sok milu ngasaan. Tah ku kituna, salian ka Gusti Nu Maharijki téh nganuhunkeun, ka nu ngalantarankeun kuring meunang rijki téa. Atuh anak kuring kitu deui. Mun apaleun mah saha ari pingpinan kantor tempat bapana gawé tangtuna kana nganuhunkeun.

Kacipta meureun budak resepeunana tumpak sapédah téa. Nepi ka rék saré ogé mani kudu disandingkeun dina ranjang.

Dina waktuna, babaturan sakantor kabéh meunang surat panggilan rapat. Rapat pengarah tugas ka sakuliah Indonesia. Puguh wé kuring kebek ku teu ngarti. Sial téh sosorangan kabina-bina. Ah, rék nyebutkeun sial wé, da piraku pingpinan julid atawa culika ka kuring. Naon atuh anu kudu dimusuhan, naon atuh nu kudu disalahkeun. Da apan, kuring mah ukur bawahan. Nya, teu walakaya. Iwal tumarima, pasrah. Sagala rupina nyanggakeun ka Nu Kawasa baé. Upama téa mah kuring nu teu kabawa téa tangtuna lain jijeunan. Moal enya pingpinan nepi ka kitu ka bawahan. Apan, moal samata-mata diamanahan ku nagara sina mingpin kantor lamun anjeunna balilu, goréng haté, teu jembar panalar. Atawa, arék ngatalangsarakeun hate bawahanana. Moal, moal kana kituna. Ah, meureun ieu mah lain milik kuring, lain rijki pamajikan, lain rijki anak kuring.

Muga-muga baé anu meunang kasempetan ngajadikeun éta rijki getih hurip anak pamajikanana jeung kolotna.

Kaayaan sapopoé di kantor simpé-simpé baé, da apan ditinggalkeun dines luar téa.

Ari kuring datang wé ka kantor da kakurung ku kawajiban. Puguh ari tiiseun mah atuh.

Éta kajadian napak kénéh na lelembutan pamajikan. Mulan-malén geuring rasana téh. Kuring gé kitu seuhseuhanana mah. Ngan budak nu teu ngarasaen téh, jigana. Tapi sakapeung mah ngarasa meureun terus rasa ti indungna.

Pasoré tas mandi budak téh bebeceran ngéléng indungna. Tayohna mah embung dibajuan. Anggur térékél kana korsi hoé. Clé kana tangan-tanganna.

“Pa, pédah, Pa!” cenah, bari Ramona tipeperket muntang.

Manglé No. 1371

32. AMANATNA PARANTOS KATAMPI

Pasosoré geus nepi ka nu dituju. Najan jauh perjalanan téh da muruna ku rurusahan, kaasup rada gancang nepi. Indit duaan baé jeung tatangga. Ari tatangga baturna nu rék ditéang téa. Babaturan sa-kantor, mangtaun-taun. Kuring ogé sarua. Sobat jeung manéhna. Malah mah geus deukeut pisan jeung kulawargana ogé. Kuring jeung adi-adina, jeung bibi-bibina, jeung emangna, alo-alona, leuwih wawuh malah. Kaleburna dipager ageung, ngaranjang ka kolotna jeung batur-batur sapagawéan, kungsi ngahaja merlukeun.

Saasrama jeung manéhna téh, di asrama Wisma Bumi Siliwangi. Atuh, nepi ka kuring mimiti diajar digawé ogé nya meunang pangajak manéhna deuih. Manéhna leuwih ti heula digawé. Kabeneran tempat pagawéanana aya lowongan anu sapak jeung kabisa kuring. Wawuh jeung manéhna geus kurang leuwih 29 taun. Tangtu waé lain waktu anu sakeudeung. Sok sanajan teu lila skitu éféktifna mah. Upamana, saprak kawin manéhna mah pindah ka Bihbul. Apan kuring ka Kihapit. Terus basa kuring eureun ti tempat bareng digawé, langka ulin indit jeung manéhna. Malah deuih deus jangka pajonghok paadu hareupan. Sanajan kitu ari béja ngeunaan manéhna mah natrat teu pegat. Béja unggal bulan mah geuning sok aya baé nu nepi. Nya éta perantaraan tatangga téa, kayaning béja, bareng nungkulan anu sukuran meunang kabungah bari ngusap ramé-ramé silih gonjak. Cenah aya salam ti batur kuring téa. Hayang panggih.

Éta salam kahayang manéhna anu geus sono hayang panggih téh bet can kalaksana baé. Ari alesanana mah nyampak di kuringna ku gawé téa jeung tempatna jauh téa. Atuh, béja cageur, béja gering, katut bungah ukur liwat 'kurir' téa. Dina hiji poé basa kuring keur ngoméan panto lawang pakarangan, tatangga nepungan urang ngalongok manéhna di rumah sakit, gering parna cenah. Harita ngobrol manjang kana lalakon tatangga jeung manéhna salila ieu. Asup gawé bareng di tempat anu sarua. Saentragan meunang SK, nepi ka rék pangsiun.

Bédana waktu ukur bubulanan, manéhna téh beuki heureuy mindeng nyukakeun babaturan. Atuh kuring gé milu mairan carita-obrolan. Ingetan diulur manjang ka tukang. Ka mimiti wawuh jeung manéhna. Sarua pamanggih téh jeung tatangga téa, yén manéhna jalma beuki heureuy resep nyukakeun batur. Basa kuring meunang kasempetan cicing di asrama, manéhna geus leuwih ti heula. Ari ngaran hirup di asrama téa, kurang-kurangna bisa ngatur hirup, ngatur waktu mah, sakola loba nu telat anggeus. Ngababayut. Nya éta ku loba gumbirana. Kasuka henteu beurang henteu peuting. Mun nempo umur mah apan geus sawawa. Ngaranna ogé mahasiswa. Jaman harita loba mahasiswa karolot. Asana téh kauger ku waktu harita mah. Geura baé aya kelas atawa angkatan tingkat tilu baru jeung tilu heubeul. Kitu istilahna harita apan sanggeus tingkat tilu téh dipungkas ku ujian sarjana muda. Aya ujian tulis jeung sidang. Sanggeus meunang gelar BA, neruskeun deui dua taun. Jaman harita mah asana euweuh sesebutan DO. Loba anu geus ngalajar. Di asrama aya nu welasan taun. Tungtungna, nu kajongjonan mah nya teu anggeus téa. Manéhna, harita gé kitu lulusna elat. Geus lulus kuring kapaksa ka luar ti asrama. Jeung manéhna, boh ka pagawéan boh ka pangulinan mindeng bareng.

Basa manggih béja yén manéhna gering parna téh asa teu percaya da apan manéhna mah jelema séhat resep olah raga. Manéhna mindeng maén tenis jeung tatangga.

“Pa, Pa Samsudin teu damang wales ayeuna aya di Rumah Sakit Cicadas!” Tatangga batur sakantorna ngabéjaan. Puguh waé atuh reuwas kabina-bina, ari kasebut geus teu émut mah.

“Mangga, iraha atuh badé besuk. Badé ngiring!”

“Engké sonten!”

Enya baé anak, bojo, katut dulur-dulurna geus karumpul. Atuh galécok bari silaturahmi. Da geus kalilaan teung teu amprok. Ukur ngobrol sahinasna. Di jero kamar panggih jeung pamajikanana. Jeung budakna nu awéwé. Ari nu lalaki mah cukah-cikih urus-urus.

Nu gering nangkarak teu walakaya geus ngayakas bodas awakna. Ranteng selang dipasangkeun keur rupa-rupa kaperluan. Rénghapna aya kénéh ngendag-ngendag selang. Ngendagkeun kabel ngahirupkeun komputer. Dina layar tingtirilik-tingbelecir garis datar, jeung nu ngajol ka luhur patarema teu eureun-eureun. Mun kendor lumpatna rénghap jeung alon ketegna jajantung kagambar dina layar garis téh alon endatna jeung aya nu ukur ngutek. Atuh kana sora mesin komputerna ogé milu saluyu nirititna henteu tarik. Saréréa anu ngariung sabudeureun ranjang nu gering piligenti panénjo téh, rét ka nu namprak anu awakna kari cucuk lauk dibakutet ku kulit awak anu geus ipis. Kitu meureun dipapandékeunana mun nempo kaayaan warugana. Beungeut nu saguluntung, leungeun regang geus rangu. Rét kana layar komputer. Awak anu ngalempréh. Panon saréréa eunteup napel dina beungeut layar komputer. Kawaswas, kawaswas!

“Hampura, Kang bet amprok teh dina kaayaan sarupa kieu. Pamugi baé sagalana sing bérés roés. Nyanggakeun sagala rupina ka Nu Kawasa. Sing mulus rahayu, Akang ginanjar kawilujengan. Sadayana tos diatur ku Nu Ngatur.upami badé didamangkeun sing mulus rahayu téa, Kang, Akang téh jalmi bageur ieu geuning salian ti euceuna, palaputra, malih sobat-sobat réréncangan pada nyaah ka akang. Ayeuna sadaya ngiring ngadu’a payuneun Akang pisan. Pamugi Alloh marengkeun, mugé ngahaneutkeun deui rupi-rupi saraf, rupi-rupi urat nu pasuranteng dina suklak-sikluk salira anu geus comrék, geus bari”.

Leungeun téh dicekelkeun kana suku nu gering, tiis, tiis!

Sora adan magrib ngalanglaung ti lembur kalér. Neumbrag kana rupa-rupa daun, wawangunan, kendaraan, ka toko-toko, nyangsang kana méga handapeun sosompang langit Cicadas. Tingseleket kana kuluwung ceuli ngait kana ati, kana pikir, kana rasa, kana batin.

Sobat-sobat Kang Samsudin ngaliud di téras luareun kamar. Kitu deui wargi-wargina. Nu urus-urus administrasi gudag-gidig ka kantor rumah sakit. Kaputusanana Kang Samsudin kudu dibawa pindah ka Rancabadak. Cenah nu gering téh rék dipariksa kalayan imeut sapuratina di Rancabadak, da di éta tempat mah geus teu sanggupeun. Katurug-turug taya alat geusan papariksaan anu kaitung lengkep jeung canggih.

Geus tarapti mah nu gering téh dibawa pindah. Atuh nu ngalanteur ogé arindit kana mobil. Kira-kira wanci isa.

Sapaparat jalan pikiran ngait nyantél ka mangsa kaliwat. Ka mangsa reureujeungan ulin jeung si Akang.

Harita meunang ondangan ti sakola tempat manéhna ngajar. Nya tempat kuring ogé basa sakitu taun ka tukang. Ondangan silaturahmi bada lebaran. Kuring datang jeung pamajikan. Nohonan pangondang téh bakat sono baé hayang

panggih jeung guru-guru batur kuring baheula. Araya kénéh sawaréh. Ana gok panggih puguh sonona. Sababaraha barudak, alumni ogé aya. Geus daréwasa.

Manéhna sobat kuring ogé datang jeung pamajikanana.

Gegenténan baé diuk téh sabangku. Ngobrol sagala rupa. Pamajikan kuring kakara papanggih jeung pamajikan manéhna. Katempo, sabangku diukna. Ari kuring nyebut ka pamajikan manéhna nyebut ngaran baé da murid sorangan. Asa keur jaman sakola. Padahal budak-budakna geus karuliah.

Barang apanggih puguh olohok nempo pangawakan manéhna, Si Akang, geus teu belekesentreng deui. Canah, mindeng gering. Nganjang ka imahna di Cibiru ngan sakali-kalina. Bet asa teungteuingeun.

“Ieuh, apal ka Maé?” manéhna ujug-ujug nyebut hiji ngaran murid awéwé, kuring rada poho. Apaleun kuring bingung nginget-ninget rupa murid téa terus baé nyebutkeun ngaran panjangna.

“Maémunah. Nu sok diheureuyan geuning dipoyokan moé manéh!” ceuk manéhna bari seuri ngeunah naker.

“Nu jangkung rada jideung. Buukna panjang?” ceuk kuring nyanynyayan.

“Enya éta!” manéhna katempo atoh pédah kuring geus inget kana rupa murid anu kungsi kaajar sakitu welas taun ka tukang.

Sapanjang jalan ramé ku mobil. Rada-rada macét. Sapanjang jalan caang ku lampu. Di sisi-sisi, di trotroar nu dagang caang malem minggu. Mobil nu ditumpakan mun manggih jalan nu lowong. Nya mimindengna ngangsrod baé meureun mun dipapandékeun ka nu naék mah laju mobil téh. Puguh waé kaayaan kitu, teu mawa hadé ka nu geringanu sakuduna gancang-gancang nepi ka nu dituju. Karunya ku itu ku ieu ku kaayaan jalan sarupa kitu téh.

“Budak manéhna apan murid sayah di SMA. Malah, kungsi nganjang ka imahna,” manéhna neruskeun deui caritaanana.

“Horéng?” kuring ngarasa héran kumaha carana nepi ka bisa nyambung silaturahmi. Indungna kaajar, atuh budakna ogé kaajar deuih. Kawasna baé antara indung jrung anakna jangkungna papantaran. Da awéwé anakna téh. Hal éta ku keing teu ditanyakeun.

“Nya ngahaja sayah dipapagkeun ti sakola, bareng balik jeung anakna téa!” Suasana, asa inget ka baheula mun ngadon néang budak nu diwalikelasan. Acara nu pidato mah teu pati kapaliré dina silaturahmi téh. Da kabéngbat ku ngaguar lalakon. Atuh, babakuna mah sono baé jeung manéhna. Kitu deui manéhna karasa sukaeun pisan. Kawasna, manéhna kakara deui manggih wangkongan sarupa kitu. Wangkongan keur papada pupujangan. Ari boga murid awéwé wungkul. Mani asa silih huapan silih lengkepan katerangan.

Jalan muru Rumah Sakit Rancabadak malipir ka jalan beulah kalér. Di parapatan Gandok maninyayeud jendaraan téh. Nu ti wétan aya nu ngénca ka jalan Dago handap, aya nu lempeng pasanggrok jeung anu ti jalan babakan Siliwangi, atuh nu méngkol ka katuhu nu ka Dago luhur kapegat ku kendaraan nu lempeng ti kulon. Lampu setopanhurung sakumaha mistina ngan nya kitu bakatku loba-lobana kendaraan malem minggu, laju kendaraan ti béh ditu can béak lampu mérah, jurusan séjén geus kaburu héjo. Nya kitu ahirna. Macét.

“Tah ayeuna geus inget deui kabéh. Lamun anu kabétahkeun mah sok disebut kabur pangacian, ayeuna pangaciaan geus ngumpul deui caritana mah geus éling baé!” ceuk manéhna bari ngehkey bari di pengkék. Geus kabadé kumaha sorana apan.

“Enya, apan! Ari kitu kumaha?” ceuk kuring panasaran, kumaha patalina, Maémunah, anakna jeung kuring.

“Kieu atuh!”

Di hareupeun kelas anu biasntara téh Pa Pardi, Kepala Sakola. Kawasna, spra anu keur biantara teu pati jéntré ka tukang mah da aua sora sahéng tapi samar. Sora rupa-rupa budak. Silaturahmi kulawarga ngaranna ogé sabondoroyot, saanak bojo. Atawa saanak salaki.

Manéhna nuluykeun lalakon.

“Tah, ari Maémunah téh boga sobat moal disebutkeun ngaranna mah.” Si Sobot téa, basa ngajak ka ditu geus nyampak. cenah, ngahaja ditelepon. Jadi, Sisobot téa”geus mindeng nganjang!”

“h, horéng? Geuning?”

“Enya. Éta budak ku angger geulisna. Angger kénéh pangawakanana ogé. Angger kénéh karangna nyengclé na biwir luhur beulah kénca. Némbér ka handap.

Mangle No. 1962

33. JALAN TANJAKAN

Poé cangra, caang langit sésa hujan. Panas tapi teu pati nongtoréng. Bubuhan sakali-kalieun sok aya kujan ka ka lembur téh. Halodo rada panjang sanajan jalan geus diaspal mun mun aya treuk ngaliwat mah teu wudu ngebul kacida. Komo keur nu nampeu ka jalan mah kebul téh nambleg waé na pipinding jandéla, na rakocek dina kusén. Cacakan rada anggang ka jalan kakirim kekebul téh. Cacakan getot kekebut ngelap angger baé kotor.

Beulah kulon Gunung Bohong puncakna kulawu. Nu katojo panonpoé héjo-héjo daun patingringgunuk. Aya ngelun durukan kawasna nu keur ngarag ngumpul-ngumpilkeun jukut dina taneuh beunang ngemprék, hég diduruk. Jaga mun geus gedé jadi gemuk dina tai durukan téh sok diasuekan waluh gedé. Nu mangsa ngoréd ngoyos paré huma téh areuy waluh geus maruntang kana suku paré. Tapi kawasna nu tarani di Gunung Bohong mah, enya urang Ciseupan atawa haurngambang mah asa langka ngaharuma, ukur melak palawija. Hasil makayana sok tepi ka Komplék Perumahan nu aya dilebakeunana. Kayaning jagong, sampeu, suuk cau. Ari peuyeum sampeu mah jolna ti Cililin. Mun hayang iwung dadakan kari mesen ka nu sok dagang awi leunjeuran nguriling lembur.

Kungsi sababaraha kali ngadon lempang poé Minggu ka tonggoheun komplék téh. Kungsi mancal ka Gunung Bohong ogé. Brasna ka ditu ka Cangkorah terus ngalér mapay-mapay pilemburan nu paselang jeung kakayon atawa ruyuk awi. Jog waé ka Cicekék. Malah ka Gunung Radar ogé sababaraha kali. Atuh, kitu deui ngasruk gunungngaparak pasir kiduleun panganjrekan ogé geus mindeng. Teu bosen-bosen. ngawanohan kahirupanrupa-rupa pakasaban. Jangeun makayaan diri.

Leuleumapngan milemburan dina poé peré dina poé keyeng. Mimindengna jeung pamajikan. Mun barudak teu salséun mah.

Sapanjang jalan loba nu katimu. Boh rupa-rupaning tutuwuhan, boh sasatoan. Kitu deui ari paripolah jalma mah. Sakebanasok diala mangpaatna. Dilarapkeun kana diri. Diukurkeun kana kujur.

Dina sajero leumpang loba guntrng jeung pamajikan, nya ahirna mah guntreng téh loba jeung diri sorangan. Dina pasualan hirup sapopoé. Ahirna anjog kana kabutuh hirup, kabutuhan kulawarga; campur gaul jeung batur sakantor, jeung tatangga, jeung rupa-rupa jalma.

Mun dijujut deui ka tukang, tina titik pamiangnan, tina titimangsa ngahiji. Ari maksud téh supaya puguh patokna, ti dinya mah. Ditatan unggal kajadian, meunang rijki, menang bagja, meunang susah. Galécok haté téh ngajawab pananya jeung nalék. Dina waktu ngajawab atawa ngujukeun panalék sakapeung sok kabedaskeun. Pamajikan sok ngajawab samarukna téh nanya kamanéhna nu keur leumpang hareupeun. Jawabanana mindeng nyambung. Jigana, kitu ogé jigana. Sangkaan kuring yén manéhna ogé sarua keur galécok guntreng jeung lelembutanana.

Satutas kuring ngawangkong dina kaayaan raga badag terus jarempling. Dina kaayaan jempling kitu, lelembutan ngawarangkong. Bisa kajadian, kuring paguneman jeung lelembutan kuring, manéhna paguneman jeung lelembutan manéhna. Atawa lelembutan kuring patémbalan jeung lelembutan manéhna. Buktina geuningmun caritaan lelembutan kuring kagerendengkeun maké akur

dipangjawabkeun ku manéhna. Anu moal boa éta jawaban manéhna téh sarua lelembutanana anu kagerendengkeun.

Di puncak Gunung Bohongdurukan nu tadi ngelun haseupna bodas semu hideung pungkal-péngkolna alon kumaha ceuk pamawa hiukna angin, geus pareum. Meureun anu ngadurukanana ogé keur ngiuhan atawa geus balik muru lembur.

Aya kapal udara mudun di awang-awang kawas-kawas muru kalabang Andir. Ngageuleuyeung, nyoloyong ngahandapan.

“Lis,” sakapeung nyebut ngaran ka nu leumpang hareupeung téh.

“Kah!” manéhna eureun.

Pipina beureum kapoé. Ari nempo pipi beureum téh asa nempo pipi nempi pipi urang Cikajang baheula, di stamplat beus lebah stasion karéta api. Tabuh 10.00 beus nu ti kidul ti Pameungpeuk karék nepi. Wayah kitu urang Cikajang mah masuh diharudum sarung da karasa tiris kacida. Komo meureun ari mojang mah.

“Lebah mana ieu téh?”

“Tanjakan Cicekék.”

Manéhna ngalieuk.

“Éh mani kawas naon baé, Genit!”

“Keun baé atuh da euweuh nu nangéankeun.”

Kembang kopi mayakpak bodas diunggal tangkal di tanjakan Gunung Radar. Seungitna hihiliwiran.

“Sakedap deui nya, Pa saum téh!” ceuk manéhna bari ngajak ngeureuyeuh deui. Tanjakan ngembat hareupeun.

Asa ngarénjag ditanya kitu téh. Ditanya mimiti puasa. Ari ras ka diri sorangan, kawas nu teu nyaah ka anak bojo. Puasa nu itu lolobana atawa mimindengna buka puasa jeung saur olah-olah tina waluh. Samalah sabulan saméméhna gé geus kitu. Sok karunya ka budak. Meureun batur mah buka téh rempeg ku olahan nu ngareunah. Komo deui, apan budak téh keur diajar puasa. Mani tamat-tamat baé kalawan ihlas teu ngarasula dahar buka saayana. Waluh siem téh mun teu dikasréng disiksik panjang leutik, kitu geuning kawas goréng kentang ti toko KFC. Mapandékeun kitu téh, apan barudak sapantaran anak kuring keur kacida resepna. Komo deui didaharna sanggeus buka. Kacipta ngadaharna dieutik-eutik dicoélkeun kana saos. Waluh mun teu dipasak jiga kitu dibeulahan jadi dalapan pasi ambéh babari mesékan cangkangna dikulub. Dahar nu kitu téh bet jadi manjang nepi ka lebaran. Nu apal kana kanyataan kitu ukur sakulawarga baé. Budak teu tetena naha bet buka téh mimindengna daha jeung nu kitu baé. Ku sikep budak kitu, rasa teungteuingun asa beuki ngagugunung, asa nandasa budak. Komo atuh nincak lebaran. Karumpul dininina jeung dulur-dulurna sapantaran. Apbeuburang manéhna ganti baju nu mindeng dipaké saré, sok sanajan waruga budak téh weweg kénéh, sok sanajan warna aslina katémbong kénéh, pan éta mah lain baju pamapag lebaran. Ceuk haté naha sia bet ngakaya budak kacida-kacida teuing. Batur mah budak kakara ngalakonan puasa campleng sabulan téh dibéré hadiah. Hadiah tamat puasa.

Najan panonpoé beuki lila ngagilisir ka luhureun sirah, hawa teu karasa panas teuing da leumpang handapeun kakayon. Kai jangkung atawa dapuran awi. Sanajan jalan satapak ogé da jadi liliwatan urang lembur. Katémbong lidig . mindeng diliwatan ku urang lembur. Cicekék nu indit jeung mulang gawé ti

pabrik-pabrik nu aya di Cangkorah. Jalan satapak torobosna ka jalan gedé. Di jalan gedé sakali-kalieun saok aya angkot nu muat jalma tas balanja ti Pasar Batujajar. Jadi mun téa mah kaayaan poé panas atawa geus leuseuh leumpang bisa milu ngadeukeutan jalan nu brasna ka Cibeber.

Batur lempang diajakan eureun téh embungeun. Kagok cenah basana téh. Manéhna ménta cai nu dibekel ti imah dina botol akua. Diregot méh kari setengah. Puguh pikabetakeun. Jalan satapak téh disapaparat jalan loba kekembangan tutuwuhan leuweung. Kembang saliaru rupa-rupa. Handapeun dapuran awi sarupa kembang konéng keur marangkak hadé rupana. Atuh kaambung seungit kaayaan leuweung téh. Boh seungit kekembangan, boh seungit tutuwuhan.

“Kumaha upami Bapa angkat ka nu tebih rada lami teu uih-uh?” kungsi nanya ka budakna. Pédah barudak téh can kungsi kaleungitan bapa. Sanajan peuting ogé. Teu weléh aya.

“Sawios, Pa. Apan uihna engké nyandak aros anu seueur, kanggo mésér acuk lebaran!”

Enya apan saminggu deui téh arék puasa..

Éta ogé hayang digawé ka nu rada jauh milu jeung batur ti lembur. Balik-baling deukeut ka lebaran bari rébo ku babawaan. Tah ieu acuk keur Ade, ieu acuk keur Tétéh, ieu keur Mamah. Kacipta meureun galécokna. Galumbira. Bari tatanya kaayaan di jauhna tempat bapana digawé téa.

Naon gawé nu rék dilakonan, sanggeus dipilh dikira-kira nu kadada kaduga ku waruga. Pilihan téh ragrag kana juru ladén. Apan, nu kitu mah teu merlukeun pangaweruh jeung kaparigelan anu husus. Apan, kungsi sok pirajeunan kucrak-kecruk milu ngaduk mun kerjabakti nyieun masjid. Asana énténg. Komo deui ieu mah doronganana mikagé séjén ti biasa. Keur kapentingan anak pamajikan. Salian ti boga pangalaman prakték. Malah mindeng nengetan kumaha gawéna ladén némbok. Mang aka jeung mang Aja nu digawé di Pa Haji Sugih ngaladé ka Mang Ajid. Mulan malén nyieun imah gedong. Rarasaan mah kauntup. Ngan paralun ari digawé ditempat anu sa-RT bisi éraeun barudak. Atwa, moal boa nu boga omahna, Pa Haji Sugih, wasaeun tatanggana milu jadi kuli ladén.

Dimimitian ku ngayak keusik. Sewur-sewurkeusik disodokan ku singkup diawurkeun kana pangayakan.keusik téh nambru handapeunana geus lembut lemes. Geus cukup, dikoér-koérkeun ku pacul kana pangadukan, kecruk-kecruk dipancong. Gewur ditalian tina émbér plastik hideung. Kedewuh nyieuk semén sakapeung disodok ku singkup. Bru kana keusik. Terus diaduk-aduk. Dipacul jeung didedetkeun kana tonggong pacul. Geus liket kakara diwadahan kana émbér plastik hideung.

Regeyeng dijingjing. Térékél mancat kana tarajé teu ieuh nyekelan nu geus maranti. Plak kana bak-papan pasagi paragi neundeun hareupeun tukang témbok. Mun teu kitu gawé téh manggulan bata satumpuk-satumpuk ka luhur dijajarkeun dina éstégér. Dina salila dua puluh poé, dina jero bulan puasa gawé jadi kuli ladén munang duit téh pat ratus tilu puluh tujuh rébu lima ratus, sanggeus dipotong ku nu mawa gawé. Duh pirang-pirang nuhun sakitu ogé boga keur nyukakeun kulawarga.

Ari heug dipikir deui naha gawé kuli téh boa beurat teing ningali ninggang waruga dina kaayaan umur anu geus sakitu. Atawa mending maksa waé kitu.

Hiliwir angin seger. Séak daun awi. Runggunuk gunung, asa beuki seungguh dilakonan sanajan tanjakan mindeng ngahalangan ku péngkolan karimbunan rungkun. Béak panghalang nanjak deui, nanjak deui. Najan tanjakan mindeng disumputkeun ku rungkun, teu weléh neundeun harepan. Yakin, yén harepan teu weléh ngenyay na tungtung tanjakan. Palias nanjak ampleng-aplengan.

Dina hiji waktu aya nu méré kartu nama, pamajikan babaturan sasama di asrama. Ayeuna geus hirup nanjung di Jakarta. Cenah mindeng tugas ka luar Jawa. Malahan loba babaturan nu diajak dibawa. Éta ogé geus mopoyankeun ka pamajikanana, nunda talatah hayang geura-geura diajak nyaba. Rék dibéré gawé naon, ceuk basa digawé kasar moal deuk mungpang. Asal meunang rijki nu halal nu maslahat. Alhamdulillah rasa sukur kabina-bina diri téh kakara rék ‘niat’ dibawa ogé. Geuning aya nu ingeteun kénéh. Najan geus ganjor kaayaan jeung manéhna. Tah ieu ogé diaanggap enyay cahaya harepan na tungtung tanjakan. Kuring teu weléh sabar, apan tanjakan téh jauh tangeh ka tungtung. Tanjakan, ayeuna sedeng disorang. Mugi dipasihaneun cageur, kuat ngalakonana, jeung iman anu sayakti. Apan mindeng kasaksén loba kulawarga runtag alatan masalah ékonomi. Loba pamajikan anu ngejat ti salaki, atawa anu suka milih ‘ngajual diri’. Na kituna mah moal deuk ngabibisani, moal aya jelema anu betah dina hirup walirat katalangsara. Éh, Ya Allah bet palias dugi ka kitu.

Pabeubeurang anjog ka jalan caang. Ngembat ka wétan keun. Langit biru, gunung kulawu. Méga di jauhna paséséréd di juru langit luhureun lembur Cidahu.

“Geuning tos siang!”

“Lis!”

Seuri kéom.

Najan poé geus maju ka beureng ogé teu daék ieuh maju rurusuhan, da apan teu kabebereg ku kudu. Atuh mun téa mah hayang reureuh nya kari eureun da teu ieuh ngaganggu kana lalampahan. Kakayon luhureun jalan liliwatan masih ngiuhan sing saha baé anu leumpang handapeunana. Angger linduk teu kagibreg ku panas anu keur meujeuhna manceran.

Lalakon katu nama téa téh kawas-kawas ngabuntut bangkong. Teu aya béja boh ti nu méréna boh ti jalma anu boga ngaran dina éta kartu. Kawasna, kuringna baé gedé rasa teuing. Gedé rasa, boga panyangka hadé yén éta batur téh rék nulung, rék ngajakan gawé. Padahal, meureun maksudna téh rék nyarita, rék ngabéjaan jeung ngabéjakeun yén ‘kuring’ téh ayeuna geus boga gawé kawas kieu jeung widang gawéna ogé nu kawas kieu. Kitu meureun sabenerna mah pibasaeunana mun éta kartu nama téa disurahan dima’naan. Kungsi panggih jeung nu méré kartu téh, nya éta pamajikan babaturan téa, kuring teu natanyakeun deui kumaha béja salakina ayeuna da kuring sieun bisi anjog kana maksud kuring hayang milu gawé jeung salakina. Kadieunakeun mah ét hal téh dipopohokeun baé.

Di luhur tangkal nu jangkung aya sora tikukur ngageureuleung sorana, ari disidik-sidik enya wé disada baringiuhan tayohna keur reureuh tas hiber jauh. Baheula mah basa keur leutik waktu di lembur, lamun manggih manuk tikukur téh kacida atohna. Geuwat baé mantengkeun katépék maké batuna anu pangbuleudna. Sanggeus keuna ku pangécéng panon siet baé dipentang. Da bongan sok ngorék macokan tangkal suuk nu kakara dipuuhkeun. Ayeuna, manggih tikukur keur

nyoara didéngékeun geuning ngondang kawaas nganteurkeun deui ka lalakon jaman lawas, jaman keur usum ngahuma di pasir Punclutgedé.

“Pa, ngaos téh teu patos jéntré. Hurupna aralit teuing,” ceuk Si Adé.

“Na kumaha kitu?”

Sabenerna mah kuring teu maksudna malik nanya da geus nyaho kana maksud caritaanana. Manéhna geus lila ménta al Qur’an. Can katedunan. Kungsi dibawa jalan-jalan ka Cimahi ka toko buku. Manéhna julug-julug téh kana gemplekan erah agama. Kop ka nu dipika hayangna. Opat puluh rébu cenah haregana. Kuring ngan bati ngahelas baé kana kahayang budak anu sakitu hadéna. Ayea deui kahayangna anu can katedunan téh nya éta hayang bal baskét. Kuring nyarita hayang geura-geura lebaran ambéh seueur nu masihan artos. Kanggo mésér éta téa.

Batur leumpang kawasna téh keur guntreng jeung lelembutanana manéhna ogé da geuning jongjong jeung léngkahna. Sapatuna ramiping ku taneuh liket disarungsung mu dangdaunan garing. Tungtung calana panjangna ogé ramiping ku taneuh beureum. Tapak kagarisan keuneung.

Tétéla geuning, harepan téh kudu direnungkeun ku karep. Da ngarep-ngarep paméré batur mah ngarana ogé batur. Boa ngajak ukur catur. Biheung ari geus ragrag ucap mah teuing ogé henteu.

Awi ngora tingsulusup pinuh ditangkodan kalokop méréng rangseb ku bulu rajol tina sela-sela baturan. Jadina, pajangkung-jangkung pada-pada néangan panonpoé. Kuluwat kulawit néangan lolongkrang. Kawas anu hayang katara ku caang kaciri ku langit. Tah, éta laku awi ngora nu keur pajangkung-jangkung muru luhur téa apan tadina mah iwung. Iwung nu karuang ku hunyur dina jangkar awi terus nyurungkuy nyérédkeun taneuh nu ngahempikanana nepi ka manéhna témbong wujud dirina. Éta kajadian alam kawasna kudu dima’naan larapkeuneun kana diri larapkeuneun kana kahirupan sapopoé. Hirup kudu jiga iwung ngalakonan prosés jadi awi ngora néangan panon poé rék nguatkeun diri sorangan sangkan jadi awi déwasa bisa hirup luwes jeung papada leunjeuran séjén.

Panonpoé geus kapelendoykeun ku pucuk awi kauar-awir kabeulah kulon, sora adan ngalnglaung di lembur lebakeun Gunung Radar kahelob-helob ku angin ti pasir siga jauh kawas deukeut sakapeung les leungit. Nu leumpang hareupeun kaosna cipruk, kacirina mungkin asri. Kaayaan baju kaosna léngkét nuturkeun kontur awakna, matak nghudang pangrasa sanajan dina keur capé matak pogot panon sono. Ku nu bogana tayohna karasaeun. Manéhna ngajebian bari malik nukangan. Pokna, “Pikabetaheun. Teu dimana, teu dimana!”

Langit kaciri keur ngumpul-ngumpul méga bodas, disérédkeun ka tebéh kalér keur peuyeumeun pihujaneun engké peuting. Karasa panasana jiga poé kasedek.

Dina lalangit pipikiran kahayang budak, pakasaban siareun jangeun nambah-nambah pangabutuh, pibekeleun nyorang puasa, jeung dina mungkasna, poé lebaran, kasatiaan, kawedelan rumah tangga pasedek-sedek pagaliwota jiga nu hayang buru-buru ditedunan. Sakedapan, sakedét nétra haleungheum kabina-bina.

Nu komat ngajak solat duhur, sorana nyurug kana curugan sanubari. Hiliwir angin ilahi.

“Pa, urang uih! Tos siang!”

“Yu, atuh!”

Panonpoé geus menggok lebah punduk, karasa panas. Leumpang ngétan paduduaan. Pikiran leubeut ku rupa-rupa pangalaman. Sanggeus leumpang bari ngama'naan rupa-rupaning kaayaan alam nu kaliwatan, nu karérét nu kalampahan titincakan. Sirorotkeuneun kana sanubari kahirupan. Mangka wedel dipageuhna, mangka cageur diwaluyana. Ka nu nyanggeum alam gorombiangan pamugia geura-geura ngaguguntur ku rahayu, ngalemah ku karaharjaan anu lalainduk.

Jalan ka wétankeun. Ting kareclak késang eulis anu ipis. Langit beurang beuki geugeut nyalindungan ku méga, muga waluya. ***

*Suaka Indah, Cimahi
22 Oktober 2003*

Mangle No. 1964

34. NU MULANG KA JATINING WENING

Mun baheula mah wayah kitu téh disebut wanci pecat sawed. Wancina sawed dipecat tina beuheung munding. Enya apan harita maha sagala rupa hal sok dipatalikeun jeung ayana hiji kajadian. Nu ngawuluku réngsena téh nya éta wayah kitu. Mun dijamkeun mah ninggang kana tabuh sawelas deukeut-deukeut ka tabuh dua welas.

Sawah aya sarorogan, pétakanana nungturu ka landeuh. Kotakan téh teu lalega teuing da pngsina ogé geus teu murni keur ngahasilkeun paré. Ieu mah éstuning keur pangrojong kana kaayaan lingkungan. Minangka kasang kana lingkungan padésaan di urang. Mun kotakan pareng dikemplang, katémbongna lir kaca eunteung dipalipidan ku galengan. Caina hérang ngaborélak kawas cai timah nyurulung tina taheuran mun disawang ti kajauhan. Kokocoran dihaja dijieun lempeng, naratay ti kotakan nu tonggoh nepi ka tungtung hilir di lebak. Waas ku nyurulungna anu teu pegat, ngorocok ngocor. Dina kokocoran nu séjén dipasangan pancuran awi, ditandéan ku pancurendang. Cai tina pancuran asup ngocor kana liang pancurendang anu calangap ménta dikucuran cai. Mun geus pinuh mah ruasanana geuwat ngungked mahékeun cai bari sujud kawas nu nganuhunkeun ka pancuran. Waktu balik deui ka posisi awal, tungtung ruasan keuna ngabeletrak ninggang batu anu dipasang handapeunana. Kitu jeung ktu baé saterusna. Ancang kendorna sora gumantung kana panjang pondokna ruas nu nampung cai. Sora pancuran jadi ratok, da puguh aya limana atuh. Katurug-turug pancurendang té diéngklokeun ku sora batuk ngisang nu kerep nolontrang, mingkin ramé baé. Moal boa nu teu biasa ngadéngéna jadi garasa kaganggu katingtrimana. Jalma-jalma anu teu boga kasang-tukang budaya tani atawa budaya sawah. Anu satadina niat jang ngebebtah raga ngawawaaas rasa, jadi mubajir. Ngan hadéna baé patempatan téh jauh ti batur. Disebut jauh da deukeut kétang. Apan, tatangga ogé biasa leumpang larsup ka buruan. Malahan, ngahaja dibebetah dipangnyieunkeun titiron jalan satapak nu dipelur mipir bénténg wates. Dicaangan lampu néo, supayaanu kabeneran laleumpang henteu ngatog titarajong. Sabudeureun patempatan dikuribeng ku bénéng témbok. Lain maksudna ngiwalkeun manéh ti pakumbuhan balaréa. Komo hayang katémbong éklusif kawas perumaha ember kai téh diasupkeun kana pagasan awi bitung aya kana opata deupana. Ti jamban ka tajug ditatapakan ku batu démprak ti walungan. Di pipir saung kolécér anu panjangna lima meter téh gegerungan mun muntir gedé angina. Katebak angin leutik ogé mlih baé. Eukeur mah dijieunna tina kai hampang, kai tisuk, katurug-turug ditagenkeunana di penclut, make tetenger nu jangkung.

Buhu jeung posong aya nu dikaitekun di saung, aya deuih anu dipoé di buruanana. Enya niron-niron wé, kawas buhu atawa posong anu geus dipaké sok dipoé di buruan digantungkeun dina leunjeuran gantar.

Tonggoheun sawah aya kebon. Ieu ogé ngahaja deuih dipager make talutug kayu jaran terus dipalang dicempédan ku awi leunjeuran meunang meulahan. Ditalian ku awi tali. Asupna, kana papanggé pepelakanana rupa-rupa: aya sampeu, jagong, malah waluh gedé ogé aya. Ari kacang panjang mah dipelakna dina galengan. Mangsana, kacangna ngarambay rantuy papanjang-panjang.

Waktu pecat sawed téa ngahaja dipilih waktu éta keur nyawang tineung téh. Kaayaan sabudeureun ditatan deui, asana mah imeut kacida. Ditungtun deui ku

panempo kana hiji-hijna barang atawa patempatan, tina nu éta néma ka nu ieu. Dibarengan itataan ku pikiran. Mani tapis pisan panon téh imeut taya nu aliwat. Dina ppikiran deuih taya nu pohokana ngaran sarupaning barang. Kitu deui, kajadianana wayah kumaha, jeung saha n ngalakonan éta carita. Salian tip anon anu kaditu-kadieuh jeung pikiran-rasa nu marengan waruga ogé teu cicing, waruga nuturkeun léngkah ka mana nujuna. Enya, tadi ogé geus diniata natahan sapuratina téh seja malikan ngungkab deui kawaas. Kawaas, kasono, kageugeut nu layeut manglawas-lawas jeung Kang Raharja.

Dina barang katutu tempat téh apan napel rupa-rupaning usaha gawé jeung pangropéakuring sorangan. Tangtu, tangtu ari Kang Raharjana mah da geus aya di dinya mangtaun-taun teu kudu dicaritakeun deui. Ieu mah lalakon kuring baé, minangka jalma anyar dina hirup-hurip jeung kahirupan kulawargana. Kuring teu boga rasa jeung boga niat rék nyebutkeun boga jasa. Henteu. Kuring, kawasna kitu ogé, geus jadi ati pangreugreug ati Kang Raharja. Sakeprul ogé boa henteumilu masieup kana diri jeung lelembutanana. Ngan karasa ku panempo batin ayana diri kuring dina dirina téh ngajadikeun diri Kang Raharja kalawan teu ngarasula, meunag bagja keur diuji, meunang susah keur dipeuseuh. Tara sugan nyundut-nyundut ka omongan nu maksudna ngaharib-harib kana ngala rejeki meunang macikeuh atawa ngalidikan batur. Sering almarhum nyarios, cenah ieu mun budak diparaban ku rejeki nu halal mah insa Alloh budak té bakal salamet tur palinter, mugia baé. Emh, mugia Kang Almarhum ditampi iman Islamna, dihapunten dosanan, dicaangkeun di alam kuburna.

Tah, ayeuna ngalakona deui hirup dina lambaran anu anyar. Tegesna, hirup marengan KangRaharja, dina babagian lenunjeuran anu tengah katompérnakeun, geus rék ninggang kana épisode ahir. Sok sanajan kari kasirih atawa nan saukur sacewir deui lalakon té. Seja niat saéstuna dibarengan ku tékda boh keur diri pribadi boh keur Kang Raharja, mugi sing aya ma'nana. Niat téh rék bener-bener ngésto ka nu jadi salaki, atuh dina saéstu-éstuna brasna mah ngésto tujul ka Nu Kawasa. Mugia dipirido ku Anjeunna. Malar mulus banglus ari ku dinawaétuan mah kitu mah malar kuringna bisa teleb leleb kana sajati-jaitining kahirupan Kang Raharja sakulawarga. Enya apan, Kang Rahrja téh kagungan kulawarga, para putrana, karyawan senina, katut para tamu anu micinta pinton seni tradisi. Dina hal ieu, wisatawan domestic jeung mancanagara.

Dina soal seni tradisi, kuring ogé asana mah teu talagtolog teuing jeung teu ngawagu da apan di kulawarga téh geus wanoh kana sagala rupana. Atuh kuring ogé kungsi deuih jadiseniman. Lain sdeniman, kétang. Seniman mah sesebutan bisi hébat etuing. Kuring mah, tukang milu maén pagelaran kasenian baé. Ngan ai kudu marengan Kang Raharja mah, sagala rupana kudu aya *penataan ulang* dina diri té. Kudu aya siap deui waruga katut lelembutan. Sabangsa *penyegaran* lamun ceuk istilah ayeuna mah. Nyegerkeun piker, rasa, carita, jeung paripolahna. Hal ieu téh perlu, malar kuring teu tibararanting, atawa boga rasa kagugusur ku Kang Raharja anu geus tutur jeung maranti dina iama gawéna sapopoé.mun teu kitu, bisa-bisa mawa ngjot kana lalampahan, mugagkeun laku.

Hartina, kuring gagal bisa marenganmantan usaha kalawan sahadé-hadéna. Kuring kudu nurutan polahna atlét lari beranting atawa éstafét. Dina kahirupan Kang Raharja, bisa ngabelecer, méh sarua tarikna palaputrana sasatna mah anu ngaheuyeuk éta patempatan. Barudak sakabéhnyebut ib téh pupulasan. Apan kring ngarangkep ka ramana ogé sasatna beunang usaha barudak téa. Atuh, dina airna

mah barudak té sok silih anjangan, boh nu ti Cianjur boh an ti dieu. Sauyunan katingana téh. Barudak anudi Cianjur dina kasempetan rinéh, enya saméméhna ngahji jeung Kang Raharja, sok mindeng ngangsnan ka kuring malar boga deui nu maturan. Cenahlain embung dituturkeun ku ibu. Da apan barudak téh geus karurenan. Anggang deuih caricingna téh. Anu cikal lalaki, imah-imah di Bogor, anu kadua lalaki deui di Cileugsi, anu bungsu awéwé matuhna di Cipanas. Tilu bulan sakali mah elatna, sok aya n naréang barudak ogé. Mentingkeun kacida. Ku laku barudak kitu kuring sok ngasa karunya ku jauhna. Kumaha baé ogé tinangtu waktuna bakal pabeulit jeung gawé katut nyocéng kana waktu keur kaperluan maranéhna. Leuheung mun keur nyampak ongkosna. Basana sieun ibu aya teu damang, cenah.

Basa dina hiji waktu kuring nepikeun gerentes hate ka maranéhna, arék aya nu datang ka imah, amaranéhna geus urti kana naon jigna jeung ka mana maksud éta omongan. Atuh, kacida aratoheunana. Ngan hoyong terang heula ka jinisna, cenah. Bisi kuring kabelejog. Ari geus jonghok jeung jalmana mah nya teu sakarakara, malah kacida saratujueunana. Budak nu cikal mah geuning geus apaleun. Parantos terang atuh ti sababaraha taun ka pengker ogé sareng Bapa éta mah, omongna. Enya kuring ogé inget, apan si kaka téh kungsi milu penataran seni tradisi, minangka wawakil ti kota Cianjur. Adi-adina mah geus langsung nyatujuan ti saméméhna ogé sok sanajan can paamprok jonghok. Bakat ku atoh taoyohnamah.

Wanci pecat sawed, kawas harita, sarua wancina jeung tujuh taun katukang, basa anyaran datang ka éta tempat. Mani natrat jalan ingeta ka alam lawas téh. Harita teu sirikna ditutungtun ku Kang Raharja. Natahan sagala rupa nu aya, bari nyebutan ngaran jeung istilah. Kitu deui ngawanohkeun ka sakabéh pagawé. Maranéhna ukur eureun sabéngbatan bari unggek minangka panghormat. Atuh, Kang Raharja sakalian nyebutan ngaran nu keur digarawé. Sanajan, dina pékna mah anggur ngabaretem dibarengan ku cungar-cengir. Antukna disbutan kubabaturanana bari reumbeuy ku heureuy. Ihlas kénéh miindung ka nu lain salina ti indung pituin. Padahal, ari nu jadi bapana mah merelukeun kénéh keur pibatureun hirup. Lain ngan ukur ngawulaan dahar jeung paké hungkul. Tah, béda aria nu kaalaman ku kuring, barang sup kana kaca-kaca pakarangan lingkungan kahirupan Kang Raharja mah hawa soméahan téh mani asa ujug-ujug ngaléndéhan. Nganjogeun kasegeran kana sakujur lelembutan. Teu salah pilih geuning, barudak ieu pamilih urang té, lelembutan make jeung ngaharéwos bébéja sagala. Hal ieu nu nambah-nambah kateteg tékad geusan teu galideur hate marengan Kang Raharja. Kuring seja ihlas lillahi taala, seja buméla. Palarutra Kang Raharja teu kudu dicatur deui mihormat jeung miindungna ka kuring téh. Hiji waktu mah nyieun poto kulawarga anu anyar tabengkeuneun dina témbok di rohangan kulawarga.

Hal ieu gé hasil barempug. Budak anu tilu ti Cianjur kudu marilu. Kitu usul ti kulawarga si Akang. Budak nu tilu ti Cianjur di jéngjréngkeun jeung baruda anu lima ti Bandung, ngahapit indung jeung bapa kénca katuhu. Ti harita taya basa sesebutan deui anak ti Ibu jeung anak ti Bapa. Lamun téa mah saméméhna kungsi aya nu sarupa kitu. Atuh, kitu deui sababaraha incu anu geus nyampak, enya incu sampakan, arogo ka nini.

“geugeut téh pamasiemp hirup Akang. Geugeut téh lir panonpoé nu ngusikkeun mangpirang pangeusi jagat di satukebing batin. Ku panyeungeut sorot panonpoé

sagala arusik pada hayang nempo jonghok jeung sumberna. Hayang apal éta téh perbuat saha. Nya apa, geus atra kacida sétrana aya di salira Geugeut.”

Dka naon alesanana Si Akang boga lalandian kitu. Ah, kuringna ogé teu ieu rék tatanya maksudna. Meureun baé keur sesebutan kanyaah kahéman.

Kaadian-kajadian pikabetaheun, kahéman anu katarima méh unggal usik, kagumbira anu diajangkeun kana diri kuring sorangan, tangtu baé hanteu ngalantarankeun kuring poho ka diri sorangan. Kuring ogé geus tatan-tatan hate téh. Sagala rupa aya papasanganana. Kaayaan nu keur disorang ayeuna tangtuna ogé bakal aya ahirna, keuna ku katangtuan. Kudu ganti waktu ganti suasana pitutur ti Nu Ngudukeun. Nu Ngudukeun teu weléh nyaring dina batin, anu méh teu kendat téh boh nu ti mancanagara raresepeun baé disuguhan seni tradisi kitu téh.

Soré harita mah sora kacapi suling téh asa ku béda kadéngéna. Bet asa manglongkéwangkeun kana rasa kana hate. Komo éta sora suling Mang Imang, asa bararéda sorana, mungguh nganteurkeun kana kalewang, asa kosong batin batin té. Jiga jarum mesin kaput nu nojosan kapeurih. Éta deuih, kacapi tabeuhan Mang Sambas ngambay teu luyu kana tabeuhan kawas nu ngagojod-ngéngklok siga mindeng tikoséwad mun anu keur diajar metik kawat senar mah. Éh, naha asa bet teu pupuguh teuing ujug-ujug aya suasana nu teu mararatut kitu.

“Astagfirullahaladzim,” sababaraha jongjonan mah maca istig far bari ngusap beunget. Naha totondén atawa tangara naon. Ah, mugia baé enya ukur salah tarima pancadria dina narjamahkeun tanda-tanda atawa lambing sora. Éta mah sora waditra anu silung atawa rada heupeu. Tah kitu meureun tarjamahanana nu benermah. Anu matak étasora téh teu ngagalideurkeun rarasaan.

Dina kahirupan sapopoé biasa baé dina kaayaan walagri taya gangguan nanaon. Hirup taingtrim jeung kulawarga, jeung karyawan, sumawonna ari jeung Kang Raharja mah cepel ku karomantisan jeung ku karancagéan kawas waktu téh anu teu kauger ku anggeusan, teu kauger ku lekasan, teu kasungkeret ku watesan.

Basa ngarangkep ka Kang Raharja, sababaraha wargina teu datang, bubuhan anggang cenah. Duka tapi, mémang kitu meureun da teu asak deui tatanya. Ka dieunakeungkungsi panggih, ngahaja nganjang. Sakalian bari tamada sasadu baheula teu nohonan pangondang. Hampura baé cenah. Keun da geus pada salamet. Kari tingtrimna. Da geus dipirido Gusti. Tangtu baé éta carita ti dulurna nambah-nambah pangreugreug dina ngaheuyeuk jeung ngariksa rumah tangga marengan Si Akang.

“ibu, aya tamu!” hiji karyawan norojol ngabéjaan, aya tamu jigana mah ti nu tebih, pokna téh.

“Di mana? Sok dihaturana ka dieu atuh!”

Manéhna balik deui bari leumpang rurusuhan.

Kuring leumpang nuju ka hareup ka ruang tamu. Terus baé ngajengjen nyérangeun ka tepat pitorojoleun sémah téa. Katémbong sémah téh rurat-rérét. Ari singhoréng éta téh anu disebut ku Si Akang adi téa. Tapi, lain adi Si Akang. Adi euceuna éta mah. Ngan ari keur Kang Raharja mah nya kabéh ogé disebut adi baé, kawas ka adi teges. Ari salakina langsung nyimpang ka Kantor Pusat da jam kantor tacan tutup. Dulur nu ieu mah bet asa béda jeung dulur nu ngfanjang ti heula téa. Nu ti heula mah soméah, jeung make nitipkeun Si Akang katut budak sakabé. Ku kitu téh asa dipidulurna. Ari nu ieu, sipatna mani jauh kacida.

“Asa bararéntén suasana téh, nya?”

Dina hiji kasempetan Si Ayi nyarita karasa asa neg téh éta pananya neumbag kana dada.

Meunang saminggu kasémahan téh. Éta, lain waktu anu sakeudeung-keudeung ari dibarengan ku jalama sarupa kitu mah. Si Ayi tétéla miboga sipat nu loba teu saluyuna jeung pribadi kuring sorangan. Nya kitu atuh dina salila ngawulaan téh jiga anu munapékéééééé sanajan migawéna mah kalawan ihlas. Rék teu ihlas kumaha apan sémah té adi salaki, katurug-turug kakara panggih. Sémah kudu meunang panghormat anu hade.

Salila aya sémah kaayaan imah loba nu robah. Kuring ngantep dlur milu mikabetah suasana. Sangkan teu bosen. Imah anu dicicingan ku kuring, nya imah manéhna kénéh. Apan sémah téh sasatnaadi sorangan. Kitu anggapan kuring. Usaha adi milu bébérés di imah meureun ceuk pangrasana, malar imah jadi asri tur hégar. Supaya nu nyicingan mingkin betah. Parindahna tempat-tempat barang jeung patukeuran suasana kuring teu openan. Tapi basa poto kulawarga dipindahkeun tempatna, hate téh make jeung nyeri kabina-bina. Asa kahina. Tapi, kuring teu niat némbongkeun semu keuheul jeung napsu. Komo ari nepi ka ngalawan mah. Da, kuring teu boga sipat kitu. Sipat ngagugulukeun kagoréngan.

“Ku saha poto dialihkeun?” sigana kakara katingalieun ku Si Akang. Rada teugeug saeutik lagamna té.

“Ku Si Ayi!” ceuk kuring pondok.

Si Akang gura-giru nukeurkeun deui poto kawas tempatna mimiti.

Sawios atuh, da teu nanaon, apan ibu mah ngan saukur...” Kitu ngajawab téh leuleuy jeung laun. Dareuda jeung deuih pikasebelan téh dipiceurikeun mani asa teu beunang dibébénjokeun.

Barudak sakabéh geus ditepikeun panjang-pondokna, gedé leutikna alesan. Mimitina mah barudak nyaram, ménta kuring sangkan tetep rénggénék sabiasa marengan, sanajan geus teu aya bapana. Kuring boga pamadegan sangkan salamet saréréa, sangkan kahadéan ngagenclang di sakabéh hate. Ngagenclang di Si Akang almarhum, katingtrim areunteup dina hate barudak, ngancik di kuring deuih. Saréréa taya anu leungiteun. Sumawonna harta banda anu cenah jadi kacuriga. Kuring teu kabita ku nu karitu. Tadi ogégeus diniatan, malar salamet lahir batin dunya ahérat. Salamet saréréa. Kuring seja mulang ka jatining wening. Kuring rék tetep rénggénék di dinya. ngarekahkeun rupaning kawening ati. Raga badag mah nya mulang ka lembur téa, lembur Cianjur. Geus mecatkeun sawed dina waktu anu mustari.

*Suaka Indah, Cimahi.
Awal Maret 2004*

35. AWI WULUNG GUNUNG LARANG

Gunung Larang ngajega jiga nu ngabaeukeun. Enya kuring datang. Enya kuring data seja deuk nepikeun talatah anjeun baheula basa kuring miang. Seja nepikeun panuhun. Panuhun ti nu geus lawas miang.

Jalan désa nu baheula katincak basa rék lunta kaluar ti suku Gunung Larang, can loba robahna masih jiga baheula. Paselang pasawahan jeung lembur nu ancal-ancalan na handapeun rarambu daun, dapuran awi wulung jung kalapa.

Manéhna ngarandeg neutep rungunukna lembur sorangeun. Ti Cinagen ka wétankeun. Pucuk kalapa ting garupay, jeung siga umpalan ruyuk awi katebak angin. Manéhna leumpang deui, mapay jalan désa nu baheula. Jalan, taneuh beureum nu baheula kungsi mikawanoh kana dampal sukuna, kana ramo-ramona nu kungsi dicecebkeun mun kabeneran jalan leueur tas hujan. Méh unggal poé, dua kali indit jeung mulang. Nincak jalan anu éta. Mun méh tepi ka nu ramé, nu kasebut rada kota, dampak suku téh sok dikocokkeun, dicurugkeun kana pancuran awi sisi jalan sisimpangan Nagrak. Tapi, mun anjog ka lembur mah, méméh bus ka pakarangan sok dokosod-kosod heula kana jukut. Terus ka tampilan sisi imah.

Jalan anu baheula, taneuh beureum nu baheula, piraku geus poho. Apan dampal suku ieu téh nu baheula téa. Nu baheula sok ngajejekan anjeun. Ngan meureun aya nu béda karasa ku anjeun, bisa ogé rada kasamaran pédah ayeuna mah dibungkusan ku barang anu ngaran sapatu. Teu kitu dulur, éta mah ukur pamungkus. Mun buligir jiga baheula, basa anjeun mikawanoh kuring unggal poé, meureun ditempat anyar, tempat kuring masamoan disebutna kurang tata kurang titi. Hampura dina hal ieu apan sésa nyiripitkeun galeng mun pareng mopok mah masih kaciri tapakna rada jébrag.

Beuki lila Gunung Larang beuki atra. Manéhna ngarandeg deui. Nyusut késang na tarangna, ku sapatangan. Baheula mah ukur diusap ku ramona. Teuteupna panceg ka wétan. Lembur téh itu rungunukna beulah katuhu. Tatanjakan nu baheula, katuhueun jalan tajug nu diimaman ku ua, kéncaunana tangkal kalapa satangkal. Raca tapak ngadékan mun barudak pareng arulin handapeunana.

Baeu bagéakeun ku ring datang, entong geura kasamaran kuringna masih kénéh nu baheula. Haté jeung kahayangna anu baheula kénéh. Tékadna masih tékad nu baheula. Tangtungan Gunung Larang. Apan, nya ku tékad jiga kitu kuring miang lawas. Ayeuna éta tékad, éta kahayang nu baheula téh geus ngajanggélék. Manéhna mindahkeun koper kulit titiron kana leungeun belah kénca. Koper nu miang maturan. Ayeuna nu maturan manéhna mulang. Basa miang eusina tékad kahayang ayeuna hasilna kabawa mulang

Sawah beunang macul, kotakan dikemplang dipelakan lauk. Manéhna jongjon leumpang. Méngkol ka katuhu. Ditéma mapay galengan. Aya barudak ngarit mapay-mapay galengan. Rét manéhna kana ramo-ramona nu raca tapak kaarit. Manéhna neutep seukeutnu keur ngarit.

“Kang, Kang Usép?”

“Enya. Cageur euy?”

“Alhamdulillah . . . Kang! Calageur nu dilembur?”

“Berkah, Kang!”

Kokocoran na kotakan ting kérélék sora caina. Hérang katojo panonpoé. Lalaunan panonpoé ngoléséd tina luhureun sirah manéhna. Béh ditueun Gunung

Larang ngelun durukan, haseupna bodas jiga pucuk areuy néangan pupuntangan. Néngan turus. Tapi, méméh turus karawél bodasna kaburu peuray. Moal boa manéhna jiga kitu. Mun luntana saukur nganteur ka hayang. Saukur lunta. Lain deuk ngaheueuhan tékad. Jiga haseup nu ngelun béh ditueun Gunung Larang téa. Hanas geus lunta ninggalkeun durukan di bumi maneuh ari kahayang sirna saméméh karawél.

“Alhamdulillah ,” manéhna ngagerendeng ka dirina, “Aing mah teu deuk kitu!” gidigna, masih gadag Gunung Larang, taya kamelang, da miangna di bismilahan ku niat.

Gunung Larang geus atra kakayonna tarunduk, sora jeung renyohna monyét jeung luting geus simpé. Dikoroméoh. Horéng anjeun geuning nu béda téh. Manéhna rét kana kalangkangna nu ngayambang na kotakan. Ngalangkangan dirina. Rét kana leungeunna nu titadi gunta-ganti nahan koper. Horéng uratna geus ranteng barijil. Urat téh geus umuran. Tétéla barudak nu baheula arotot lého téh geus halughug. Awi wulung pelakna baheula geus ngaruyuk.

Awi wulung. Enya apan aing awi wulung téh anu jaradi di ruyuk barala. Biasana ngan saukur jadi pager, atawa cukang peupeuntasan, paling untung jadi paratag waluh siem atawa keur popoéan. Sanggeus dipentés dipeuseuh ka nu caang di nu anggang, bet jadi calung jadi angklung ngeureuleung manggung. Boga harga miboga wanda nu mandiri. Geus ngalanglang buana, ngeureuleung dina réma para mojang anu gareulis.

Apan aing awi wulung Gunung Larang téh. Geus tandang makalangan. Ayeuna Si Awi wulung néang lembur.

Ruyuk awi wulung séah umpalan katebak angin. Durukan di bumi maneuh béh ditueun Gunung Larang geus ilang ngeulunna.

Panonpoé mah teu bisa diengké-engké. Jongjon ngoléséd.

Dina hiji peuting, basa ngabéjakeun hayang neruskeun sakola ka Bandung ka IKIP.

“Geus tong ieuh neruskeun. Cék anggapan bapa mah asana taman sakola guru gé geus cukup. Bisa ngajar di lembur, bari pakaya katungguan. Nya ari pepentingna mah apan Bapa katut Ema téh geus kolot. Sedengkeun manéh panggedena, ari adi-adi apan laleutik kénéh pajukeuneun. Sarua apan adi manéh ogé kudu sakola!”

“Nya kitu kahayang Ema ogé. Engkin mun manéh lunta anggang mah, taya nu nyundang-nyundang kolot!”

Nepi ka janari, teu daék reup. Da bongan hayang nerus sakola. Lampu teplok nu buntung semprongna téh kalah ngagedur. Ari di leutikan kalah rék pareum. Kalangkangna buleud di lalangit méhong. Kacipta batur mah keur sasadiaan téh mariang. Sora budak ceuring néangan susu indungna. Incu Ki Turki, anak Ceuk Minar.

Méméhna geus barempug jeung Lilis, Trésnawati, Rika, Any, Nani, Mis’an, Tarhim, Awang, Dédi, Uén, Oléh, jeung Rahman. Rék indit bareng ka Bandung. Seja daptar sakola. Bareng téh ambéh teu nolog, mun peuting téa mah. Ma’lum kakara lunta ka kota gedé anu ramé. Améh aya jangeun badami. Kaya kieu mah moal katedunan.

Bulan ngaliwat kan tidak. Cahyana hérang, jiga pancuran beurang nyurulungkeun cai ngajenyas ka pangedangan. Lampu mah angger ngagateng di patengahan, luhureun méja. Cayana beureum maur jeung poékna peuting. Adi-

adina ngan kaciri hideung pasoléngkrah di amparan samak pandan. Talibra. Sato peuting geus ngurangan sorana. Jigana, béntang gé geus mimiti caang.

“Peunteun panghadéna, Sep!” cék guruna, “hadéna mah nyoba wé daftar!”

Éta sora guruna, sora nu geus dipikawanoh jeung mikawanoh, masih ngagalindeng. Malah, beuki lila mah jiga pangjurung nu teu bisa disisilahan teu beunang dibébénjokeun atawa dipersabenan. Pangjurung, anu geus apal kana kamampuh muridna. Éta sora téh teu ilang-ilang. Jiga peuting harita. Peuting anu pangpeuting-peutingna, peutingna poék haté manéhna. Manéhna, lalaunan mukakeun dingding jandéla kamarna. Katémbong langit téh langgong. Cirina béntang anu tingborélak, na para janari.

Rét ka adi-adina nu talibra na amparan samak pandan dibulen poék. Anggel teuas nu kawas popongkol téh geus lalésot tina heumpikan sirahna. Rét deui ka bumi alam janari. Ka langit tumaninah, rét ka lalangit méhong di patempatan. Aing kudu miang ti lalangit méhong ka langit tumaninah, langitna patékadan. Deuk ngambahan lalampahan malar menyat tina gawé di lembur. Meuseuh diri nyoba kamampuh. Si awi wulung ti dapuran lamping Gunung Larang sing jadi angklung di papanggungan, laguna dédéngéun di pasamoan.

“Jang, mulang?”

“Amang?”

“Muhun, Mang. Damang?”

“Cageur. Lawas, Jang.”

“Daramang nu di lembur?”

“Berkah, Jang”

Manéhna méngkol deui ngénca. Cepet ngétan mapay-mapay galengan sawah. Koper kulit titiron geus busik, eusina salian ti surat tanda patékadan dirina, ogé oléh-oléh keur kolotna katut adi jeung barayana.

Bau leutak tai pacul jeung singkal, bau nu geus dipikawanoh. Asa geus sono hayang deui geura ceg kana doran pacul, hayang geura nyiripitkeun dampal sukuna kana leutak mopok galeng. Ku sono dahar na galeng. Moal boa dampal téh rada peureuseun dipaké nincakan tunggul jarami. Rék dilatih deui bisi rada ngawagu mah. Sina tutur deui.

Barudak parawan di tampian sisi lembur sabuligir ting boréngkal keur marandi kapanonpoéan.

“Kang, Kang Usép!”

“Ani geuning!”

Adina keur ngadagoan baturna. Cinutrun.

Walungan nu nyimpay lembur caina hérang, dicukangan leunjeuran awi wulung pupuntanganana awi sacekel.

Dipakalangan gawéna manéhna wawuh kana kecap penelitian, kerja lapangan, statistik, Sundanologi, seminar jeung sapapadana nu taya patalina jeung kasono kana bauna leutak, keceprekna sola dampal suku kana leutak ngagonan atawa ngalung-ngalungkeun timpah binih ka nu keur tandur. Kecap tadi téh aya patalina jeung gawéna, sok sanajan gawé can ka SK-an. Manéhna biasa mantuan kolot di kantor gawéna. Teu wudu hasilna, bisa ngirim ka nu mngkuk di lembur. Kungsi ngirim duit sésa maké ka lemburna pangaji satoneun paré. Daparé dilembur hargana dua welas rébu rupa sakintalna. Weu, puguh wé gedé jangeun ukuran lembur sisi mah.

Di pakalangan lumampahna, ogé wawuh jeung para inohong kasenian, para pangarang. Kitu deui wanoh kana bangirna bujur galéong tari jaipong Lilis Trésna, haleuangna Téh Ucu nembang, nirilik tirisna mun Nani jeung Ani tari rampak, bareng jeung Rika. Para pangarang nu geus dipika wanoh caritana basa keur baheula sakola di SPG, mun guruna medar pangarang dSunda jeung karyana. Pimanaeun manéhna tetep rénggénék di lamping Gunung Larang, wawuh ka jalma-jalma nu kakoncara. Baturna sasakola dikota, baturna sagawé dikantor. Moal percayaan yén manéhna téh Awi Wulung ti lamping gunung larang anu ayeuna geus ngajadi angklung.

Moal boa batur ulinna baheula nu ayeuna bakal katéang, Yaman, Kohi, Juha, Kongkong masih angger gawéna, pacabakanana. Ti subuh tug nepi ka burit guyang leutak atawa ngagesruk ngikir bedog meunang meula atahanana ti panday di pérahan disarangkaan jualeun. Kuring teu poho euy ka ilaing, roko bubungkusan.

Moal boa batur ulinna baheula, nu ayeuna jigana anakna geus dua atawa tilu geus kumarengkog bari nyebut bapa ka kuring, pédah pajah kuring, cék aranjeun geus jadi jelema. Teu euy. Teu kudu kikituan ka déwék. Déwék téh masih déwék nu baheula. Biasa jadi baheula, silaing sok nyerebut kaula lalandian Si Rengkong, pédah awak kuring begang rengkung. Enya déwék ayeuna geus béda pakalangan tempat paleumpangan, tapi da teu unggah pileumpangan.

Moal boa Nyi Asri anak Mang Amir, bébénéna keur mangsa diajar karéta mesin na handapeu bulan, nu kungsi babarengan lalajo bioskop di balé désa Nagrak mapay-mapay jalan sawah jeung pada baturna, ogé geus baranahan. Bet asa teu kungsi ngedalkeun kecap paturay antara urang basa rék miang. Bet enya kakara kapikir ayeuna. Geus wanoh kana adatna, geus apal kana jeténa, aya karang na pundukna. Jigana awakna leuwih kolot ti umurna kapeuseuh gawé sapopoé. Nyi Asri, henteu, henteu deuk ngaleuleungit pédah ayeuna Kang Usép geus mangkuk di kota. Éta mah mangrupa runruntyan hirup, lalakon urang nu kungsi silih pikaasih. Lelembutan téh bet nganjang deui ka baheula. Bet asa nineung. Keun silih duakeun, da ayeuna mah geus pada-pada.

Lembur bali geusan ngajadi geus hareupeun. Leumpang mapay jalan nu kungsi dalit jeung dirina ngambat ti alam ditu bruh-bréh bet narémbongan. Lir ngosokan kaca rumeuk kalimpudan kebul nahun. Beki lila beuki béngras. Kari waas.

Leumpang disusurung panonpoé soré.

“Assalamualaikum . . . !”

“Walaikumsalam . . . ! Sara Usép?” cék di jero. Solongkrong munjungan ka indungna.

“Bapa, Ma?”

“Tuh keur ngagolér, rada teu ngareunah awak!”

“Bapana, Bapana Usép datang!”

“Usép!”

“Muhun, Pa!”

“Sukur ari cageur mah. Taya béja téh sok sieun gering!” cék indungna.

“Barudak, Ma?”

“Arulin!”

Bakating ku hayang geura nepikeun ka indung-bapana, koper buru-buru dibuka.

“Alhamdulillah, pidua ti sadayana, urang lembur lamping Gunung Larang téh cios janten dosén. Tah ieu SK-na!”

Bari sok di ka bapanakeun

“Alhamdulillah . . . !” cék bapana bari merebey cipanon. Cipanon ka bungah. Langka, malah kakara nenjo bapana ngabijilkeun cipanon. Lir cinyusu kanyaah nu ngajuuhan léngkob ati. Nyuburkeun tutuwuhan, rarambu kanyaah. “Sukur ka nu kawasa, Awi Wulung téh geus ngeureuleung seru!”

“Sakumaha kahoyong Ema miwah Bapa kapungkur.”

“Sukur, Jang. Tinekanan!” cék indungna.

Panonpoé nu nyaangan haté geus reup-reupan karanggeum peuting. Dapur an awi wulung kiduleun lembur, ngarumpuyuk kaeunteupan hieum geretna jandéla magrib ditutupkeun, digembrugkeun ti luar. Kaléreun lembur Gunung Larang ngabedega, tas nampa béja kabungah pédah awi wulung ti lampingna geus ngeureuleung ngajadi angklung manggung dipakalangan.

(Suaka Indah, 1 Méi 1986.

Salam Sono keur:

Drs. Usep Kuswari &

Drs. Dédi Koswara).

36. KEMBANG HATÉ DI MUMUNGGANG OMBAK LAUT

Henteu, henteu kawas di alam Priangan suasana téh. Jalan nu kaliwatan teu disorang bari kukurubutan mun téa éta lalampahan dipapandékeun jeung leumpang di gunung mapay patempatan nu remet rungkun tutuwuhan. Kitu meureun pibasaean jalan nu kasorang ku karéta api. Lolobana nu kaliwatan asa negrak baé. Teu cara mun urang ti Bandung muru Jakarta. Apan, sakaluarna ti Padalarang téh mipir-mipir cangkég pasir. Lewang ku jungkrang lungkawing. Sapaparat paninggal héjo jeung héjo baé boh pakebonan boh tutuwuhan. Mindeng kasampeur ku panempo jalma tingkulunu di handapeun iuh suhunan jeung kakayon pakebnan. Rebut-rebut hawa ciibun tiris kénéh ku cireumis. Nu mariang maranggul pacul ngarélék karep.

Anjog ka Surabaya kira-kira tabuh 09.00 isuk-isuk. Jalma kaluar ti unggal panto kawas cai anu mankawura kaluar tina talang ngeuyeumbeu deukeut panto ka luar péron stasion. Da, bongon ari ka luar tina panto téh saréréa ogé kudu saurang-saurang bari nyodorkeun karcis ka patugas. Kitu ilaharna. Kitu kuring ogé kawas nu liana. Tas leutik disoréndang pageuh digencét purek na kélék. Nu hiji deui, nu rada gedé eusianana papakéan sapuratina keur kaperluan lima poéun. Ku kitu téh puguh baé mangaruhan kana léngkah jadi teu laju dab alas ku magol ku kantong téa, kagencét ku nu hayang papada buru kaluar. Keur dina kaayan ugul-ugul, nya berurat nya magol. Karasa aya nu ngagugunyang kantong nu gedé téa. Sangkaan téh gorég. Boa-boa aya nu niat ngorobét atawa nyilét rék nyokot eusina. Kukuring beuki dipageuhan nyekelna bari seug ditanagaan. Kitu deui anu ngabebedol make ditanagaan deuih, angger ngabebedol. Teu atra sahasaha anu boga laku éta téh. Lila-lila mah katohyan. Ari singhoréng batur sarombongan kénéh. Ti tatadi kawasna mah niatna hayang nulungan mangmawakeun pakéan téa. Ari geus sidik sahasahana mah cekelan téh dilésotheun dibikeun ka nu haat nulungan. Regeyeng ku manéhna disorén. Leumpang tukangeun. Puguh waé mani hampang mawa awak té da babawaan nu beubeuratna mah geus pindah nu mawa. Rombongan saterusna ngaliud di pakarangan stasion. Seja reureuh jeung mémérés awak, dangdanan, katut babawaan. Ketua rombongan ngumumkeun, cenah moal lila deui karéta nu ka Banyuwangi nu rék mawa rombongan kuring rék miang.

Nu marilu dina rombongan wisata henteu wungkul diiluan ku batur saprofési, tapi kaselapan ku nu séjén, ku pangurus Komite sapuluh urang. Hayang marilu bareng cenah. Minangka ngaraketkeun silaturahmi. Apan, ari pangurus intina mah sok mindeng datang ka tempat gawé. Da aya ruangan paranti ngantor gawéna.

Karéta api nu ka Banyuwangikeun kelas ékonomi pisan. Ékonomi banget, mun nginjeum istilah sélébriti mah. Ah, teu hade teu sing. Kitu baé kawas KRD Pdalarang-Cicaléngka, atawa Cianjur-Ciroyom.

Anu mangmawakeun tas téa tadi gé diukna deukeut jeung kuring. Dina karéta té teu wungkul rombongan kuring. Pacaruk baé di gerbong téh jeung panumpang séjénna. Antara kuring jeung manéhna taya ieuh istimewa. Apan papanggih gé kakara harita baé. Jajauheun kana wanoh, wawuh gé encan. Éstuning jiga antara anggota rombongan nu séjén. Ngobrol sabiasana, sawajarna. Kitu deui dina dahareun silitawaran. Ari lalaki mah teu anéh teu pati barangbawa bekel ogé. Malah dina henteuna ogé disebut pantes jeung munsabah.

Dampal suku karasa nyeri basa ditincakeun. Enya apan tadi téh tijalikeuh basa kaluar ti stasion. Tadi mah teu karasa da baal kénéh meureunan. Sapatu sandal ku kuring dilan dilésotkeun. Bari teu sadar tonggong dampal diurutan lalaunan, diualasan make kayuputih. Supaya karasa haneut. Kawasna laku kitu téhaya nu nyerangkeun.

“ku naon? Siga rada bareuh?” manéhna nanya.

“puguh muhun, tijalikeuh tadi!”

Nganggo ieu geura!” nyarita kitu téh manéhna bari sok mikeun obat gosok. Ku kuring ditampanan. Tapi teu dibuka-buka tutupna. Angger dina keupeulan.

“sok geura. Punten!”

Kuring hiding nyodorkeun dampal suku. Kuring teu nyebut punten. Kitu baé éstuning spontan baé. Kuring neuteup dampal suku jeung tonggongna. Keur diurutan ku hiji lalaki. Titén kacida. Lain, lain deuk ngabanding-banding jeung nu sok mencétan kring anu sasari sok maraieu mah éstu deuk ngoméntaran suku nu keur diurut ku lalaki nu hareupeun kuring diuna. Terus dipirig ku implengan kuring dina sajero manéhna ngurut. Gawé manéhna kacida imeutna. Dimimitian tina cingir, handapna diteken-teken didedetkeun, diingkeun sakeudeung. Karasa aya nu ngajeletit. Ku kuring rada dikejetkeun, barai rada ditarik. Ku manéhna anggur ditahan bari seuri. Kuring ngéléhan ngendorkeun deui suku anu ku manéhna ditagen dicekelan. Suku téh kawas nu ridoen naker disuapan kitu téh. Da meureunan hayangeun cageur. Mun kajadian sarupa kitu, enya dipencéan tarik teuing ku nu di imah, sok keuheul. Nu mencétan té sok kalepasan kasentak. Manéhna sok cicing. Da meureun ngarasa teu timu kana élmu jeung cara ngurut mencétan. Nu di imah mah dikitukeun téh tonggoy baé mencétan sakatimuna. Teu cara ayeuna, nu mencétan té mani karasa léah haténa. Dipapay unggal ramo. Taya nu kaliwat. Terus dibalikan deui. Ayeuna bagéan tonggongna. Imeut pisan ramona digulusurkeun antara tulang ramo diceceklokna. Aya nu nyeri aya nu henteu. Ceuk manéhna, nu nyeri mah ngandung kasakit. Kuring ngaheueuhkeun baé. Dina nyerina gé asa rido baé dipencetan té. Teu ieu ngarasa nyeri. Kuat nahan. Suku anu buying téh ku manéhna kabéh digulisek taya lahan nu kaliwat.

Ras ka nu di imah dititah sarupa kitu kawas nu ngarasula baé, jeung teu keuna kanu dipikahayang. Rumasa na kitunamah da arang lanka, mun teu disebut tara ogé mangmencétankeun. Mun kaciri nu di imah kawas carangkeul awak. Tah, kitu munasabahmun téa mah teu bisaen mencétan kuring genahna kawas nu karandapan dina karéta. Nu keur ngurut nu misal kawas teu cape-capéna. Samalaj ngurut buah bitis ogé mana asa keuna kana urat pangleutikna.

Kapeunteun ku panon lelembutan warugana téh hiji wangun nu sok diheueuhan ku hate. Dina rupa dina dedeganana minangka tipe ideal. Éta ceuk implengan.

Karéta api gugon dina kuda. Kota-kota nu kudu diliwatan jeung kota nu kudu dieureunan jeung naékeun jeung nurunkeun panumpang. Anu nundutan tingarunggut diendag-endag wirahma dius karéta.

Kuring ogé sababaraha jongjongan ngalenyap.

Di juru gerbong aya hiji bapa-bapa keur nundutan mawa dua budak. Nu leutik tibra ba lahanan bapana. Nu rada gedé kawasna mah lanceukna, culak-cileuk teu saré. Sababaraha kali teuteupna paamprok jeung teuteup kuring. Hérang. Kawas nu hayang wakca.

“Abdi mios sarang pun bapa. Pun adi ogé ngiring. Wangsul ti Probolinggo. Éh, ti pasuruan. Éh, ti Siduarjo. Éh, ti Surabaya.”

Wakcana ku basa Jawa. Nyambung kana lelembutan. Anjogna ku basa surti dina ati kuring.

“Na teu sareng mamah. Kamana aru mamah? Geuning angkat téh sareng bapa?” Boa keur indit kawas ayeuna.

Enya deuih, wanci kieu barudak rék marandi. Kacipta bapana keur ngabagicaí dua émbéreun. Marandina sok hayang ku cihaneut. Meureun ngeurjakeun PR matématika, kacipta héséun. Da biasana dibantuan ku kuring. Kota Jember geus kaliwat. Tapak ramo, tapak nu ngurut dampal, tapak nu ngurut bitis. Bet karasa kénéh lemesna. Tingsarindang dina ati.

Tepi ka Banyuwangi beurang kénéh. Istirahat téh di pakarangan kiduleun statsion. Ngaliud téh jeung nu sabeus. Rombongan dibagi dua beuseun. Tukang urut nu misal duka di mana. Kawasna mah manéhna kumpul jeung Komite papada baturna. Haté kawas nu panasaran maké jeung nitah panon kudu néangan. Atuh sirah anu katempuhan, luak-lieuk nutur-nutur panon ka mana gilerna baé.

Ti banyuwangi mah kana beus. Sina meuntas kana kapal pameuntasan kapal Péri. Beus galedé téh dileglegan diteureuy hiji-hiji. Tingsulusup kana elak-elakan kapal. Sulusup, sulusup.

Geus di jero, panumpangna mah kalaluar néangan tempat nu tumaminah séwang-séwangan. Diuk téh teu ngumpul deui cara dina beus. Mencar baé. Apan kapal téh kacida gedéna. Jeung diloténgkeun sagala.

Angin laut di Selat Bali ngagelebug. Ombak asa karasa gedéna. Kapal diteumbrag ombak. Ombak di puncak kapal. Puguh baé asa inggeung jeung abrug-abrugan, jalan darat nu disorang ti Bandung mula téh sakitu panjangna. Sapanjang Pulo Jawa. Ditéma ku jalan laut. Tadi gé geus sakitu capéna. Ayena ditambah ku jalan laut atuh kacida lieurna. Beuteung gé karasa murel.

Angin laut ngagelebug. Ombak laut ngaguruh. Umpal-umpalan. Lampu nu raang yi Banyuwangi tingcarélak ngaleutikan. Aya nu kakalicesan. Aya nu nungtutan leungit. Beuti jauh aya nu kawas béntang di sorondoy langit.

Sirah karasa lieur. Asa rék ongkék saboroloeun.

Kerewek kana punduk aya nu nyekel. Tuluy punduk téh dirancét-rancét. Duka ti mana éta jolna nu boga ramo téh asa apal kana geleser ramona. Asa apal kana cara ngusapna. Asa sarua jiga tadi jiga nu ngurut suku. Teu dilieuk gé geus apal ari geus gék diuk gigireun mah kuring teu ieuh lemék, jeung teu niat rék ngejatkeun punduk tina gulusur jeung ranggeuman ramona. Saha nu teu ni'mat, keur lieur aya nu mencétan. Gep ramo téh kana puhu punduk. Haneut. Maké obat gosok nu geus wawuh ambeuna. Wawuh haneutna. Indung leungeunna tukangeun ceuli nu kénca, curuk ngarangkep jeung jajangkung tukangeun ceuli nu katuhu. Digulusurkeun ka handap. Dipuyarkeun kana taktak kénca-katuhu. Siligenti. Sakapeung tingsariak. Ngabirigidig. Sakapeung dampal leungeun téh eureun cicing. Sakapeung uereun dina taktak beulah katuhu. Taktak téh tingtrim baé, henteu deuk ngejatkeun ramo tina puhu leungeun. Kuring gé spontan baé, dampal leungeun kénca nyekel numpang kana tonggong dampal leungeunna. Otomatis, sirah gé nagléhéék ka beulah kénca. Lup-lep lelenyapan. Belecet ingetan jeung ciciptaan téh ka puluhan taun ka tukang ka peupeuntasan Selat Sunda, kana Péri, waktu meuntas ti Lampung, kasampeur deui jiga ayeuna. Sarua teu ngarasula. Éndah baé haté téh. Tingkalacat mancal ombak. Kagumbira karembangan, kaéndahan mangkak disusuhun ombak. Nu patingbelecet silih udag dina basisir ati. Sarua deuih nu kateuteup téh lampu palabuhan, jyggugan di sérang nu

tingkaretip beuki atra caangna. Ari ayeuna lampu nu tingkaretip beuki leutik. Tinggaleun di palabuhan Banyuwangi. Beuki leungit kasilep ku béntang langit. Najan jauh tetep dina matuhna. Narapel éndah dina kawayana langit. Sakapeung jiga jiga cahaya lampu nu malencar tina bilik carang. Bilik langit.

Kaéndahan haté nu carentik na pucuk-pucuk ombak di Selat Sunda marangkak dina teuteupan disusurung ombak babalapan tepi kana kikisik. Mancawura maseuhan biwir basisir. Reumisna tembres na ati. Na ati, na pakarangan ati kuring duaan. Sabada kaselang ku anggang nu laas, nu jiga kitu téh bareng nguniang deui. marelentis deui, renung deui régong-régong ku pikembangeun. Pucuk, jadi lain pisirungeun. Da lamun pisirungeun mah itnangtu bakal jadi piréngangeun. Moal boa lila-lila ngagedéan jadi dahan nu meuhpeuy leubeut ku buah, ngémploh ku daun. Ku kaasih. Mun pisirungeun nu kitu geuwat diraradan bisi kaburu ngarandakah. Kumaha? Palangsiang pipanyakiteun kana diri kuring sorangan.

Ari pikembangeun téa, kakara renung melentis ogé geus katé bong éndahna. Barodas kawas rupa béas dina catang. Komo mun marangkak bareukah. Komo mun sungutna ngadalingding kawas malati kebek kaangseu. Apan geus beukah mah layu. Murag. Boa ka mana urutna. Moal boa loba haté nu kaolo ku ogona asih. Kawas ku kembang nu seungit ngadalingding sabéngbatan.

Kitu kaéndahan nu karandapan ku kuring. Najan sakolépat dina galindengna laut, dina séahna ombak nu motah gugunturan. Halimpu. Alon sorana. Lirih anginna. Seungit angseuna. Dina laut waruga lelembutan keun rarasaan sina kaanjangan bulan tumanggal. Sakolébatan.

Kaéndahan anu buleud disusundul, disusuhun sirah ombak gogolosoran, mungguh teu daék cicing. Gepré peupeus mancawura neumbrag karang. Sirah léah haté. Nyindekel kana taktak nu keur na tangga. Kitu deui taktak nu disindekelan sirahna téh kawas nu atoheun. Bubuhan deui nu nyindekelkeun téh apan sirah nu keur meumeujeuhna ogo. Sedng-sedengna umogo. Nu boga sirahna mah kapulesan ditapuk ku rametuk nu tingburicak. Ku rupa warna.

Angin laut ngagelebug. Kapal ngadius. Ombak nu motah. Haté nu tingtrim. Leungeun nu nyampai di pupundayan. Ka Gilimanuk cunduk. ***